

**SARASILAH KANJENG RATU PAMBAYUN SAHA KAPRIBADEN PARA
PANGARSA WONTEN ING SERAT *NITIK KANGJENG RATU PAMBAYUN***



Dening:

Agatia Mega Rianda

18714251003

***Tesis Dipunkajengaken minangka Jejangkeping Sarat Anggayuh Gelar Magister
Pendidikan***

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

SARINING PANALITEN

AGATIA MEGA RIANDA: Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun saha Kapribaden Para Pangarsa wonten ing Serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* saha ngandharaken kapribadenipun para pangarsa Jawi ingkang kawrat wonten ing naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*.

Jinisipun panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten inggih menika gatra ingkang nggambaraken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun. Kejawi saking menika ugi badhe kababar kapribaden pangarsa Jawi wonten ing serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Sumber *datanipun* inggih menika naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Cara ngempalaken *data* inggih menika kanthi cara panaliten *filologi*, sujarah saha cara *heuristik* lan *hermeneutik sastra*. Caranipun *analisis data* kanthi cara *analisis deskriptif*. Cara ngesahaken *data* ing panaliten menika dipunlampahi inggih kanthi *validitas semantik* saha *triangulasi teori* wondene *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *interrater*.

Asiling panaliten inggih menika sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ingkang pranyata taksih tedhak turunipun saking trah Madura saha trah Banyumas sarta kapribaden pangarsa Jawi adhedhasar serat *Wulang Reh* ing salebeting serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ingkang kapanggihaken wonten ing serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* inggih menika Kanjeng Ratu Pambayun pranyata taksih tedhak turunipun saking trah Madura saha trah Banyumas. Kanjeng Ratu Pambayun inggih menika putri saking Pakubuwana 7 saha GKR Pakubuwana. Kapribaden para pangarsa adhedhasar serat *Wulang Reh* ingkang kapanggihaken wonten ing serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* kasebut inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah.

Pamijining Tembung: *sarasilah, kapribaden, pangarsa Jawi, Kanjeng Ratu Pambayun*

ABSTRAK

AGATIA MEGA RIANDA: Silsilah Kanjeng Ratu Pambayun dan Kepribadian para Pemimpin dalam Serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Tujuan dari penelitian ini adalah untuk memberikan penjelasan tentang silsilah Kanjeng Ratu Pambayun didalam naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* dan menjelaskan tentang kepribadian pemimpin Jawa yang terdapat dalam naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*.

Jenis penelitian yang dilakukan oleh peneliti adalah penelitian deskriptif. Data dalam penelitian tersebut adalah baris kalimat yang menggambarkan silsilah Kanjeng Ratu Pambayun dalam naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Selain itu juga menggambarkan kepribadian pemimpin Jawa dalam naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Sumber data penelitian ini adalah naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Cara mengumpulkan data pada penelitian ini adalah dengan cara penelitian filologi, sejarah serta cara heuristik dan hermeneutik sastra. Metode analisis data yang digunakan pada penelitian ini adalah metode analisis deskriptif. Metode mengesahkan data pada penelitian ini adalah dengan menggunakan validitas semantik dan triangulasi teori sedangkan reliabilitas yang digunakan adalah reliabilitas intrarater dan interrater.

Hasil dari penelitian ini adalah bagan silsilah Kanjeng Ratu Pambayun dari keluarga Madura dan keluarga Banyumas serta kepribadian para pemimpin Jawa berdasarkan serat *Wulang Reh* yang ada didalam serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Silsilah Kanjeng Ratu Pambayun yang ditemukan dalam serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* adalah Kanjeng Ratu Pambayun berasal dari keluarga Madura dan keluarga Banyumas. Kanjeng Ratu Pambayun adalah putri dari Pakubuwana 7 dan GKR Pakubuwana. Kepribadian para pemimpin Jawa berdasarkan serat *Wulang Reh* yang terdapat dalam serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* adalah bijaksana, sabar, pintar dalam segala hal, tanggung jawab, memiliki belas kasih, adil, toleransi, dan amanah.

Kata kunci: silsilah, kepribadian, pemimpin Jawa, Kanjeng Ratu Pambayun

ABSTRACT

AGATIA MEGA RIANDA: The Genealogy of Kanjeng Ratu Pambayun and the Personality of Javanese Leaders in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*. Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University

The aims of this study is to explain the genealogy of Kanjeng Ratu Pambayun in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*, and explain the personality of the Javanese leaders in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*.

This is a descriptive research. The data of this research is sentences that describe the genealogy of Kanjeng Ratu Pambayun in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*. Furthermore, this research also describes the personality of Javanese leaders in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*. The data source of this research is the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*. The data collection method was by philology research method, historical research method and heuristic and hermeneutic analysis. The analysis method was by descriptive analysis. The data validation method was by validity and reliability. The validity was by semantic validity and triangulation theory, while the reliability was by intrarater and interrater reliability.

The research on the Genealogy of Kanjeng Ratu Pambayun and the Personality of Javanese Leaders in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun* resulted in a chart of family tree of Kanjeng Ratu Pambayun and the personality of the Javanese leaders based on *Serat Wulang Reh* that found in the Manuscript of *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun*. The genealogy of Kanjeng Ratu Pambayun that found in *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun* is that Kanjeng Ratu Pambayun's lineage is from Madura family and banyumas family. Kanjeng Ratu Pambayun is the daughter of Pakubuwana 7 and GKR Pakubuwana. The personalities of Javanese leaders based on the *Serat Wulang Reh* found in the *Serat Nitik Kanjeng Ratu Pambayun* are wise, patient, smart in all things, responsibility, affectionate, fair, tolerant, and trustworthy.

Keywords : *Genealogy, Personality, Javanese Leader, Kanjeng Ratu Pambayun*

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : Agatia Mega Rianda
NIM : 18714251003
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *tesis* menika saestu garapan kula piyambak saha dereng nate dipunajengaken kangge nggayuh *gelar magister* ing salah satunggalipun *perguruan tinggi*. *Tesis* menika boten ngewrat seratanipun tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *tesis*. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, September 2020

Panyerat



Agatia Mega Rianda

PASARUJUKAN
SARASILAH KANJENG RATU PAMBAYUN SAHA KAPRIBADEN PARA
PANGARSA WONTEN ING SERAT NITIK KANGJENG RATU PAMBAYUN

AGATIA MEGA RIANDA


NIM 18714251003

Tesis menika Dipunkajengaken minangka Srana Kangge Nggayuh *Gelar Magister Pendidikan*

Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa

Dipunsarujuki kangge dipunajengaken *ujian tesis*

Dosen Pembimbing



Prof. Dr. Dra. Endang Nurhayati, M.Hum.

NIP 19571231 198303 2 004

Mengetahui,

Program Pascasarjana

Universitas Negeri Yogyakarta

Direktur,

Ketua Program Studi

Prof. Dr. Suyanta, M.Si
NIP 19660508 199203 1 002

Dr. Mulyana, M. Hum
NIP 19661003 199203 1 002

PENGESAHAN
SARASILAH KANJENG RATU PAMBAYUN SAHA KAPRIBADEN PARA PANGARSA
WONTEN ING SERAT *NITIK KANGJENG RATU PAMBAYUN*



Agatia Mega Rianda

18714251003

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis

Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta

Tanggal 13 Oktober 2020

TIM PENGUJI		TANDA TANGAN	TANGGAL
1.	Prof. Dr. Suwarna, M.Pd. (Ketua/Penguji)	1. 	20 Oktober 2020
2.	Dr. Mulyana, M.Hum. (Sekretaris/Penguji)	2. 	20 Oktober 2020
3.	Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. (Pembimbing/Penguji)	3. 	20 Oktober 2020
4.	Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum. (Penguji Utama)	4. 	20 Oktober 2020

Yogyakarta, 20 Oktober 2020

Program Pascasarjana

Dekan,



Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

SESANTI

Kabeh pepesthi asale saka Gusti, mula ora perlu digawa meri

(M. Makincoiri)

Tumindak kudu ngati-ati, aja nganti luput anggone jumangkah

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthi ngaturaken syukur Alhamdulillahirabbil'alamin konjuk dhumateng Allah SWT,
kula aturaken *tesis* menika dhumateng Bapak Poniran saha Ibu Siti Rumini, S. Pd. SD
minangka tiyang sepuh panyerat, awit saking donga pangestu saha panyengkuyungipun.

PRAWACANA

Puji syukur dipunaturaken dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring rahmat, barokah saha hidayahipun dhumateng panyerat, satemah panyerat saged mujudaken *tesis* kanthi irah-irahan “Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun saha Kapribaden Para Pangarsa wonten ing *Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*” kanthi gangsar saha boten wonten alangan satunggal punapa.

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun amargi panyerating *tesis* menika saged paripurna kanthi boten uwal saking panyengkuyung, *bimbingan* saha piwulang saking Ibu Prof. Dr. Dra. Endang Nurhayati, M. Hum minangka *dosen pembimbing*. Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge ngupadi kawruh wonten ing Prodi Pendidikan Bahasa Jawa,
2. Bapak Prof. Dr. Suyanta, M.Si minangka Direktur Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *tesis* menika, saha sampun paring dana beasiswa kangge *program magister* kula,
3. Bapak Dr. Mulyana, M. Hum minangka pangarsa Prodi Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring palilah kangge panyerat nindakaken panaliten menika,
4. Bapak Prof. Dr. Suwarna minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha panjurung nalika ngupadi kawruh wonten ing Prodi Pendidikan Bahasa Jawa,
5. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring panyengkuyung satemah *tesis* menika saged paripurna.
6. Bapak saha Ibu *Dosen* Prodi Pendidikan Bahasa Jawa awit sedaya ngelmu saha piwulang ingkang mupangat kangge panyerat,
7. Bapak Poniran saha Ibu Siti Rumini, S. Pd. SD tiyang sepuh panyerat, sembah pangabekti konjuk dhumateng kekalihipun awit saking donga pangestu, saha panyengkuyungipun satemah panyerat saged mujudaken *tesis* menika,
8. Gita Novita Sari adhik panyerat ingkang sampun paring panyengkuyung satemah *tesis* menika saged paripurna.
9. Kanca-kanca Pascasarjana Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY angkatan 2018 saha kanca-kanca S1 Prodi Pendidikan Bahasa Daerah UNY angkatan 2013 ingkang

tansah paring panjurung saha pambiyantunipun satemah *tesis* menika saged kawujudaken,

10. Ibu Sri Suharti, S.Pd, Bapak Ibu guru saha kanca-kanca ing SMP Negeri 3 Ngaglik ingkang sampun paring pandonga saha panyengkuyung dhateng panyerat satemah *tesis* menika saged kawujud,
11. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken, ingkang sampun paring pambiyantu, pandonga, saha panjurung dhateng panyerat satemah *tesis* menika saged kawujud.

Panyerat rumaos bilih *tesis* menika taksih tebih saking sampurna, pramila sedaya panyaruwe saha pamrayogi ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep saha sampurnaning *tesis* menika tansah katampi kanthi lila legawaning manah saha dipunaturaken agunging panuwun kangge sedayanipun. Mugi-mugi *tesis* menika saged migunani tumrap pamaos. Mekaten atur sapala saking panyerat, mugi-mugi *tesis* menika saged migunani dhateng sedaya.

Yogyakarta, September 2020

Panyerat



Agatia Mega Rianda

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	i
SARINING PANALITEN	ii
ABSTRAK	iii
ABSTRACT	iv
WEDHARAN	v
PASARUJUKAN	vi
PENGESAHAN	vii
SESANTI	viii
PISUNGSUNG	ix
PRAWACANA	x
WOSING ISI	xii
PRATELAN TABEL	xiv
PRATELAN GAMBAR	xv
PRATELAN LAMPIRAN	xvi
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	5
C. Watesaning Perkawis	6
D. Wosing Perkawis	6
E. Ancasing Panaliten	6
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan Tetembungan Ing Irah- Irahan	7
BAB II GEGARAN TEORI	8
A. <i>Historiografi</i>	8
1. Pangertosan <i>Historiografi</i>	8
2. Maneka Warni <i>Historiografi</i>	10
3. Lampahing Panaliten Sujarah	12
B. Sarasilah	13
C. Psikologi Kapribaden	14
1. Aspek Kapribaden	15
2. Aspek Kapribaden Pangarsa Jawi	17

D. Nalaring Pikir	20
E. Panaliten Ingkang Jumbuh	22
BAB III METODE PANALITEN	25
A. Jinis Panaliten	25
B. <i>Data Saha Sumber Data</i>	25
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	26
D. Piranti Ngempalaken <i>Data</i>	28
E. Cara Analisis <i>Data</i>	30
F. Cara Ngesahaken <i>Data</i>	31
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGANIPUN	32
A. Asiling Panaliten	32
1. Asil Panaliten Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun	32
2. Asil Panaliten Kapribaden Para Pangarsa ing Serat <i>NKRP</i>	34
B. Pirembagan	
1. Pirembagan Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun	38
2. Pirembagan Bab Kapribaden Para Pangarsa ing Serat <i>NKRP</i>	48
BAB V PANUTUP	63
A. Dudutan	63
1. Dudutan Bab Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun	63
2. Dudutan Bab Kapribadenipun Para Pangarsa Jawi ing Naskah Serat <i>NKRP</i>	64
B. Pamrayogi	64
C. <i>Implikasi</i>	65
KAPUSTAKAN	66
LAMPIRAN	69

PRATELAN TABEL

Kaca

<i>Tabel 1: Tuladhanipun Data</i>	4
<i>Tabel 2: Aspek Kapribaden</i>	17
<i>Tabel 3: Aspek Kapribaden Jawi</i>	20
<i>Tabel 4: Deskripsi Naskah serat Nitik Bayunan</i>	22
<i>Tabel 5: Deskripsi Naskah serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun</i>	23
<i>Tabel 6: Tuladha Kartu Data</i>	29
<i>Tabel 7: Tuladha Analisis Data</i>	29
<i>Tabel 8: Asiling Panaliten</i>	36

PRATELAN GAMBAR

Kaca

<i>Gambar 1: Bagan Nalaring Pikir</i>	21
<i>Gambar 2: Bagan Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun.....</i>	33

PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

<i>Lampiran 1: Pratelehan Tabel</i>	69
<i>Lampiran 2: Pratelehan Gambar</i>	75
<i>Lampiran 3: Tabel Asil Analisis Data</i>	77
<i>Lampiran 4: Naskah Serat Nitik Ratu Pambayun</i>	95

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Karya sastra minangka seratan *dokumen* sujarah ingkang wigati, saengga kedah dipunlestantunaken minangka sarana kangge njagi karya sastra menika supados saged tansah dipunginakaken minangka *dokumen* sujarah. Shoheh (2015: 150) ngandharaken bilih naskah ingkang dipunserat asta ugi saged dipundadosaken minangka salah satunggaling sumber sujarah. Kejawi saking menika, naskah (*manuscripts*) inggih menika minangka samubarang ingkang *kongkret* saha minangka *objek* panaliten ing mapinten-pinten *bidang* ngelmi kados *filologi*, sujarah, *arkeologi*, *kodikologi*, saha *paleografi*. Awit saking menika, karya sastra ingkang arupi naskah kedah dipunjagi saha dipunlestantunaken supados saged kangge ngangsu kawruh para pamaos ngengingi bab sujarah ingkang wonten ing salebeting naskah menika. Kanthi wontenipun karya sastra ingkang lestantun, saged maringi mupangat ingkang ageng mliginipun kangge para pamaos. Amargi saged dipunginakaken minangka *objek kajian* panaliten, saha saged nambahi kawruh.

Indonesia gadhah sujarah ingkang mawarni-warni, salah satunggalipun inggih menika nggambaraken gesangipun masarakat ing wekdal kapengker. Kanthi sujarah, masarakat langkung mangertosi kadadosan ingkang kalampah wonten ing jaman kapengker. Kados ingkang dipunandharaken kaliyan Badrika (2006: 15) bilih sujarah minangka satunggaling kawruh, nyerat mapinten-pinten perkawis utawi kadadosan ingkang sampun kalampah ing jaman kepengker wonten ing salebeting pagesanganipun manungsa. Nurhayati, dkk (2018: 8) ngandharaken bilih mapinten-pinten nilai ingkang wonten ing jaman samenika sejatosipun inggih menika gayut kaliyan nilai ingkang sampun wonten ing jaman kepengker. Pramila, ngrembakaning bangsa saha masarakat ing jaman samenika saged dipunmangertosi saha dipunrembakakaken kanthi nggatosaken dhasar sujarahipun. Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih seratan sujarah wigati sanget ing pagesanganipun manungsa. Dumugi ing jaman samenika taksih wonten seratan sujarah ingkang taksih sumimpen saha saged dados ngelmi ing samubarang perkawis. Seratan sujarah menika wonten ingkang wosipun bab pendhidhikan, bab kepemimpinan, bab *politik*, bab *moral*, bab sujarah raja Jawi, bab kasarasan lan sanes-sanesipun.

Saking sujarah, Indonesia gadhah kathah warisan-warisan. Salah satunggalipun inggih menika naskah-naskah mawi aksara Jawa lan pegon. Baroroh-Baried (1985: 4)

ngandharaken bilih naskah-naskah ing nuswantara ngandhut mapinten-pinten ngelmi. Ngelmi kasebut gayut kaliyan pagesangan inggih menika perkawis *sosial, politik, ekonomi*, agami, kabudayan, basa saha sastra. Temtu kemawon ngelmi ingkang wonten ing salebeting naskah saged dados patuladhan ing wekdal samenika.

Naskah-naskah ingkang wonten ing nuswantara kathah ingkang ngginakaken basa Jawi. Nurhayati (2020: 652) nyebataken “*the Javanese language has developed over time, from the old Javanese, middle Javanese, and the recent modern The Javanese language.*” Andharan kasebut ngawrat teges inggih menika basa Jawi sampun ngrembaka ing jamanipun inggih menika saking basa Kuna, basa Jawi Tengah, saha basa Jawi enggal utawi *modern*.

Naskah-naskah minangka warisan kabudayan menika kathah ingkang sumimpen ing museum, perpustakaan daerah, perpustakaan nasional, saha perpustakaan internasional. Naskah-naskah menika ugi kathah ingkang sumimpen dening satunggaling tiyang minangka kagungan pribadi. Naskah-naskah menika kedah sanget dipunrumat kanthi mligi. Ancasipun inggih menika supados naskah-naskah menika langkung awet saha boten risak satemah crita sujarah ing jaman kapengker saged katepangaken dhumateng para mudha, mliginipun ingkang badhe nyinaoni utawi nglampahi panaliten bab sujarah.

Fitriani, Reli, dkk (2018: 182) ngandharaken bilih kasunyatanipun boten kathah masarakat ingkang mangertos bilih naskah-naskah menika ngandhut unsur sujarah, amargi para masarakat kathah ingkang boten saged maos aksaranipun saha boten saged mangertosi basa ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting naskah. Kanthi kajian *filologi* ingkang sampun dipunlampahi kaliyan mapinten-pinten mahasiswa, temtu kemawon ndayani gampil anggenipun para pamaos mangertosi wosing naskah kasebut, mliginipun ingkang gayut kaliyan sujarah.

Sujarah ingkang kaserat wonten ing salebeting naskah mawi aksara Jawa salah satunggalingipun inggih menika serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* (ingkang salajengipun kacekak *NKRP*). Wonten ing salebeting serat menika kacariyosaken sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun, putri Pakubuwana 7 saking GKR Pakubuwana saking sarasilah Rama saha Ibu kekalihipun dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan saking Majapahit. Serat *NKRP* inggih menika salah satunggaling *koleksi* saking *Perpustakaan Sonobudoyo* Yogyakarta kanthi kode PB C.71. Serat *NKRP* menika gadhah kaca cacahipun 27 kaca saha dipunsalin rikala 22 Maret 1935. Wonten ing *katalog* kapanggihaken *sinopsis* ingkang dipunserat dening M. Sinoe Moendisoera,

ingkang kagungan naskah inggih menika “Poerwodiprodjo, Panewoe Kraton Sala”. Serat kasebut dipunserat kanthi carik utawi kaserat asta ngginakaken aksara Jawa saha ngginakaken basa Jawi enggal. Satemah prelu dipun*transliterasi* wonten ing aksara latin kangge nggampilaken para pamaos mangertosi wosipun serat *NKRP* menika.

Naskah serat *NKRP* wosipun gadhah sipat *istana sentris* utawi kraton *sentris* ingkang ngandharaken gesangipun kulawarga kraton. Miturut Hadiatmaja (2009: 81), punjering *kepemimpinan* masarakat Jawi inggih menika pamarentahan ingkang gadhah sipat *istana sentris*. Masarakat Jawi ndadosaken pagesangan kraton minangka cecepegan pagesangan ing padintenan.

Salajengipun asipat *religio magis*, tegesipun inggih menika Ratu kagambaraken minangka manungsa ingkang gadhah daya linangkung mungguh ing batin. Salajengipun asipat *regio-sentrisme* ingkang tegesipun inggih menika seratan menika minangka cariyos sujarah ingkang punjeripun wonten ing kalenggahaning ratu. Salajengipun asipat *etnosentris* ingkang tegesipun karya sujarah menika kaserat kanthi mligi dhumateng bangsa saha budaya ingkang wonten ing wewengkon kraton. Salajengipun asipat *psiko-politis sentrisme*, tegesipun inggih menika karya dipunserat dening para pujangga rumaket sanget kaliyan kahanan *psikologis* ratu. Saking andharan menika saged dipunwastani bilih naskah serat *NKRP* inggih menika karya sujarah ingkang kalebet *historiografi* tradhisional. Kados ingkang dipunandharaken kaliyan Syukur, dkk (2013: 72) bilih *historiografi* tradhisional inggih menika *karya-karya* sujarah ingkang dipunserat dening sastrawan utawi pujangga kraton saking wewengkon kraton. Wondene seratan menika gadhah titikan sipatipun inggih menika *istana sentris*, *religio magis*, *regio-sentrisme*, *etnosentris*, *psiko-politis sentrisme*.

Naskah kanthi irah-irahan serat *NKRP* menika saged narik kawigatosan lan kapilih dados *objek* panaliten, wondene dhasaripun kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Naskah menika ngewrat bab ingkang wigatos, inggih menika bab sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha bab piwulang gayut kaliyan kapribaden para pangarsa.
2. Naskah Serat *NKRP* dereng wonten ingkang naliti.
3. Naskah Serat *NKRP* menika taksih sae saha taksih saged dipunwaos kanthi sae.

Sarasilah wonten ing serat *NKRP* wigati kangge dipuntliti amargi wonten ing salebeting naskah menika wonten sarasilah ingkang saged dados rujukan kangge panaliten sujarah, mliginipun *historiografi* tradhisional. Rujukan ingkang dipunkajengaken inggih menika tuwuhipun satunggaling karya awujud seratan ingkang

ngandharaken cariyos jaman kapengker ingkang ngewrat satunggaling andharan, inggih menika bab sarasilahipun Kangjeng Ratu Pambayun. Gayut kaliyan ancasing panaliten, wigatining panaliten inggih menika ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun, saha ngandharaken kapribaden para pangarsa ingkang saged dados patuladhan kagem para pangarsa ing jaman samenika.

Sudardi (2007: 6) ngandharaken bilih naskah-naskah klasik ngewrat *konsep* pangarsa ingkang sae kados seratan *hambeg adil paramarta, berbudi bawalekasana, bau denda nyakrawati*. Seratan kasebut tegesipun inggih menika pangarsa ingkang adil, sae bebudenipun, welas asih, nurut paugeran, saha saged ngrampungaken perkawis”. Kados wonten ing panaliten menika ugi ngandharaken bab kapribaden pangarsa Jawi adhedhasar serat *Wulang Reh*. Nurhayati (2019: 295) ngandharaken “*all these kings have different leadership characteristics but on the basis of protecting society. Unlike the leadership character mentioned, Sunan Paku Buwana IV illustrates the leadership pattern through Serat Wulang Reh.*” Andharan kasebut tegesipun inggih menika sedaya ratu kagungan kapribaden kapamimpinan ingkang mawarni adhedhasar njagi masarakatipun. Kejawi saking menika, Sunan Paku Buwana IV nggambaraken pola kapamimpinan ing *Serat Wulang Reh*.

Wonten ing panaliten menika ngandharaken bab kapribaden pangarsa Jawi adhedhasar serat *Wulang Reh* pupuh Mijil pada 1 dumugi pada 3 saha pupuh Asmaradana pada 11 dumugi pada 14. Saking serat *Wulang reh* menika kapanggihaken kapribaden pangarsa Jawi ingkang sae inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah. Tuladhanipun salah satunggaling *data* ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP inggih menika wonten ing pada 61 gatra 5 kados ing ngandhap menika.

Tabel 1

Tuladhanipun kartu data ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP

Nomor <i>data</i>	p.61/SNKRP/g.5
Pada/gatra	61/5
<i>Data</i>	trussing budya marTasih
Teges	<i>Memiliki jiwa yang sabar dan pengasih</i>
Tokoh	Pekik/ Yudanegara 3/ Danureja 1
Kapribaden	sabar, asih

Wonten ing salebeting tabel ing inggil, saged dipunmangertosi bilih ing pethikan nomor p.61/SNKRPP/g.5 ing pada 61 gatra 5 ngandharaken bilih pangarsa ingkang asmanipun Pekik/ Yudanegara 3/ Danureja 1 kagungan kapribaden sabar, saha asih.

Pethikan menika jumbuh kaliyan sipating pangarsa Jawi ing serat *Wulang Reh* pupuh Mijil. Darusuprpta (1982: 42) ngandharaken ing salebeting pupuh Mijil pada 1 dumugi pada 3, wosipun inggih menika samia dipunemut jejering satriya punika kedah anteng jatmika ing budi, ruruh, wasis ing sabarang damel, sarta prawira lan weweka ing batin.

Saking pethikan serat *NKRPP* pada 61 nuduhaken bilih Pekik/ Yudanegara 3/ Danureja 1 kagungan kapribaden sabar. Katitik saking gatra 5 ingkang seratanipun *trussing budya marTasih*. Menawi gatra menika *trussing budya marTasih* dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpangguhaken bilih tembung *trussing* menika kadadosan saking tembung lingga *terus* pikantuk panambang –ing ingkang tegesipun inggih menika terus utawi salajengipun. Wondene tembung *budya* tegesipun inggih menika budi. Salajengipun tembung *marta* ingkang tegesipun inggih menika lembah manah, sabar, utawi sareh. Salajengipun tembung *sih* tegesipun inggih menika tresna.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *trussing budya marTasih* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapangguhaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* inggih menika budinipun satunggaling tiyang ingkang lembah manah saha kagungan sih utawi tresna. Tiyang ingkang dipunandharaken wonten ing gatra 5 ing pada 61 serat *NKRPP* inggih menika Pekik/ Yudanegara 3 ingkang samangke jumeneng minangka Patih Danureja 1 kagungan kapribaden lembah manah utawi sabar saha asih.

Salebeting naskah menika nyariyosaken sarasilahipun Kangjeng Ratu Pambayun saking keturunan pangarsa ing jaman kapengker. Serat menika badhe kaserat kanthi cara panaliten sujarah. Kejawi saking menika ugi ngandharaken bab pangarsa rikala semanten, ugi gadhah kapribaden ingkang saged dados patuladhan ing wekdal samenika. Kangge mangertosi kapribaden para pangarsa ing salebetipun serat *NKRPP*, pramila panaliten menika ngginakaken cara panaliten kanthi *heuristik* lan *hermeneutik*.

B. Underaning Perkawis

Wonten ing panaliten menika mbetahaken underaning perkawis kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi *transliterasi*, *suntingan* saha *terjemahan* saking naskah serat *NKRP*?
2. Kados pundi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing naskah serat *NKRP*?
3. Kados pundi kapribadenipun para pangarsa ingkang kawrat ing naskah serat *NKRP*?
4. Kados pundi wujud konflik batos wonten ing serat *NKRP*?
5. Kados pundi cara anggenipun ngrampungaken konflik batos wonten ing serat *NKRP*?

C. Watesaning Perkawis

Underaning perkawis wonten ing panaliten menika badhe dipunwatesi kanthi watesan perkawis kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing naskah serat *NKRP*.
2. Kados pundi kapribadenipun para pangarsa ingkang kawrat wonten ing naskah serat *NKRP*.

D. Wosing Perkawis

Wonten ing panaliten menika perkawis dipunwatesi inggih menika kados ing ngandhap menika.

1. Mangertosi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing naskah serat *NKRP*.
2. Mangertosi kapribadenipun para pangarsa ingkang kawrat wonten ing naskah serat *NKRP*.

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kados ingkang kababar wonten ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing naskah serat *NKRP*.
2. Ngandharaken kapribadenipun para pangarsa ingkang kawrat wonten ing naskah serat *NKRP*.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten ingkang dipunlampahi menika kaangkah nuwuhaken paedah kados ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika gadhah paedah saged nambah kawruh, ngelmi, saha dados sumber sujarah gayut kaliyan sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa Jawi wonten ing serat *NKRP*.
2. Panaliten menika ugi saged paring pambiyantu kangge para pamaos kangge langkung mangertosi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun.
3. *Data-data* asiling panaliten menika kaangkah saged caos piguna dhateng pamaos ingkang badhe nliti Serat *NKRP* kanthi ngginakaken cara saha ngelmi sanesipun.
4. Panaliten menika kaangkah saged nglestantunaken serat *NKRP*.

G. Pangertosan Tetembungan ing Irah-Irahan

1. Sarasilah

Nurhayati, dkk (2018 :16) ngandharaken bilih sarasilah inggih menika naskah kanthi cara *eksplisit* nyerat babagan sarasilah para ratu ing Jawi. Dene miturut Poerwadarminta (1939: 546) sarasilah tegesipun inggih menika salasilah. Poerwadarminta (1939: 540) ngandharaken bilih salasilah tegesipun inggih menika asal oesoeling toeruen.

2. Kapribaden

Sugihartono (2013: 46) mratelakaken bilih kapribaden menika nedahaken wontenipun ajeging tumindak, bilih tiyang menawi badhe tumindak utawi menggali ngginakaken cara tartamtu wonten ing kahanan tartamtu.

3. Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun

Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun inggih menika salah satunggaling koleksi saking *Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta* kanthi kode PB C.71. Serat kasebut gadhah 27 kaca ingkang kababar mawi tembang macapat sinom kanthi 63 pada ingkang kaserat asta utawi carik saha ngginakaken aksara Jawa sarta basa Jawi.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. *Kajian Filologi*

1. *Pangertosan Filologi*

Baroroh-Baried (1985:1) ngandharaken bilih *filologi* kedadosan saking kalih tembung saking basa Yunani, inggih menika *philos* ingkang tegesipun ‘tresna’ saha *logos* ingkang tegesipun ‘tembung’. Kanthi mekaten tembung *filologi* gadhah teges ‘tresna tembung’ utawi ‘remen pangandikan’. *Filologi* inggih menika salah satunggaling ngelmu sastra ingkang gadhah teges wiyar ingkang ngewrat bab basa, sastra lan budaya.

Rokhmansyah (2017: 2) ngandharaken bilih pangertosan *filologi* sampun ngrembaka saking “tresna tetembungan” dados “tresna ngelmu”. *Filologi* boten namung fokus dhateng kritik *teks*, sarta komentar saha andharanipun, ananging ugi fokus wonten ing proses anggenipun madosi kabudayan satunggaling bangsa adhedhasar naskah. Saking panaliten *filologi*, saged dipunmangertosi dhasaring kabudayan bangsa ingkang ngasilaken karya sastra kasebut, kadosta kapitadosan, adat istiadat, saha dhasaring gesang para masarakatipun.

Adhedhasar andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih *filologi* inggih menika ngelmu ingkang ngewrat bab basa, sastra lan budaya. *Filologi* fokusipun wonten ing *teks* saha naskah minangka *objek*ipun. Saking naskah menika saged mangertosi saha manggihaken kabudayan ing satunggaling bangsa.

2. *Objek Kajian Filologi*

Baroroh-Baried (1985: 3-4) ngandharaken bilih *objek* saking ngelmi *filologi* inggih menika *naskah* saha *teks*.

a. *Naskah*

Rokhmansyah (2017: 52) ngandharaken bilih naskah inggih menika wujud saking *teks*. Naskah menika awujud dokumen, wondene *teks* inggih menika seratan utawi kandutan wos ingkang wonten ing salebetipun naskah. Nama sanesipun saking naskah inggih menika *manuskrip* ingkang dipundudut saking waosan latin *codices manu scripti* ingkang gadhah teges buka ingkang kaserat asta. Naskah ugi saged dipunandharaken minangka sedaya warisan saking para luhur wonten ing kertas, lontar, kulit kajeng saha rotan.

Baroroh-Baried (1985: 55) ngandharaken bilih naskah inggih menika buku utawi seratan kanthi kaserat asta ingkang wosipun limrahipun panjang, amargi ngewrat

cariyos jangkep. Saperangan naskah-naskah menika wonten ingkang *anonym* utawi boten kaserat asma panganggitipun.

b. Teks

Baroroh-Baried (1985: 56) ngandharaken bilih *teks* gadhah teges isi utawi wosipun naskah, samubarang abstrak ingkang namung saged dipunangen-angen kemawon. *Teks* menika minangka wos ingkang tegesipun inggih menika pamanggih-pamanggih utawi pitutur ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit dhumateng pamaos kanthi cariyos ing *teks* ingkang saged dipunwaos saha dipunsinau miturut maneka warni *pendekatan* tuladhanipun *alur*, *watak*, *gaya bahasa*, saha sapanunggalanipun. Baroroh-Baried ugi ngandharaken bilih wonten tigang werni *teks*, inggih menika *teks* lisan, *teks* naskah utawi seratan asta, saha *teks* cithak.

Nurhayati, dkk (2018: 7) ngandharaken bilih wujudipun *teks* inggih menika wos ingkang kawrat wonten ing wujud lahiripun, utawi andharan ingkang kawrat wonten ing swanten utawi seratanipun ingkang saged dipunwaos utawi dipunsinaoni kanthi thinthingan basa, sastra utawi budaya. Dumugi samenika, cara anggenipun mujudaken, nurunaken, saha ngandharaken *teks-teks filologi* wonten tigang werni, inggih menika (1) *teks* lisan (boten kaserat), (2) *teks* naskah (seratan asta), saha (3) *teks* cithak. Kanthi mekaten menawi dipungatosaken saking tradhisi anggenipun ngandharaken, wonten *filologi* lisan, *filologi* naskah, saha *filologi* cithak.

Adhedhasar andharan-andharan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *teks* inggih menika wosing *naskah* ingkang sipatipun *abstrak*, ngemot satunggaling bab kanthi cinariyos, saged dipunmangretosi wosipun nalika pamaos sampun maos *teks*, pamaos ingkang badhe mangretosi wosing *teks* kedah mangertosi aksara ing salebeting *teks* kasebut. *Naskah Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* kalebet *naskah* ingkang kaserat asta, wondene *teks*-ipun inggih menika *teks* naskah, amargi *objek* panalitenipun arupi *naskah* saha *teks* ingkang kaserat asta.

3. Lampahing Panaliten Filologi

Nurhayati, dkk (2018: 65) ngandharaken bilih lampahing panaliten *filologi* inggih menika kados ing ngandhap menika.

a. Inventarisasi Naskah

Tembung *inventarisasi* gadhah teges susunan *daftar* samubarang. *Inventarisasi* naskah saha *teks* inggih menika susunan *daftar* irah-irahan naskah ingkang setunggal jinis kaliyan wos utawi *teks* ingkang sami. *Inventarisasi* naskah saha *teks* saged dipunlampahi kanthi cara *study* katalog dipunlajengaken kanthi mriksani naskah kanthi langsung. *Study* katalog dipunlampahi kanthi cara maos katalog ingkang gayut kaliyan kabetahan panaliti, salajengipun inggih menika maos naskah ingkang badhe dipuntliti.

Ancas saking lampah *inventarisasi* naskah inggih menika kangge mangertosi papan sumimpenipun naskah menika wonten pundi kemawon. Ancas sanesipun inggih menika mangertosi naskah menika kalebet ing naskah tunggal menapa naskah jamak.

b. *Deskripsi* Naskah

Deskripsi inggih menika gambaran kanthi jangkep bab samubarang ingkang dipunandharaken kanthi ukara ingkang cetha. *Deskripsi* naskah saha *teks* inggih menika gambaran kanthi jangkep bab kahanan naskah saha kahanan *teks*.

c. Alih Tulis

Nurhayati, dkk (2018: 84) ngandharaken bilih alih tulis inggih menika ngewahi seratan saking seratan asli dhateng seratan ingkang sanes. Alih tulis *teks* inggih menika ngewahi seratan *teks* saking *teks* ingkang dipundadosaken sumber panaliten dhateng *teks* minangka asil saking salah satunggaling lampah panaliten *filologi*.

Menawi dipuntingali saking cara teoritis, alih tulis *teks* wonten 2, inggih menika *transkripsi* saha *transliterasi*. Menawi dipuntingali saking cara metodologi, alih tulis wonten 2, inggih menika metode *transkripsi diplomatik* saha *standar*, sarta metode *transliterasi diplomatik* saha *standar*.

Nurhayati, dkk (2018: 85) ngandharaken bilih *transkripsi diplomatik* menika gadhah ancas kangge ngestantunaken *teks*, ingkang panyeratipun mawi aksara Jawa dipunsalin kados menapa wontenipun. Wondene *transkripsi standar* inggih menika gadhah ancas kangge nglestantunaken *teks* kanthi ngewahi ejaan utawi aksara dhateng aksara Latin.

Mulyani (2009: 14-16) ngandharaken bab *transliterasi diplomatik* saha *standar* kados ing ngandhap menika.

Transliterasi diplomatik inggih mênikâ cârâ anggènipun damêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat mênâpâ wontênipun kados déné sêrataning *teks*-ipun kanthi aksârâ ingkang bédâ. *Transliterasi standar* inggih mênikâ cârâ anggènipun damêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar

éjaan ingkang sampun dipunsampurnakakên utawi *Ejaan Yang Disempurnakan (EYD)* ingkang lumampah.

Saking andharan menika pramila saged dipunpendhet dudutan bilih *transkripsi diplomatic* inggih menika nyalin *teks* ingkang seratanipun aksara Jawa kados menapa wontenipun, wondene *Transkripsi standar* inggih menika *alih tulis* naskah adhedhasar *ejaan* ingkang lumampah. Salajengipun *transliterasi diplomatic* inggih menika *alih tulis* ingkang kaserat kados menapa wontenipun kanthi aksara ingkang beda, wondene *transliterasi standar* inggih menika *alih tulis* ingkang kaserat adhedhasar *ejaan* ingkang lumampah kanthi aksara ingkang beda.

Wonten ing panaliten menika, serat NKRP ngginakaken *alih tulis transliterasi standar*. *Transliterasi standar* dipunlampahaken kanthi nglampahaken *alih tulis* ingkang kaserat adhedhasar *ejaan* ingkang lumampah kanthi ngewahi aksara Jawa dhateng aksara latin.

d. *Suntingan Teks*

Nurhayati, dkk (2018: 88) ngandharaken bilih *suntingan teks* inggih menika ngetrepaken, ngginakaken aksara, tembung, ukara, wonten ing *teks* ingkang trep kaliyan menapa ingkang dipunmaksud kaliyan panyerat *teks*. Pedoman penyuntingan *teks* wonten 4, inggih menika, (1) tandha-tandha *suntingan*, (2) aparat kritis, (3) anggenipun ngginakaken *ejaan*, saha (4) pandom nyerat tembung-tembung Jawa. Miturut Robson (1994: 21) wonten ing Nurhayati, dkk (2018: 89) ngandharaken bilih metode anggenipun nyunting *teks* wonten kalih, inggih menika *diplomatik* saha *kritis*. Anggenipun ngetrapaken *metode* menika dipungayutaken kaliyan kahanan sumber *data* saha ancasing panaliten.

Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun dipunginakaken minangka dhasaring *suntingan teks* sabibaripun dipunwaos. Trep kaliyan kahananing sumber data, pramila metode *suntingan* ingkang trep inggih menika *penyuntingan kritis*. Dhasaring *Suntingan kritis* inggih menika (1) saking *aspek* kahanan fisik naskah taksih jangkep, taksih resik boten wonten corekan utawi seratan-seratan sanes saking ingkang ngampil, (2) saking *aspek paleografi* (seratan kino): naskah *Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* taksih kaserat asta, wujud seratannipun ugi cetha saha gampil anggenipun maos, (3) saking *aspek* naskah: ngemot wos ingkang jangkep saha boten uwal antawisipun naskah satunggal kaliyan naskah sanesipun.

e. *Terjemahan*

Darusuprpta, (1984: 9) wonten ing Nurhayati, dkk (2018: 93) ngandharaken bilih *terjemahan* inggih menika nggantos basa saking basa sumber (basu) ing basa *sasaran* (basa) utawi mindah makna saking basa ing basa. Nurhayati, dkk (2018: 93) ugi ngandharaken bilih pokokipun *terjemahan* saged karingkes dados tiga inggih menika *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi makna, *terjemahan bebas*.

Terjemahan harfiah inggih menika ngéwahi baså saking basåning *teks* kanthi damêl *terjemahan*ipun sabên tembung-tembungipun dipun-éwahi dados baså *sasaran*, nanging taksih miturut urutanipun ing andharaning *teks*. *Terjemahan isi* utawi *makna* inggih menika ngéwahi baså saking basåning *teks* kanthi damêl *terjemahan*ipun sabên tembung-tembung ing baså *sumber* ka-*terjemah*-akên dados tembung-tembung ing baså *sasaran* ingkang jumbuh. *Terjemahan bebas* inggih menika ngéwahi baså saking basåning *teks* utawi baså *sumber* dipun-*terjemah*-akên dados baså *sasaran*.

Wonten ing panaliten menika, serat NKRП dipun*terjemah*aken mawi *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi makna, *terjemahan bebas*.

f. Analisis Teks

Nurhayati, dkk (2018: 94) ngandharaken bilih *analisis teks* inggih menika panaliten ingkang dipunlampahaken dhumateng satunggaling *teks* kanthi cara ndedah isinipun *teks* kangge mangertosi langkung lebet isi peranganing *teks* ingkang dipuntliti.

Analisis teks dipuntindakaken kanthi madosi tegesipun tetembungan saha madosi isinipun *teks*. Ancasipun inggih menika supados saged mangretos isinipun *teks*. Sasampunipun mangretos isinipun *teks* salajengipun kapanggihaken kawruh ngengingi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribadenipun pangarsa Jawi wonten ing salebeting serat NKRП. Asil saking *analisis teks* kaangkah supados saged nggampilaken pamaos mangretosi isinipun *teks*.

B. Historiografi

1. Pangertosan Historiografi

Historiografi miturut Abdurahaman Hamid saha Muhammad Saleh Madjid (2011: 51) inggih menika “*Berbagai pernyataan mengenai masa silam yang telah disintesis dan selanjutnya ditulis dalam kisah sejarah*”. Salajengipun miturut Kuntowijoyo (1999: 79) ngandharaken bilih wonten ing panyeratan *historiografi*, dipunandharaken saking *periode* para panyeratipun saha sebab wontenipun ewah-ewahanipun anggenipun nyerat sujarah. Saking andharan menika saged kapendhet dudutan bilih, seratan sujarah menika gumantung saking *periode* pagesanganipun panyerat awit saking *bukti-bukti* sujarah

ingkang kapanggihaken rikala warsa menika. Wondene ingkang dipunkajangkaken ewah-ewahan nyerat sujarah inggih menika nalika jaman sampun ngrembaka, para panyerat sujarah nemahi *periode* ingkang boten sami satemah saged njalari ewahipun panyeratan sujarah. Kuntowijoyo (1999: 80) ugi ngandharaken bilih *filasafat* sujarah *spekulatif* ugi saged ndayani anggenipun nyerat *historiografi*.

Gottschalk (1986: 32) ngandharaken bilih ingkang dipunwastani *metode* sujarah inggih menika lampah nguji saha *analisa* kanthi cara kritis wonten ing rekaman saha *bukti* sujarah ing jaman kepengker. Anggenipun nyerat sujarah kanthi *imajinatif* adhedhasar *data* ingkang sampun dipunpikantuk, saha nglampahi *proses* utawi cara panaliten sujarah menika ingkang dipunwastani *histiriografi*.

Kuzminov, dkk (2019: 555) “*Internal problems of historiographic research is not accidental, since history is written on the basis of many views and assessments*”. Andharan kasebut tegesipun inggih menika perkawis ing salebeting panaliten *historiografi* boten namung kaleresan amargi sujarah sinerat adhedhasar kathahipun pamawas saha panaliten.

Gottschalk (1986: 144) ngandharaken bilih wonten *teori* ngengingi *sintesa* sujarah. Teori kasebut wosipun inggih menika ancasing anggenipun nyerat *historiografi* ing tataran langkung inggil boten gampil utawi boten pesthi saged dipunlampahi. Andharan kasebut ngandharaken bilih ancasipun *historiografi* ingkang boten gampil dipunlampahaken inggih menika nuwuhaken malih *fakta* sujarah kanthi boten damel ewahing sujarah ingkang sejatosipun. Salajengipun Gottschalk (1986: 144) ugi ngandharaken bilih saperangan para *ahli* boten sami anggenipun menggalih kados pundi cara supados saged celak kaliyan jaman kepengker. Mapinten-pinten penggalih ngengingi cara supados saged celak kaliyan jaman kepengker kaserat wonten ing ngandhap menika.

- a. Wonten ingkang pitados menawi saged celak kaliyan jaman kepengker kanthi ngginakaken *pendekatan objektif*.
- b. Wonten ingkang menggalih bilih *historiografi* minangka salah satunggaling seni, ingkang dipunparingi pawartos dening *filasafat*, kaprigelan, pamulangan, saha penggalih ingkang *subjektif*.
- c. Wonten ugi ingkang ngandharaken bilih panyana-nyana ingkang trep ngengingi *trend* saking sujarah saged paring dhasar *fakta* ingkang sae.

Salajengipun Badrika (2006:14) ngandharaken bilih menapa ingkang sinerat inggih menika sujarah. Sujarah wonten ing mriki saged dipunwastani *histoire-recite*. Saged

dipunmangertosi bilih panyeratan sujarah utawi prastawa kados ingkang dipuncayiyosaken, ingkang nyobi mbika saha mangertosi *histoire-recite*, saha sujarah ingkang leres kadadosanipun. Panyeratan kados sedaya ing inggil inggih menika dipunwastani *histiriografi*.

Saking pangertosan ing inggil saged kapendhet dudutan bilih *historiografi* inggih menika lampah pungkasan saking *rekonstruksi* satunggaling prastawa sujarah ingkang kadadosan ing jaman kepengker, ingkang dipunlampahi dening sujarawan adhedhasar pethikan saha kasunyatan ingkang kapanggihaken satemah dados satunggaling cariyos ingkang laras kaliyan menapa ingkang sejatosipun sampun lumampah ing jaman kapengker.

Sastra saged paring katrangan bab perkawis kepengker ingkang arupi pawartos utawi *informasi*, saengga dipunwastani minangka srana *dokumentasi*. Minangka srana *dokumentasi*, sastra gadhah titikan ingkang mligi, inggih menika asipat naratif. Semanten ugi serat *NKRP*, karya sastra satunggaling *koleksi* saking *Perpustakaan Sonobudoyo* Yogyakarta kanthi kode PB C.71. Serat kasebut gadhah 27 kaca ingkang kababar mawi tembang macapat sinom kanthi 63 pada ingkang kaserat asta utawi carik saha ngginakaken aksara Jawa sarta basa Jawi.

Wonten ing salebeting serat menika kacariyosaken sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun, putri Pakubuwana 7 saking GKR Pakubuwana saking sarasilah Rama saha Ibunipun. Kekalihipun dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan saking Majapahit. Cariyos menika kaserat ing tembang macapat sinom ingkang cacahipun 63 pada.

2. Maneka Warni Historiografi

Syukur, dkk (2013: 72) ngandharaken bilih katitik saking wekdalipun, *historiografi* saged kaperang dados 3 jinis. 3 jinis *historiografi* menika ing antawisipun inggih menika *historiografi tradisional*, *historiografi kolonial*, saha *historiografi modern*.

a. Historiografi Tradhisional

Miturut Syukur, dkk (2013: 72) *historiografi* tradhisional inggih menika *karya-karya* sujarah ingkang dipunserat dening sastrawan utawi pujangga kraton saking wewengkon kraton. *Historiografi* tradhisional gadhah titikan kadosta ing ngandhap menika:

- 1) Dasuki (2003) wonten ing Syukur, dkk (2013: 73) ngandharaken bilih *historiografi* gadhah sipat *istana sentris* utawi kraton *sentris*, ingkang

nyariyosaken lampahing gesang kulawarga istana utawi keraton, ananging para kawula boten dados punjering cariyos. Perkawis menika kalampah kados mekaten amargi para kawula dipunsuraos *a-historis*.

- 2) Dasuki (2003) wonten ing Syukur, dkk (2013: 73) ngandharaken bilih *historiografi* gadhah sipat *Religio-magis*, tegesipun ratu dipunserat minangka manungsa ingkang kagungan daya linangkung mungguh ing batin saha kekiyatan gaib, satemah ratu pikantuk apresiasi ingkang sae ing sangajengipun para kawulanipun. Awit saking menika para kawula ajrih, ndherek kersanipun, saha purun nindakaken dhawuhipun. Ratu dipunsuraos minangka wujud utawi wakiling Gusti.
- 3) Dasuki (2003) wonten ing Syukur, dkk (2013: 73) ngandharaken bilih *historiografi* gadhah sipat *regio-sentrisme*. Tegesipun inggih menika minangka cariyos sujarah ingkang punjeripun wonten ing kalenggahaning ratu. Satemah cariyos menika nuwuhaken raja-sentrisme.
- 4) Dasuki (2003) wonten ing Syukur, dkk (2013: 73) ngandharaken bilih *historiografi* gadhah sipat *etnosentris* ingkang tegesipun wonten ing *historiografi* tradhisional dipunserat kanthi nedahaken *egoisme* dhumateng bangsa saha budaya ingkang wonten ing salebetipun wewengkon kraton.
- 5) Dasuki (2003) wonten ing Syukur, dkk (2013: 73) ngandharaken bilih *historiografi* gadhah sipat *psiko-politis sentrisme*, tegesipun inggih menika *historiografi* tradhisional dipunserat dening para pujangga rumaket sanget kaliyan kahanan *psikologis* ratu. Satemah karya *historiografi* tradhisional saged madeg minangka piranti politik ingkang saged dipunginakaken kangge njagi kawibawan saha panguwaosipun. Sampun kalimrah bilih karya *historiografi* tradhisional dening masarakat dipunsuraos minangka kitab suci ingkang ngewrat kathah katetepan. Perkawis menika amargi saking setyanipun para pujangga anggenipun ngabdi dhumateng sang nata. Saengga menapa ingkang kaserat dening para pujangga ateges menapa ingkang dipunkajengaken dening sang nata.

b. *Historiografi Kolonial*

Jayusman (2012) wonten ing Syukur, dkk (2013: 73) ngandharaken bilih *historiografi kolonial* inggih menika karya sujarah ingkang dipunserat nalika jaman kolonial ing Nuswantara Indonesia. Jaman *kolonial* inggih menika jaman VOC (1600) dumugi ing jaman Walandi ingkang pungkasan (1942). *Historiografi kolonial* inggih

menika karya awujud seratan sujarah ingkang dipunserat dening para sujarawan *kolonial* ing Nuswantara Indonesia. Syukur, dkk (2013: 77) ngandharaken bilih *historiografi kolonial* gadhah titikan kados ing ngandhap menika.

- 1) Walandi *Sentrisme* tegesipun inggih menika sujarah Indonesia ingkang dipunserat saking *sudut pandang* kawigaten tiyang Walandi ingkang mangarsa ing Nuswantara Indonesia nalika semanten.
- 2) *Eropasentrisme*, tegesipun inggih menika kaserat saking *sudut pandang* kawigaten tiyang Walandi saha kawigaten bangsa Eropa sanesipun.
- 3) *Mitologisasi* tegesipun kathah kadadosan ingkang boten adhedhasar saking kasunyatan. *Interpretasi* saking jaman *kolonial* langkung dipunketingalaken kangge damel *mitologisasi* saking *dominasinipun*. *Mitologisasi* menika dipunlampahi nalika perang-perang *kolonial* minangka daya kangge nglerem mapinten-pinten tlatah, ingkang sejatosipun nembe ngawontenaken perang kangge njagi bangsa saha kabudayanipun.

c. *Historiografi Modern*

Syukur, dkk (2013: 77) ngandharaken bilih *historiografi modern* tuwuh saking wontenipun katetepan tartamtu kangge manggihaken *fakta* sujarah. *Fakta* sujarah dipuntetepaken kanthi nindakaken cara panaliten, ngginakaken ngelmu-ngelmu ingkang saged paring pambiyantu, wontenipun teknik *studi pustaka* saha *rekonstruksi* saking sujarah lisan. Ing wiwitanipun *historiografi* Indonesia, ngelmi ingkang tuwuh inggih menika *studi sujarah kritis*. Wonten ing salebeting *studi sujarah kritis* menika dipungunakaken *prinsip-prinsip* cara panaliten sujarah. *Studi sujarah kritis* ugi mbetahaken pambiyantu saking ngelmi sanes kangge nggampilaken *analisisipun*. Syukur, dkk (2013: 79) ngandharaken bilih *historiografi modern* gadhah titikan kados ing ngandhap menika.

- 1) Gadhah sipat Indonesia *sentrisme*, tegesipun anggenipun nyerat sujarah ing Indonesia dipunsuraos minangka sujarah *nasional* saha kaserat adhedhasar kawigatosanipun masarakat Indonesia. Ancasipun *historiografi nasional* inggih menika kangge ndandosi menapa ingkang sampun dipunasilaken dening *historiografi kolonial*.
- 2) Gadhah sipat *metodologis*, ingkang tegesipun inggih menika seratan sujarah Indonesia ngginakaken lampahing panaliten *ilmiah*.

- 3) Gadhah sipat *kritis historis*, ingkang gadhah teges inggih menika ancasing anggenipun nyerat sujarah Indonesia kanthi cara ilmiah supados saged dipuntanggjawabaken.

Saking andharan ing inggil saged kapendhet dudutan bilih *historiografi* menika kaperang dados 3 jinis inggih menika *historiografi tradisional*, *historiografi kolonial*, saha *historiografi modern*. Tigang jinis menika ugi gadhah titikan ingkang langkung gampilaken anggenipun mangertosi bab jinising *historiografi*. Naskah NKRP kalebu *historiografi* tradhisional ingkang titikanipun inggih menika *istana sentris* utawi kraton *sentris* ingkang ngandharaken gesangipun kulawarga kraton. Salajengipun asipat *religio magis*, ratu menika dipunserat minangka manungsa ingkang gadhah daya linangkung ing bathin. Salajengipun asipat *etnosentris* ingkang tegesipun karya sujarah menika kaserat mligi dhumateng suku bangsa saha budaya ingkang wonten ing wewengkon kraton.

3. Lampahing Panaliten Sujarah

Wasino (2018: 11-12) ngandharaken bilih wonten tigang lampahing panaliten sujarah. Tigang lampah panaliten sujarah menika inggih menika kados ing ngandhap menika.

- a. Pados sumber-sumber katrangan utawi pados bukti-bukti sejarah, lampah menika dipunwastani *heuristik*, ingkang minangka lampah kaping satunggal ing salebeting nyerat sujarah.
- b. Nguji bahan-bahan sumber kasebut saking *sudut pandang* kasunyatan, lampah kaping kalih menika dipunwastani *kritik sumber* utawi *kritisisme*, minangka lampah ingkang wigati saengga asring sinebut bilih sedaya lampah saking metode sujarah dipunwastani minangka *Kritisisme Sejarah*.
- c. Nyerat cariyos kanthi resmi saking pethikan ingkang kapanggihaken saking lampah *Heuristik* saha *Kritisisme*. Lampah ingkang kaping tiga inggih menika nyusun *data* sujarah ingkang sampun dipunkempalaken saha dipunserat wonten ing salebeting watesan kasunyatan ingkang *objektif* saking teges utawi maknanipun. Lampah kaping tiga menika dipunwastani *Sinthese*. Asil saking *Sinthese* saha nyerat sujarah inggih menika *Karangan Sejarah Ilmiah* utawi *Karangan Sejarah Kritis (Historiografi)*.

Abdurahaman Hamid saha Muhammad Saleh Madjid (2011: 43) ugi ngandharaken bilih cara panaliten sujarah minangka cara utawi *teknik* ngrancang malih perkawis ing

jaman kepengker. Cara kasebut ngginakaken 4 lampah inggih menika *heuristik* utawi ngempalaken sumber, *kritik sumber* kanthi *eksternal* saha *internal*, salajengipun mawi cara *interpretasi* utawi nafsiraken, ingkang pungkasan inggih menika *historiografi* utawi panyeratanipun cariyos sujarah. 4 cara kasebut kababar wonten ing ngandhap menika.

a. Heuristik

Miturut Abdurahaman Hamid saha Muhammad Saleh Madjid (2011: 43) inggih menika ngempalaken sumber. Anggenipun nemtokaken sumber sujarah saged ndayani papan (wonten pundi) utawi sinten (sumber lisan) saha cara anggenipun manggihaken sumber kasebut. Wondene sumber sujarah saged arupi seratan, *lisan* saha *benda*. Panaliten menika ugi ngginakaken sumber sujarah inggih menika seratan ingkang awujud naskah serat NKRP.

b. Kritik Sumber

Miturut Abdurahaman Hamid saha Muhammad Saleh Madjid (2011: 47) ngandharaken bilih *kritik sumber* inggih menika lampah kangge nguji bahan sumber kasebut. Wonten 2 cara anggenipun lampahaken *kritik sumber*. 2 cara kasebut inggih menika kanthi cara *eksternal* saha *internal*. Abdurahaman Hamid saha Muhammad Saleh Madjid (2011: 47) ngandharaken bilih *kritik eksternal* inggih menika nemtokaken aslinipun satunggaling sumber gayut kaliyan bahan ingkang dipunginakaken ing sumber kasebut. Wondene *kritik internal* inggih menika *menyeleksi* utawi milih pawartos ingkang kawrat ing salebeting sumber sujarah. Sumber menika saged dipunpitados menapa boten, menika dipunmangertosi mawi lampah *kritik internal*.

Adhedhasar saking andharan lampahing panaliten sujarah kasebut pramila wonten ing panaliten menika serat NKRP dipuntliti kanthi ngginakaken cara panaliten sujarah kangge mangertosi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun.

C. Sarasilah

Sarasilah minangka salah satunggaling cara kangge mangertosi *terminology kekerabatan* wonten ing satunggaling basa tartamtu nalika nglampahi *analisis sistem* kulawarga. *Data* ingkang kapanggihaken saged dados dhasar anggenipun nyerat sujarah masarakat (Mirhan, 2014:100).

Salajengipun miturut Berhend (1990: x-xii) wonten ing Nurhayati, dkk (2018 :16) ngandharaken bilih wonten ing salebeting *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta* wonten sekawanwelas kategori kelompokipun *teks*

miturut jinisipun. Salah satunggaling saking kategori kasebut inggih menika sarasilah . Sarasilah inggih menika naskah kanthi cara *eksplisit* nyerat babagan sarasilah para ratu ing Jawi. Wondene Mulyani (2009: 3) ngandaraken bilih sarasilah inggih menika andharan ingkang ngewrat bab sarasilahing para raja Jawi.

Saking andharan ing inggil saged kapendhet dudutan bilih sarasilah inggih menika *data* ingkang saged dados dhasar anggenipun nyerat sujarah, salah satunggalingipun ingkang wigati inggih menika sujarah ngengingi para raja Jawi. Para raja Jawi menika pangarsa ingkang dipunanggep kagungan daya ingkam langkung mungguh ing batin saha kekiyatan gaib. Awit saking menika satemah ratu pikantuk apresiasi ingkang sae ing sangajengipun para kawulanipun. (Foucault, 2002: 197) wonten ing Emzir (2016: 119) ngandharaken bilih kalenggahan mapanaken kekiyatan dayanipun wonten ing wujud tumindak, saha sesambetan utawi tingkat *sosial*ipun.

D. Psikologi Kapribaden

Sugihartono (2013: 46) mratelakaken bilih kapribaden menika nedahaken wontenipun ajeging tumindak, bilih tiyang menawi badhe tumindak utawi menggalih ngginakaken cara tartamtu wonten ing kahanan tartamtu. Kapribaden ugi nedahaken wontenipun titikan ingkang mbedakaken satunggaling tiyang kaliyan tiyang sanesipun.

Minderop (2010: 9) ngandharaken bilih tumindak satunggaling tiyang naming *cover* kemawon, inggih menika peranan njawi saking piyambakipun. Perkawis menika nedahaken bilih satemah kangge mangertosi kanthi lebet saking kapribaden satunggaling tiyang kedah dipuntingali obah utawi tumindak ingkang mligi saha penggalih ingkang langkung lebet saking piyambakipun.

Purwanto (1991: 154) ngandharaken bilih kapribaden utawi *personality* asalipun saking basa Latin *personare*, ingkang tegesipun medalaken swanten. Tembung *personality* samenika dipunginakaken kaliyan ahli *psikologi* kangge nedahaken kasunyatan ingkang saged dipunpitados kaliyan tiyang, kangge nggambaraken menapa saha kados pundi sejatosipun tiyang menika.

Purwanto (1991: 156) ugi ngandharaken bilih kapribaden menika *dinamis*, boten *statis* tanpa ewah. Kapribaden nuduhaken tumindak ingkang ngrembaka saha minangka tumindak antawasipun menapa ingkang dipunbekta tiyang kasebut kaliyan wewengkonipun. Kapribaden satunggaling tiyang menika gadhah sipat mligi utawi khas, gadhah titikan ingkang saged mbedakaken tiyang menika kaliyan tiyang sanesipun.

1. Aspek Kapribaden

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih kapribaden kadadosan saking mapinten-pinten *aspek*, inggih menika *fisik* punapa *psikis*. Sipat-sipat kapribaden inggih menika langkung mligi wonten ing satunggaling tiyang kangge paring pambiji dhateng kahanan-kahanan kanthi cara tartamtu saha nindakaken tumindak ingkang trep kaliyan pambiji kasebut.

a. Intelejensi

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih kapinteran utawi *intelejensi* ugi madeg minangka perangan kapribaden ingkang wigati. Titikan ingkang kalebet wonten ing perangan *inteljensi* menika antawisipun, waspada, kaprigelan, saged mendhet dudutan kanthi trep, lan sapanunggalanipun. Wondene miturut Poerwadarminta (1939: 657) ngandharaken bilih wasis utawi *intelejensi* tegesipun inggih menika pinter, saha bisa.

b. Anggenipun Ngandharaken saha Nampi Pamrayogi

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih kapribaden miturut anggenipun ngandharaken saha nampi pamrayogi ing antawisipun inggih menika jujur, dora, blaka, boten saged nyimpen wadi.

c. Kasarasan

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih kasarasan jasmani utawi kados pundi kahanan *fisiki*ipun. Kekalihipun menika gayut kaliyan kapribaden satunggaling tiyang. Wondene miturut Poerwadarminta (1939: 100) ngandharaken bilih kasarasan tegesipun inggih menika kawarasan. Pangarsa langkung sae menawi kagungan badan ingkang sehat.

d. Blegering Badan

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih blegering badan inggih menika agengipun badan, awrating badan, saha inggilipun badan. Blegering badan menika saged nemtokaken kapribaden. Saengga blegering badan menika saged kalebetaken minangka bab ingkang wigatos wonten ing kapribaden satunggaling tiyang. Wondene miturut Poerwadarminta (1939: 439) ngandharaken bilih pawakan tegesipun inggih menika dedeg-pangadeg, saha wanguning badan.

e. Tumindak dhateng Tiyang Sanes

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih tumindakipun satunggaling tiyang dhumateng tiyang sanes boten uwal saking tumindak tiyang kasebut dhumateng piyambakipun. Maneka warni tumindak ingkang wonten ing satunggaling tiyang ndherek nemtokaken kapribaden dhiri.

f. Ngelmi

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih *kualitas* saha *kuantitas* ngelmi kagunganipun satunggaling tiyang, saha jinis seserepan menapa ingkang langkung dipunmangertosi, sedaya menika saged nemtokaken kapribaden dhiri. Wondene miturut Poerwadarminta (1939: 383) ngandharaken bilih ngelmi tegesipun inggih menika kawruh (sesurupan) mungguh ing sawijining bab. Andharan kasebut ngandharaken bilih pangarsa ingkang sae menika pangarsa ingkang kagungan kawruh.

g. Kaprigelan

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih kaprigelan satunggaling tiyang nalika ngrampungaken padamelan, ndayani dhateng kados pundi cara satunggaling tiyang ngadhepi sawijining kahanan. Wondene miturut Poerwadarminta (1939: 513) ngandharaken bilih kaprigelan kadadosan saking tembung prigel. Tembung prigel tegesipun inggih menika cukat saha trampil. Andharan kasebut ngandharaken bilih pangarsa ingkang sae inggih menika pangarsa ingkang prigel ing samubarang perkawis saha kahanan.

h. Nilai-nilai (value)

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih kados pundi kapitadosan satunggaling tiyang dhumateng nilai-nilai utawi ide-ide utawi panggalihipun menika ugi nemtokaken kapribadenipun. Satunggaling tiyang gadhah *nilai-nilai* menika saking adat istiadat, etika, kapitadosan saha agamanipun.

i. Ngendaleni Surasaning Manah

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih wonten tiyang ingkang wasis anggenipun ngendaleni rasa ingkang tuwuh ing manah piyambakipun. Ananging wonten ugi saperangan tiyang ingkang boten saged ngendaleni raos menika. Wonten tiyang ingkang asring duka, ananging wonten ugi ingkang sabar. Mekaten ugi ngengingi ngendaleni surasaning manah saben tiyang menika boten sami. Kahanan raos ingkang beda wonten ing saben tiyang saged ndayani kados pundi kapribadenipun.

j. Peranan (Roles)

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih ingkang dipunwastani *peranan* inggih menika pangkat sawijining tiyang salebetipun masarakat. Ingkang kalebet *peranan* inggih menika kalebet pangkatipun, jinis padamelanipun, saha pangkat salebeting padamelan menika. Pangkat salebeting masarakat menika nemtokaken jejibahan saha tanggul jawabipun, ingkang salajengipun nemtokaken patrap saha tumindakipun.

k. The Self

Purwanto (1991: 157) ngandharaken bilih *the self* menika minangka *aspek* kapribaden ingkang wigati. *The self* inggih menika menapa kemawon ingkang dipunraosaken dening tiyang menika piyambak. Kanthi mekaten, *the self* menika raos saha pangraosipun tiyang ngengingi bab sinten, menapa, saha wonten pundi kawontenan piyambakipun.

Tabel 2

Aspek Kapribaden miturut Purwanto (1991)

No	Aspek Kapribaden	Titikan
1.	<i>Intelejensi</i>	Tiyang ingkang waspada, gadhah kaprigelan, saha saged mendhet dudutan kanthi trep
2.	Anggenipun Ngandharaken saha Nampi Pamrayogi	Tiyang ingkang anggenipun ngandharaken saha nampi pamrayogi ing antawisipun jujur, dora, blaka, boten saged nyimpen wadi
3.	Kasarasan	Kahananipun <i>fisik</i> satunggaling tiyang
4.	Blegering Badan	Agengipun badan, awrating badan, saha inggilipun badan satunggaling tiyang
5.	Tumindak dhateng Tiyang Sanes	Mawarni-warni tumindak satunggaling tiyang dhumateng tiyang sanes
6.	Ngelmi	<i>Kualitas</i> saha <i>kuantitas</i> ngelmi kagunganipun satunggaling tiyang, saha jinis pangertosan menapa ingkang langkung dipunmangertosi
7.	Kaprigelan	Kaprigelan satunggaling tiyang nalika ngrampungaken padamelan
8.	Nilai-nilai (<i>value</i>)	Adat istiadat, etika, kapitadosan saha agamanipun satunggaling tiyang
9.	Ngendaleni surasaning manah	Kahanan raos ingkang beda wonten ing saben tiyang saged ndayani kados pundi kapribadenipun
10.	<i>Peranan (Roles)</i>	Kalebet pangkatipun, jinis padamelanipun, saha pangkat salebeting padamelan menika
11.	<i>The Self</i>	Raos saha pangraosipun tiyang ngengingi bab sinten, menapa, saha wonten pundi kawontenan piyambakipun

2. Aspek Kapribaden Para Pangarsa Jawi

Ing salebeting serat *Wulang Reh* pupuh Mijil ugi wonten bab ingkang ngrembag bab pangarsa Jawi. Darusuprta (1982: 42) ngandharaken ing salebeting pupuh Mijil pada 1 dumugi pada 3 ingkang suraosipun inggih menika samia dipunemut jejering satriya punika kedah anteng jatmika ing budi, ruruh, wasis ing sabarang damel, sarta prawira lan weweka ing batin. Saking soraos menika saged dipuntegesi bilih tiyang menika kedah emut bilih satriya menika kedah wicaksana, sabar, prigel ing samubarang padamelan, tanggel jawab, saha lembah manah.

Darusuprta (1982: 43) salajengipun ugi ngandharaken bilih suraosing salebetipun serat *Wulang Reh* ing pupuh Asmaradana pada 11 dumugi pada 14 inggih menika

sabarang damel kedah emut, nganggea tepa salira, menawi prentah saleresipun kemawon saha sampun ambeg kumawasa. Kejawi menika ugi kaandharaken bilih pamengkunipun dhateng bala suprihen ajrih-asihipun, kasumerepna ing damel, kedah saged ngedum damel ing sapangkat-pangkatipun, kasumerepna ing sae lan leres manawi leleda kapatrapan, samurwat kaliyan dosanipun; pangangkah supados sampun sembrana anggenipun tumindak damel. Anggenipun paring ganjaran sampun kendhat sarta kedah ingkang wradin.

Saking andharan serat *Wulang reh* ing inggil saged kapendhet dudutan bilih pangarsa Jawi ingkang sae kedah kagungan kapribaden inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah.

a. Wicaksana

Poerwadarminta (1939: 666) ngandharaken bilih witjaksana utawi ingkang samenika kaserat wicaksana tegesipun inggih menika, awas, waskitha, bisa nganggo bebudene kalawan baner. Pangarsa ingkang wicaksana kedah saged ngginakaken bebudenipun kangge kabecikan. Kapribaden wicaksana kasebut wigati kangge mimpin masarakat.

b. Sabar/Lembah Manah

Poerwadarminta (1939: 536) ngandharaken bilih sabar tegesipun inggih menika sareh anggone nandhang, boten sumadya nepsunipun. Pangarsa ingkang kagungan kapribaden sabar saged nguwasani manahipun. Kados pundi pangarsa anggenipun ngrampungaken satunggaling perkawis menika kedah ngginakaken manah ingkang sabar.

c. Wasis ing Samubarang Padamelan

Poerwadarminta (1939: 513) ngandharaken bilih wasis tegesipun inggih menika pinter, bisa. Wasis ing samubarang padamelan tegesipun inggih menika kedah wasis utawi saged nindakaken sedaya padamelan.

d. Tanggel Jawab

Poerwadarminta (1939: 590) ngandharaken bilih tanggel jawab tegesipun inggih menika nanggung yen ana alane, nanggung yen ana pekewuhe. Pangarsa ingkang sae inggih menika pangarsa ingkang kagungan kapribaden tanggel jawab. Salah satunggalipun wujud tanggel jawab inggih menika pangarsa kedah adil saha paring pangayoman dhateng kawulanipun.

e. Asih

Poerwadarminta (1939: 20) ngandharaken bilih asih tegesipun inggih menika tresna, inggih tresna marang sinten kemawon uga menapa kemawon. Pangarsa ingkang sae ugi kedah kagungan kapribaden asih, inggih menika tresna kaliyan kulawarga, masarakat saha prajuritipun.

f. Adil

Poerwadarminta (1939: 2) ngandharaken bilih adil tegesipun inggih menika jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan, boten pilih sih, dipunpriksa utawi dipuntimbang pundi ingkang lepat saha pundi ingkang leres. Pangarsa ingkang adil menika dipuntresnani kawulanipun. Kanthi kapribaden adil menika, para pangarsa saged damel makmur kawulanipun.

g. Tepa Salira

Poerwadarminta (1939: 603) ngandharaken bilih tepa salira tegesipun inggih menika dipunduga-duga ing saumpami dipuntumrapaken awakipun piyambak. Pangarsa ugi kedah kagungan kapribaden tepa salira. Nalika ing satunggaling perkawis, pangarsa kedah mangertosi kahananipun saderengipun paring putusan saking perkawis kasebut.

h. Amanah

Tim Balai Bahasa (2011: 10) ngandharaken bilih amanah tegesipun inggih menika saged dipunpitados. Pangarsa ingkang amanah inggih pengarsa ingkang nggatosaken kabetahanipun kawula, boten remen goroh, saha boten ngrisak tatanan masarakat.

Tabel 3*Aspek Kapribaden Pangarsa Jawi wonten ing Salebeting Serat Wulang Reh*

No	Aspek Kapribaden	Titikan
1.	Wicaksana	Tiyang ingkang awas, waskitha, saha bisa nganggo bebudene kalawan baner
2.	Sabar/Lembah Manah	Tiyang ingkang sareh anggone nandhang, saha boten sumadya nepsunipun
3.	Wasis ing samubarang padamelan	Tiyang ingkang wasis utawi saged nindakaken sedaya padamelan
4.	Tanggél Jawab	Nanggung yen ana alane, nanggung yen ana pekewuhe
5.	Asih	Tresna, inggih tresna marang sinten kemawon uga menapa kemawon
6.	Adil	Jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan, boten pilih sih, dipunpriksa (dipuntimbang) pundi ingkang lepat saha pundi ingkang leres
7.	Tepa Salira	Dipunduga-duga ing saumpami dipuntumrapaken awakipun piyambak (<i>toleransi</i>)
8.	Amanah	Tiyang ingkang saged dipunpitados

E. Heuristik lan Hermeneutik Sastra

Nurgiyantoro (2018:46) ngandharaken bilih cara *heuristik* inggih menika cara manggihaken makna ingkang dipunkonvensi dening basa. Perkawis menika asring dipunwastani minangka cara manggihaken makna ingkang kaserat ing kamus. Asil saking cara *heuristik* inggih menika pangertosan makna kanthi *harfiah*, makna langsung, makna sinerat, makna sejatosipun saha makna *denotatif*.

Nurgiyantoro (2018: 47) ngandharaken bilih cara *hermeneutik* menika cara kangge manggihaken makna saking asil analisis *heuristik*. Asil analisis *heuristik* menika dipuntafsir saengga saged dipunpanggihaken makna ingkang kasirat, *konotasi*, utawi *signifikansi*. Nurgiyantoro (2018: 48) ngandharaken bilih wonten ing lampah *hermeneutik* menika dipunbetahaken ngelmu bab *kode sastra*. *Kode sastra* inggih menika pasarujukan bilih nalika maos *teks* kasusastran wonten makna ingkang sanes, tafsir ingkang sanes, saha wonten tegesipun utawi *pemaknaan* sanes ingkang saged dipunpanggihi.

Ratna (2015: 45) ngandharaken bilih menawi dipuntingali kanthi cara *etimologis*, *hermeneutika* menika kadadosan saking tembung *hermeneuein*, asalipun saking basa Yunani ingkang tegesipun nafsiraken. Karya sastra prelu dipuntafsir amargi menika boten anmung kadadosan saking rantaman basa kemawon, ananging ugi wonten makna ingkang kawrat wonten ing salebetipun.

Endraswara (2004: 42) ngandharaken bilih *hermeneutik* ngemu teges tafsir. Studi sastra ugi mangretosi bilih *hermeneutik* menika saged dipunwastani minangka tafsir sastra. *Hermeneutik* sejatosipun satunggaling pola kangge nafsiraken *teks* adhedhasar *logika linguistik*. *Logika linguistik* nuwuhaken andharan *teks* sastra saha pangretosan makna kanthi ngginakaken “makna tembung” saha salajengipun “makna basa”. Makna tembung menika gayut kaliyan *konsep-konsep semantik teks* sastra, wondene makna basa menika gayut kaliyan sipat kultural saking karya sastra menika.

Palmer (2003: 15) wonten ing Zaidah (2019: 748) ngandharaken bilih “*Departing from the Yunani mythical term "hermeneutic" is interpreted as "the process of changing something or situation ignorance to understand", in this process involves language because language is perfect mediation as a process of understanding meaning.*” Saking andharan kasebut saged kaandharaken bilih saking mitos Yunani “*hermeneutika*” ateges minangka lampahing ewah-ewahanipun samubarang utawi saking boten mangertosipun satunggaling perkawis dadosaken mangertos, wonten ing salebeting lampah menika gayut kaliyan basa. Andharan kasebut gadhah teges bilih basa inggih menika satunggaling piranti kangge mangertosi satunggaling makna.

Wonten ing panaliten menika ugi kaginakaken cara *heuristik* saha *hermeneutik*. Ancasipun ngginakaken cara *heuristik* saha *hermeneutik* inggih menika kangge mangertosi kapribaden para pangarsa ing salebetipun serat *NKRP*. Cara *heuristik* menika kangge manggihaken makna satuan lingual adhedhasar kamus utawi bausastra. Wondene cara *hermeneutik* menika kaginakaken kangge manggihaken makna ingkang langkung lebet menapa dene ingkang kasirat.

F. Nalaring Pikir

Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun inggih menika satunggaling koleksi saking Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB C.71. Panaliten ingkang badhe kalampah gadhah ancas inggih menika ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha ngandharaken kapribaden para pangarsa wonten ing naskah serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun ingkang saged dipuntampi dening para pamaos.

Panaliten menika ngginakaken mapinten-pinten lampah. Lampah ingkang kaping setunggal inggih menika ngginakaken lampah utawi cara panaliten *historis* utawi sujarah. Lampah ingkang kaping satunggal inggih menika pados sumber katrangan utawi pados *bukti-bukti* sujarah, lampah menika dipunwastani *heuristik* (Wasino, 2018: 12). Lampah *heuristik* menika minangka lampah kaping satunggal ing salebeting nyerat sujarah.


Wonten ing panaliten menika, panaliti pados bukti utawi *bahan sumber* ingkang dipunbetahaken, inggih menika serat *NKRP* ing Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB C.71.

Lampah ingkang angka kalih inggih menika *kritik sumber* utawi *kritisisme*. *Kritik sumber* utawi *kritisisme* inggih menika utawi nguji sumber kanthi kritik *eksternal* saha kritik *internal* kangge nemtokaken aslinipun sumber saderengipun dipunginakaken ing salebeting panaliten (Wasino, 2018: 12).

Wasino (2018: 12) ngandharaken bilih lampah kaping tiga inggih menika *sinthese*. *Sinthese* inggih menika ngrantam pethikan sujarah ingkang sampun dipunkempalaken saha dipunserat wonten ing salebeting kasunyatan ingkang *objektif* saking teges utawi maknaipun. Asil saking *sinthese* saha nyerat sujarah inggih menika *Karangan Sejarah Ilmiah* utawi *Karangan Sejarah Kritis (Historiografi)*. Kanthi lampah kasebut saged kapanggihaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ingkang kaserat mawi *historiografi*.

Salajengipun lampah utawi cara panaliten ingkang kaping kalih inggih menika *heuristik* lan *hermeneutik*. Miturut Nurgiyantoro (2018: 46) cara *heuristik* inggih menika cara anggenipun maos karya sastra wonten ing sistem *semiotik* ingkang kaping satunggal. Cara *heuristik* awujud pangertosan makna ingkang dipunkonvensi dening basa ingkang dipunginakaken. Cara menika asrig dipunwastani minangka makna ingkang kaserat ing kamus utawi Baoesastra. Wondene cara *hermeneutik* miturut Endraswara (2004: 42) ngandharaken bilih sejatosipun satunggaling cara nafsiraken *teks* adhedhasar *logika linguistik*. Kanthi lampah kasebut saged kapanggihaken kapribaden para pangarsa wonten ing naskah serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun.

Gambar 1
Bagan Nalaring Pikir



G. Panaliten Inggang Jumbuh

Panaliten inggang jumbuh inggih menika panaliten kagunganipun Afiliasi Ilafi rikala warsa 2015 kanthi irah-irahan serat *Nitik Bayunan dalam Kajian Filologis*. Wonten panaliten kasebut andharanipun fokus wonten ing deskripsi naskah, translitrasi, *Suntingan* saha terjemahan.

Ilafi (2015) ngandharaken bilih panaliten naskah serat *Nitik Bayunan* inggih menika salah satunggaling srana kangge nguri-uri warisan kabudayan bangsa Indonesia. Naskah serat *Nitik Bayunan* sumimpen ing *Perpustakaan Museum Radya Pustaka Surakarta* kanthi kode SMP-RP 58 Reel 16-26/10 saha minangka naskah tunggal. Nancy K. Florida nyerat naskah serat *Nitik Bayunan* ing katalog *Javanese Literature in Surakarta Manuscripts of the Radya Pustaka Museum and the Hardjonagaran Library*. Ilafi (2015: 26) ugi ngandharaken bilih sinaosa sampun kaserat ing katalog inggang dipunserat

dening Nancy K. Florida, naskah serat *Nitik Bayunan* dereng nate dipuntliti kaliyan tiyang sanes kanthi kajian *filologis* menapa dene kajian kanthi ngelmi sanesipun.

Naskah serat *Nitik Bayunan* dipunserat mawi aksara Jawa saha ngginakaken basa Jawi. Naskah serat *Nitik Bayunan* menika kaserat kanthi awujud tembang macapat sinom pathet barang. Naskah serat *Nitik Bayunan* dipunserat mawi seratan asta kanthi wujud aksara miring nganan. *Teks* serat *Nitik Bayunan* namung gadhah 63 gatra.

Tabel 4

Deskripsi naskah serat Nitik Bayunan

Irah-Irahan	Serat Nitik Bayunan
Papan Sumimpen	Perpustakaan Museun Radya Pustaka Surakarta
Aksara	Aksara Jawa
Basa	Jawi Enggal
Wujudipun	Tembang Macapat
Kode Koleksi	RP 58 7 (923 ser 3) Reel 16-26/10
Wekdal anggenipun Nyerat	1841
Cacahipun kaca	20 kaca (18 kaca isi, 1 kaca irah-irahan, 1 kaca katrangan naskah)
Kahanan Fisik	Kahanipun sae, wutuh, saged dipunwaos

Bedanipun kaliyan panaliten menika, inggih menika anggenipun ngrembag boten namung fokus wonten ing deskripsi naskah, translitrasi, *Suntingan* saha terjemahan kemawon. Ananging panaliten menika mliginipun ngrembag bab sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden para pangarsa Jawi gayut kaliyan serat *Wulang Reh* wonten ing salebeting naskah *NKRP*. Miturut serat *Wulang Reh* kapribaden para pangarsa ingkang sae inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, lembah manah, asih, adil, tepa salira, saha amanah. Kejawi saking menika deskripsi naskah *NKRP* ugi wonten bedanipun kaliyan naskah serat *Nitik Bayunan*. Naskah *NKRP* sumimpen ing Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB.C 71. Anggenipun nyalin naskah serat *NKRP* dipunlampahaken wonten ing 22 Maret 1935 ingkang kathahipun inggih menika 27 kaca. Miturut sinopsis ingkang dipundamel dening M. Sinoe Moendisoera, ingkang kagungan naskah inggih menika “Poerwodiprodjo, Panewoe Kraton Sala”. Serat *NKRP* cacahipun inggih menika 27 kaca saha kababaraken

mawi tembang macapat sinom ingkang cacahipun 63 pada ingkang dipunserat kanthi carik ngginakaken aksara jawa saha ngginakaken basa Jawi enggal.

Tabel 5

Deskripsi naskah serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun

Irah-Irahan	Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun
Papan Sumimpen	Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta
Aksara	Aksara Jawa
Basa	Jawi Enggal
Wujudipun	Tembang Macapat
Kode Koleksi	PB.C. 71
Wekdal anggenipun Nyerat	1935
Cacahipun kaca	28 kaca (27 kaca isi, 1 kaca irah-irahan)
Kahanan Fisik	Kahanipun sae, wutuh, saged dipunwaos

Panaliten ingkang jumbuh ingkang sanes inggih menika panaliten kagunganipun Edy Sulistiono. Ing warsa 2015 Edy Sulistiono ngampahaken panaliten kanthi irah-irahan *Diskursus Tokoh Arjuna Dalam Legitimasi Raja-Raja Jawa Dinasti Mataram*.

Panaliten menika ngginakaken jinis panaliten *kualitatif interpretative*. Panaliten *kualitatif interpretative* inggih menika nedahaken *analisis* ingkang ngandharaken *nilai-nilai* ingkang gayut kaliyan *data material* ingkang sampun kapanggihaken. Panaliten menika ngginakaken cara *hermeneutik*. Cara *hermeneutik* kaangkah supados mangertosi *filosofi interpretasi* sujarah kadadosanipun *diskursus* Arjuna ing jaman Sultan Agung ingkang taksih kagungan *implikasi* dhumateng budaya Jawi sakmenika.

Sulistiono (2015) ngandharaken bilih asil saking *diskursus* Arjuna inggih menika kadhidhikaken ngelmu bab Arjuna wonten ing pribadi lan *kolektif* ing Jawi kanthi miyosipun sadharipun saperangan *subyek* wonten ing satunggal *episteme* ingkang *menghegemoni legitimasi* pangarsaning Raja-Raja Mataram. Sulistiono (2015) ugi ngandharaken bilih wonten ing panaliten menika, wonten ukara “*dak pangestoni muga lanang yudamu*.” Inggih tegesipun “*saya berkahi agar menang dalam Perang*”. Maknanipun inggih menika jantan nuduhaken teges sipat-sipat jantan utawi lanang Arjuna wonten ing perangan pangarsanipun wonten ing perang ing donya kanuragan ing antawisipun para ksatriya minangka satunggaling pribadi ingkang kakendelanipun, tanggel jawab serta jujur ing salebeting paprangan.

Bedanipun panaliten kaliyan panaliten ingkang sampun kalampah, inggih menika wonten ing panaliten ingkang badhe kalampah mliginipun ngrembag bab sarasilah saha kapribaden para pangarsa Jawi gayut kaliyan serat *Wulang Reh* wonten ing salebeting naskah *NKRP*. Miturut serat *Wulang Reh* kapribaden para pangarsa ingkang sae inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, lembah manah, asih, adil, tepa salira, saha amanah.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinis Panaliten

Panaliten menika ngginakaken cara panaliten *deskriptif*, saha cara panaliten sujarah. Moleong (2005: 11) ngandharaken bilih panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang pethikannipun saking naskah wawan pirembagan, seratan lapangan, *foto*, *videotape*, dokumen pribadi, seratan utawi *memo*, saha dokumen resmi sanesipun. Pethikan ingkang dipunkempalaken awujud tembung-tembung, gambar, saha boten awujud angka.

Panaliten menika salajengipun ngginakaken cara panaliten sujarah. Miturut Sukanto,dkk, (1995: 66) panaliten *historis* kalampah kanthi mapinten-pinten cara. Cara ingkang kaping satunggal inggih menika *heuristik* mawi studi pustaka saha studi naskah. Naskah ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih naskah serat *NKRP*. Lampah ingkang kaping kalih inggih menika *kritik sumber*. *Kritik sumber* wonten ing panaliten menika ngginakaken sumber ingkang relevan kaliyan topik panaliten saha kahanan sumber kasebut wutuh. Lampah ingkang pungkasan inggih menika nyusun laporan ingkang wosipun sarasilah saking paragatama saha kapribadenipun para pangarsa wonten ing serat *NKRP*.

B. Data saha Sumber Data

Panaliten menika betahaken sumber *data*. *Data* utawi objek panaliten inggih menika gatra/ukara ingkang samangke nggambaraken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing serat *NKRP*. Kejawi saking menika ugi badhe kababar kapribaden pangarsa wonten ing serat *NKRP*.

Sumber *data* utawi *subjek* panaliten inggih menika naskah serat *NKRP*. Serat *NKRP* inggih menika salah satunggaling koleksi saking Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB C.71. Naskah Serat *NKRP* dipunsalin nalika 22 Maret 1935. Naskah serat *NKRP* kasalin kanthi 27 kaca. Miturut cathetan ingkang dipunserat dening M. Sinoe Moendisoera, ingkang kagungan naskah inggih menika “Poerwodiprodjo, Panewoe Kraton Sala”.

Serat *NKRP* cacahipun inggih menika 27 kaca saha kababaraken mawi tembang macapat sinom ingkang cacahipun 63 pada. Serat menika dipunserat kanthi carik ngginakaken aksara Jawa saha ngginakaken basa Jawa. Awit saking menika prelu

dipunalih aksara ing aksara latin utawi dipuntransliterasi kangge nggampilaken para pamaos anggenipun mangertosi wosipun serat *NKRP*.

C. Cara Ngempalaken *Data*

1. Metode Panaliten Filologi

Panaliten menika dipunlampahi kanthi cara lampahing panaliten sujarah ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika

a. *Inventarisasi* Naskah

Wonten ing panaliten menika ngginakaken lampah *inventarisasi* inggih menika kangge mangertosi papan sumimpenipun naskah wonten pundi kemawon. Ancas sanesipun inggih menika mangertosi naskah menika kalebet ing naskah tunggal menapa naskah jamak. *Inventarisasi* naskah saged dipunlampahaken kanthi cara *study* katalog dipunlajengaken pengamatan langsung. *Study* katalog dipunlampahaken kanthi kathah anggenipun maos katalog ingkang wonten utawi gayut kaliyan kabutuhan panaliti inggih menika maos naskah ingkang badhe dipuntliti. Katalog ingkang dipunwaos kaserat wonten ing ngandhap menika.

No	Katalog Naskah	Nomor Koleksi	Gunggungipun Naskah
1	<i>Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid 1</i> Museum Sonobudoyo Yogyakarta	PB C.71	1
2	<i>Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid 2</i> Kraton Yogyakarta	-	-
3	<i>Katalog Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya</i> Yogyakarta	-	-
4	<i>Katalog Naskah-Naskah Perpustakaan Pura Pakualaman</i>	-	-
5	<i>Katalog Koleksi Naskah Kuno dan Buku Lama Perpustakaan</i> Balai Pelestarian Nilai Budaya D.I.Yogyakarta	-	-
6	<i>Katalog Online Perpustakaan</i> UI	-	-
7	<i>Katalog Perpustakaan Nasional</i> Republik Indonesia	-	-
8	<i>Katalog Online Manuskrip Nusantara</i> Kementrian Agama Republik Indonesia	-	-
9	<i>Katalog Online Thesaurus of Indonesian Islamic Manuscripts</i>	-	-
10	<i>Katalog Online Dreamsea, Digitising Manuscripts Cultural Diversity</i>	-	-

b. *Deskripsi* Naskah

Deskripsi inggih menika gambaran kanthi jangkep bab samubarang ingkang dipunandharaken kanthi ukara ingkang cetha. *Deskripsi* naskah inggih menika gambaran kanthi jangkep bab kahanan naskah saha kahanan *teks* serat NKRK. *Deskripsi* naskah serat NKRK sampun kaserat wonten ing table 5.

c. Alih Tulis

Kanthi cara teoritis alih tulis *teks* wonten 2, inggih menika *transkripsi* saha *transliterasi*. Kanthi cara metodologi, alih tulis wonten 2, inggih menika metode *transkripsi diplomatik* saha *standar*, sarta metode *transliterasi diplomatik* saha *standar*.

Transkripsi wonten ing panaliten naskah serat NKRK ingkang dipunginakaken inggih menika *transkripsi standar*. Ngginakaken *metode transkripsi standar* inggih menika ngewahi ejaan utawi aksara ing salebeting serat NKRK dhateng aksara Latin kanthi ancas kangge nglestantunaken *teks*.

Wonten ing panaliten naskah serat NKRK menika *metode transliterasi* ingkang dipunginakaken inggih menika *metode transliterasi standar*. Ngginakaken *metode transliterasi standar* inggih menika kanthi ndamel alih tulis seratanipun *teks* naskah serat NKRK kanthi adhedhasar ejaan ingkang sae (*EYD*) saking aksara Jawa dhateng ing aksara Latin.

d. *Suntingan Teks*

Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun dipuntemtukaken minangka dhasaring *suntingan teks* sabibaripun dipunwaos. Trep kaliyan kahananing sumber data, pramila metode *Suntingan* ingkang trep inggih menika *penyuntingan kritis*. Dhasaring *Suntingan kritis* inggih menika (1) saking *aspek* kahanan fisik naskah taksih jangkep, taksih resik boten wonten corekan utawi seratan-seratan sanes saking ingkang ngampil, (2) saking *aspek paleografi* (seratan kino): naskah *Serat NKRK* taksih kaserat asta, wujud seratanipun ugi cetha saha gampil anggenipun maos, (3) saking *aspek* naskah: ngemot wos ingkang jangkep saha boten uwal antawisipun naskah satunggal kaliyan naskah sanesipun.

e. Terjemahan

Nurhayati, dkk (2018: 93) ugi ngandharaken bilih pokokipun *terjemahan* saged karingkes dados tiga inggih menika *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi makna, *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* dipuntidakaken kangge ngewahi basanipun serat NKRK inggih menika ngewahi saking basa Jawi ing basa Indonesia kanthi nyerat *terjemahan* saben tembungipun.

Ananging bilih menawi *terjemahan*ipun mawi *terjemahan harfiah* tembungipun wonten ingkang kirang trep, pramila salajengipun dipun*terjemahaken* ngginakaken *terjemahan isi* utawi *makna*. *Terjemahan isi* utawi *makna* inggih menika nggantos tetembungan basa *sumber* ing tetembungan basa *sasaran* ingkang jumbuh. Ananging bilih menawi *terjemahan*ipun mawi *terjemahan harfiah* saha *terjemahan isi* utawi *makna* tembungipun ugi taksih wonten ingkang kirang trep, pramila lajeng dipun*terjemahaken* ngginakaken *terjemahan bebas*.

f. *Analisis Teks*

Analisis teks dipuntindakaken kanthi madosi tegesipun tetembungan saha madosi isinipun *teks*. Ancasipun inggih menika supados saged mangretos isinipun *teks*. Sasampunipun mangretos isinipun *teks* salajengipun kapanggihaken kawruh ngengingi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribadenipun pangarsa Jawi wonten ing salebeting serat NKRP. Asil saking *analisis teks* kaangkah supados saged nggampilaken pamaos mangretosi isinipun *teks*.

2. Metode Panaliten Sujarah

Panaliten menika dipunlampahi kanthi cara lampahing panaliten sujarah ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- a. Pados sumber-sumber katrangan utawi pados bukti-bukti sejarah. Lampah menika dipunwastani *heuristik*. Lampah *heuristik* inggih menika lampah kaping satunggal ing salebeting nyerat sujarah. Wonten ing panaliten menika, panaliti pados bukti utawi bahan sumber ingkang dipunbetahaken, inggih menika serat *NKRP* ing Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB C.71.
- b. Nguji bahan-bahan sumber kasebut saking *sudut pandang* kasunyatan, lampah kaping kalih menika dipunwastani *kritik sumber* utawi *kritisisme*. Minangka lampah panaliten sujarah ingkang wigati, asring sinebut bilih sedaya lampah saking metode sujarah menika dipunwastani minangka *Kritisisme Sejarah*. Netepaken utawi nguji bahan sumber kanthi kritik *eksternal* saha kritik *internal* kangge nemtokaken *otentisitas (kesahihan)* saking bahan sumber saderengipun dipunginakaken ing salebeting panaliten.

1) Kritik Eksternal

Wonten ing panaliten menika bahan sumber ingkang badhe dipuntliti inggih menika serat *NKRP* saking Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB C.71. Menawi dipuntingali saking kritik *eksternal*, serat *NKRP* menika

kagunganipun “Poerwodiprodjo, Panewoe Kraton Sala”. Serat kasebut dipunserat kanthi carik utawi kaserat asta ngginakaken aksara Jawa saha ngginakaken basa Jawi enggal. Miturut katalog induk ing Museum Sonobudoyo, naskah serat *NKRP* kasalin ing Surakarta nalika 22 Maret 1935. Naskah serat *NKRP* kasebut sumimpen ing perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta. Serat *NKRP* kasebut wosipun wonten 27 kaca ingkang kababar mawi tembang macapat sinom kanthi 63 pada. Kahanan *fisik* serat *NKRP* taksih wutuh saha sae saengga taksih saged dipunwaos kanthi sae.

2) Kritik Internal

Wonten ing panaliten menika bahan sumber ingkang badhe dipuntliti inggih menika serat *NKRP* saking Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta kanthi kode PB C.71. Menawi dipuntingali saking kritik *internal*, wonten ing salebeting serat *NKRP* menika kacariyosaken sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun, putri Pakubuwana 7 saking GKR Pakubuwana saking sarasilah rama saha ibu kekalihipun dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan saking Majapahit.

Anggenipun nemtokaken *otentisitas (kesahihan)* inggih menika kanthi ningali panaliten ingkang jumbuh saperlu mbandingaken wosipun sujarah ing salebeting serat *NKRP*. Kanthi wontenipun sumber sanes ingkang sampun dados panaliten ingkang jumbuh ing panaliten menika, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih sumber panaliten inggih menika serat *NKRP* minangka sumber ingkang saged dipunpitados.

- c. Nyerat cariyos kanthi resmi saking pethikan ingkang kapanggihaken saking lampah *Heuristik* saha *Kritisisme*. Lampah ingkang kaping tiga inggih menika nyusun pethikan sujarah ingkang sampun dipunkempalaken saha dipunserat wonten ing salebeting watesan kasunyatan ingkang *objektif* saking teges utawi maknaipun. Lampah kaping tiga menika dipunwastani *Sinthese*. Asil saking *Sinthese* saha nyerat sujarah inggih menika *Karangan Sejarah Ilmiah* utawi *Karangan Sejarah Kritis (Historiografi)*. Dene wonten ing panaliten menika asil ingkang dipunpanggihaken namung winates wonten ing sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun kemawon.

3. Metode Heuristik lan Hermeneutik

Wonten ing panaliten menika ugi kaginakaken cara *heuristik* saha *hermeneutik*. Ancasipun ngginakaken cara *heuristik* saha *hermeneutik* inggih menika kangge

mangertosi kapribaden para pangarsa ing salebetipun serat *NKRP*. Cara *heuristik* menika kangge manggihaken makna satuan lingual adhedhasar kamus utawi bausastra. Wondene cara *hermeneutik* menika kaginakaken kangge manggihaken makna ingkang langkung lebet menapa dene ingkang kasirat.

D. Piranti Ngempalaken Data

Piranti panaliten menika dipunginakaken kangge nggampilaken anggenipun ngempalaken *data-data* ingkang samangke dipunbetahaken ing salebeting panaliten. Piranti panaliten ing salebeting panaliten menika ngginakaken panaliti piyambak minangka *instrument* utawi *human instrument*. Panaliti saged sesambetan kaliyan lingkungan, saha saged mlebet wonten ing lingkungan kasebut, saged ngolah *data*, saged caos *verifikasi data*, saha saged madosi panemu sanes kanthi umum.

Piranti panaliten ing salebeting panaliten menika boten namung panaliti piyambak, ananging ugi ngginakaken kertu *data* saha *tabel analisis data* minangka srana. Kertu *data* saha *tabel analisis data* dipunginakaken kangge nyerat *data* saha nyerat *analisis data*. Wujud saking kertu *data* saha *tabel analisis data* menika ngewrat katrangan ngengingi nama saha kapribaden para pangarsa utawi ratu ing serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*.

Tabel 6

Tuladhanipun kartu data ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP

Nomor pethikan	p.9/SNKRP/g.1-3
Pada/gatra	9/1-3
Data	sinung nama harya damar ngibawa sasat NarPaTi suyut praja kering Kannan
Teges	<i>mempunyai nama Arya Damar berwibawa seperti Narpati (ratu) asih kepada Negara kiri dan kanan</i>
Tokoh	Arya Damar
Kapribaden	Wicaksana, asih

Tabel 7

Tuladha Analisis Data ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP

No. <i>Data</i>	Pada /gatra	<i>Data</i>	Teges	Tokoh	Kapribaden Pangarsa							
					Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggél Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
p.9/ SNKR P/ g.1-3	9/1-3	sinung nama harya damar ngibawa sasat NarPaTi suyut praja kering Kannan	mempuny ai nama Arya Damar berwibaw a seperti Narpati (ratu) asih kepada Negara kiri dan kanan	Arya Damar	✓				✓			

Teknik anggenipun ngempalaken *data* ing panaliten menika inggih menika kanthi cara studi pustaka. Kalajengaken maos naskah Serat *NKRP* dipunlampahi kanthi cermat saha teliti sarta dipunlampahi kanthi makaping-kaping supados saged manggihaken wosing naskah saha nyerat sedaya bab ingkang gayut kaliyan perkawis panaliten ingkang samangke saged ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun, saha ngandharaken kapribaden para pangarsa ing Serat *NKRP*.

E. Cara Analisis *Data*

Cara *analisis data* ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis deskriptif*. Cara *analisis data* kanthi cara *analisis deskriptif* ingkang jumbuh kaliyan ancas panaliten inggih menika kangge ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha ngandharaken kapribaden para pangarsa wonten ing naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*. Cara *analisis data* wonten panaliten menika gadhah sekawan lampah, inggih menika (1) *reduksi data*, (2) *klasifikasi data*, (3) *display data*, saha (4) *penafsiran* utawi *interpretasi* (Kaelan, 2005: 69-70). Andharan bab *analisis pethikan* kasebut badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Reduksi data* inggih menika maos kanthi permati supados saged kepanggih kaliyan *data* ingkang wigati gayut kaliyan wosipun *teks* inggih menika ingkang ngewrat kawruh. Adhedhasar serat *NKRP* ingkang sampun dipunwaos kanthi permati kapanggihaken pethikan ingkang badhe dipun*reduksi*, saengga pikantuk pethikan ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten.
2. *Klasifikasi data*, lampah *analisis data* menika katindakaken kanthi merang gatra utawi pada ingkang ngemu kapribaden para pangarsa miturut serat *Wulang Reh* wonten ing salebeting serat *NKRP*. Wondene kapribaden ingkang dipunginakaken inggih menika adhedhasar serat *Wulang Reh*, bilih pangarsa Jawi ingkang sae kedah kagungan kapribaden inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah. Gatra utawi pada ingkang sampun dipunpanggihaken ing serat *NKRP* samangke lajeng dipunklasifikasi miturut kapribadenipun para pangarsa Jawi adhedhasar serat *Wulang Reh*.
3. *Display data*, inggih menika ngrantam *data-data* kasebut wonten ing satunggaling *peta* ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten. Lampah menika katindakaken kanthi nyerat *data* menika wonten ing *tabel data* ingkang sampun sumadya.
4. *Penafsiran*, inggih menika ngrembag *data* miturut *konteks*-ipun, inggih menika damel andharan ingkang gayut kaliyan *data* ingkang badhe dipunrembag kanthi cara *deskriptif*.

F. Cara Ngesahaken Data

Cara ngesahaken *data* ing panaliten menika dipunlampahi inggih kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* saha *reliabilitas* menika dipunginakaken kangge mangertosi sah menapa boten *data* ingkang sampun dipuntliti.

Validitas ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantik* saha *triangulasi teori*. *Validitas semantik* inggih menika kadospundi negesi tetembungan miturut *konteks*-ipun (Endraswara, 2003: 164). *Validitas semantik* menika dipunlampahi kanthi negesi *data* ingkang wujudipun tembung saha kelompok tembung, miturut pandhapuking *teks* inggih menika tembang. Kanthi ngginakaken *validasi semantik*, *data* wonten ing serat *NKRP* ingkang awujud gatra saking tembang sinom saged dipuntegesi tetembunganipun miturut *konteks*ipun.

Validasi ingkang salajengipun inggih menika *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* inggih menika njumbuhaken *data* saking asiling panaliten kaliyan teori ingkang jumbuh

(Arikunto, 1956: 142). Cara menika dipunginakaken amargi *data* wonten ing serat NKRP ingkang awujud gatra saking tembang sinom saged *valid* bilih kajumbuhaken kaliyan teorinipun para ahli.

Wondene *reliabilitas* ingkang badhe dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *interrater*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika maos *teks* serat NKRP kanthi cara dipunambal-ambali satemah pikantuk *data* ingkang sami. Anggenipun nindakaken panaliten kanthi tliti, inggih maos kanthi premati (Endraswara, 2003: 165). *Reliabilitas interrater* katindakaken kanthi cara nyuwun tetimbangan tiyang sanes nalika panaliten, inggih menika dhateng *dosen* ingkang mumpuni inggih menika ing *bidang filologi*, sujarah saha *sastra*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN

A. Asiling Panaliten

Wonten ing bab menika badhe kababaraken asiling panaliten saha pangrembag saking asiling panaliten kasebut. Asiling panaliten inggih menika awujud bagan sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa ing salebeting serat *NKRP*. Wondene pangrembag saking asiling panaliten inggih menika sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing serat *NKRP* saha kapribaden para pangarsa ing serat *NKRP*.

1. Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun

Wonten ing salebeting serat menika kacariyosaken sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saking Banyumas saha Madura. Kanjeng Ratu Pambayun inggih menika putri Pakubuwana 7 saking GKR Pakubuwana saking sarasilah Rama saha Ibu kekalihipun dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan saking Majapahit.

Sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saking trah Madura inggih menika dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan, dipunlajengaken dening Jaka Dilah utawi Arya Damar, lajeng Raden Menak Sunaya, Arya Kedhot Wirotama, Arya Pucuk, Demung Palakaran, Pangeran Agung Panengran, Panembahan Lemah Dhuwur, Pangeran Tengah, Pangeran Arya Prasena utawi Pangeran Cakraningrat 1. Kalajengaken Raden Undagan utawi Pangeran Cakraningrat 2 utawi Panembahan Kang Seda Kamal, Pangeran Cakraningrat 3 utawi Pangeran Cakraningrat Nenggih Kang Seda Bahita Kapal, Pangeran Cakraningrat 4 utawi Pangeran Seda Kap, Cakraningrat 5 utawi Panembahan Cakraningrat Seda Mukti, Cakraningrat 7, lajeng Ratu Kencanawungu ingkang dipunpendhet garwa kaliyan Pakubuwana 4. Ratu Kencanawungu kaliyan Pakubuwana 4 kagungan putra inggih menika Pakuwuna 7. Pakubuwana 7 inggih menika ramanipun Kanjeng Ratu Pambayun.


Salajengipun sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saking trah Banyumas inggih menika dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang kagungan putra asmanipun Arya Bribin, kalajengaken Adipati Wiratama 1, Adipati Wiratama 2, Adipati Wiratama 3 utawi Prajurit Suratama, Adipati Warga Utama. Adipati Warga Utama kagungan putri ingkang asmanipun Rara Kartimas. Rara Kartimas menika dipunpendhet garwa kaliyan Jaka Kahiman. Salajengipun Rara Kartimas kaliyan Jaka Kahiman kagungan putra ingkang asmanipun Ngabehi Janah. Saking Ngabehi Janah, sarasilah ingkang salajengipun inggih menika Ki Ngabehi Martasura, Ki Tumenggung

Martayuda 1, Martayuda 2 utawi Yudanegara 1 utawi Tumenggung kang seda ing masjid, Yudanegara 2 utawi Dyan Tumenggung Kang Seda aneng Pendhapa, Pekik utawi Tumenggung Yudanegara 3 utawi Danureja 1, Tumenggung Yudanegara 4, Dyan Ayu Mangkubumi, saha Ratu Kencana. Ratu Kencana dipunpendhet garwa kaliyan Pakubuwana 4.

Asil panaliten sarasilah saking naskah serat *Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* menika saged kababar mawi bagan saha pratelan kados ing ngandhap menika.

Gambar 2

Bagan Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun



Katrangan :

- Panah biru : Palakrama/ jejodhohan
- Panah jene : Tedhakipun
- Panah abrit : Putra angkat

2. Kapribaden Para Pangarsa ing Serat NKR

Asil panaliten ingkang salajengipun inggih menika kapribaden para pangarsa ing naskah serat *NKR*. Wonten ing panaliten menika kaandharaken bab kapribaden

pangarsa Jawi adhedhasar serat *Wulang Reh*. Kapribaden adhedhasar serat *Wulang Reh* inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah.

Wonten ing panaliten menika kapanggihaken kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping satunggal inggih menika wicaksana. Kapribaden wicaksana kapanggihaken 4 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Arya Damar kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.9/SNKRP/g.3, Patih Cakrajaya kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.25/SNKRP/g.9, Adipati Warga Utama kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.40/SNKRP/g.3, saha Jaka Kahiman kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.56/SNKRP/g.6-8.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping kalih inggih menika sabar. Kapribaden sabar utawi lembah manah kapanggihaken 12 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Gusti Kanjeng Sekaring Puri kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.4/SNKRP/g.8, Menak Sunaya kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.10/SNKRP/g.3, Arya Kedhot Wirotama kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.11/SNKRP/g.2, Arya Pucuk kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.11/SNKRP/g.4, Panembahan Tengah kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.13/SNKRP/g.9, Pangeran Cakraningrat 2 kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.17/SNKRP/g.2, Pangeran Cakraningrat 3 kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.24/SNKRP/g.9, Ki Ageng Senon kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.38/SNKRP/g.7, Adipati Warga Utama kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.52/SNKRP/g.9, Ki Ngabehi Martasura kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.58/SNKRP/g.9 saha P.59/SNKRP/g.1, saha Pekik kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.61/SNKRP/g.5.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping tiga inggih menika wasis ing samubarang padamealan. Kapribaden wasis menika kapanggihaken 4 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Arya Timbul kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.10/SNKRP/g.6, Wira Utama 2 kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.37/SNKRP/g.3, Wira Utama 3 kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.37/SNKRP/g.4, saha Arya Kedhot kanthi nomor *datanipun* inggih menika P.11/SNKRP/g.2.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping sekawan inggih menika tanggel jawab. Kapribaden tanggel jawab kapanggihaken 4 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Pangeran Cakraningrat 2 kanthi nomor *datanipun*

inggih menika P.19/*SNKRP*/g.8, Pangeran Cakraningrat 3 kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.27/*SNKRP*/g.4-5, Adipati Warga Utama kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.40/*SNKRP*/g.3, saha Ki Ageng Toya Reka kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.44/*SNKRP*/g.9.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping gangsal inggih menika asih. Kapribaden asih menika kapanggihaken 9 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Arya Damar kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.9/*SNKRP*/g.3, Sultan Agung kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.14/*SNKRP*/g.6-7 saha P.15/*SNKRP*/g.1-7, Pangeran Puger utawi Pakubuwana 1 kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.21/*SNKRP*/g.5-7, Ki Ageng Toya Reka kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.44/*SNKRP*/g.9, Sultan Hadiwijaya kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.50/*SNKRP*/g.8-9 saha P.57/*SNKRP*/g.5-6, Jaka Kahiman kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.56/*SNKRP*/g.2, saha Pekik kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.61/*SNKRP*/g.5.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping enem inggih menika adil. Kapribaden adil menika kapanggihaken 1 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Jaka Kahiman kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.56/*SNKRP*/g.8.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping pitu inggih menika tepa salira. Kapribaden tepa salira menika kapanggihaken 1 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Jaka Kahiman kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.56/*SNKRP*/g.6-8.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang kaping wolu inggih menika amanah. Kapribaden amanah menika kapanggihaken 6 pethikan. Asmanipun pangarsa ing pethikan kasebut inggih menika Pangeran Puger utawi Pakubuwana 1 kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.20/*SNKRP*/g.8-9, saha P.21/*SNKRP*/g.5-7, Amangkurat 2 kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.31/*SNKRP*/g.5-7, Sultan Hadiwijaya kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.38/*SNKRP*/g.4, saha P.52/*SNKRP*/g.5, saha Gandhekipun Sultan Hadiwijaya kanthi nomor *datanipun inggih* menika P.54/*SNKRP*/g.9.

Kapribaden para pangarsa ingkang kapanggihaken wonten ing naskah serat *NKRP* saged kababar mawi tabel wonten ing ngandhap menika.

Tabel 8

Asiling Panaliten Kapribaden Pangarsa ing Salebeting Serat NKRP

No	Data	Kapribaden	Indikator
1	wus hutusan tinampan panungkulira	Wicaksana	Bisa nganggo bebudene kalawan baner
2	sarjana tur parikrama	Wasis	Saged nindakaken sedaya padamelan
3	sor tapaning pra maharsi	Sabar	Boten sumadya nepsunipun
4	suyut praja kering Kanan	Asih	Tresna marang sakiwa tengenipun
5	pinara sakawan adil	Adil	Jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan, boten pilih sih
6	pangeran anarik keris saha samangsah aglis	Tanggél Jawab	Nanggung yen ana alane, nanggun yen ana pekewuhe
7	amrih utameng tumuwuh siti ing wirasaba pinara sakawan adil	Tepasalira	<i>Toleransi</i> / tepasalira kaliyan sedherekipun
8	dutendra anututi	Amanah	Saged dipunpitados atur/ dhawuhipun

B. Pirembagan

Naskah serat *NKRP* inggih menika karya sujarah ingkang arupi *historiografi* tradhisional. Naskah kasebut kalebet ing *historiografi* tradhisional amargi gadhah sipat *istana sentris* utawi kraton *sentris* ingkang ngandharaken gesangipun kulawarga kraton. Salajengipun asipat *religio magis*, ratu menika dipunserat minangka manungsa ingkang gadhah daya linangkung ing bathin. Salajengipun asipat *etnosentris* ingkang tegesipun karya sujarah menika kaserat mligi dhumateng suku bangsa saha budaya ingkang wonten ing wewengkon kraton. Wonten ing perangan menika badhe kaandharaken pirembagan bab sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden para pangarsa ingkang kawrat wonten ing salebeting naskah serat *NKRP*.

1. Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun

Wonten ing naskah serat *Nitik Kanjeng Ratu Pambayun* nyariosaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun, putri saking Pakubuwana 7 saha GKR Pakubuwana. Sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun wonten ing panaliten menika dipunperang dados kalih, inggih menika sarasilah saking trah Madura saha sarasilah saking trah Banyumas.

a. Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun saking Trah Madura

1) Brawijaya dumugi Pangeran Tengah ing Madura

Garising sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun ingkang saking wewengkon Madura kawiwitan saking Prabu Brawijaya pungkasan ing Majapahit ingkang apuputra Arya Damar utawi Jaka Dilah. Wonten ing naskah katedahaken ing kaca 4 pada 8 gatra 6 dumugi 9 saha pada 9 gatra 1 ingkang seratanipun,

*wiwit Brawijaya Prabu pamekas majalengka,
atmaja ingkang pangarsi,
jaka dilah tinanem aneng Palembang.
Sinung nama arya damar.*

Wonten ing salabeting pethikan kasebut tegesipun inggih menika wiwit saking Prabu Brawijaya pungkasan ing Majapahit ingkang kagungan putra utawi atmaja ingkang asmanipun inggih menika Jaka Dilah. Jaka Dilah menika dipuntilar wonten ing Palembang saha salajengipun kasinungan asma Arya Damar. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Achmad (2013: 54-55) bilih Jaka Dilah menika saestu putranipun Prabu Brawijaya ing Majapahit saking ibunipun ingkang asma Ni Endang Sasmitapura. Salajengipun Jaka Dilah dipunangkat minangka Raja ing Palembang kanthi jejuluk Arya Damar.

Wonten ing naskah *NKRP* kacariyosaken bilih Arya Damar krama kaliyan piyantun Cina saha kagungan putra kanthi asma Raden Menak Sunaya ingkang wonten ing wewengkon Madura. Wonten ing naskah serat *NKRP* kaserat wonten ing pada 9 gatra 7 dumugi gatra 9 ingkang seratanipun inggih menika

*garwa paringing rama,
putri sing sina nagari,
puputra raden menak sunaya.*

Wonten ing salebeting pethikan kasebut tegesipun inggih menika Arya Damar dipunparingi garwa kaliyan ramanipun. Garwanipun menika saking negari Cina. Saking garwa menika Arya Damar kagungan putra ingkang asmanipun inggih menika Raden Menak Sunaya. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Pujimahanani, dkk (2014: 7) bilih Arya Damar jumeneng ing nagari Palembang saha kagungan putra inggih menika Menak Sunaya.

Salajengipun Raden Menak Sunaya kagungan putra ingkang asmanipun Arya Timbul utawi Arya Kedhot Wirotama. Wonten ing salebeting naskah serat *NKRP* kaserat wonten ing pada 10 gatra 4 dumugi 9 ingkang seratanipun

*susuta jalu senakti,
arya timbul kakasih,
tan nana braja tumanduk,
hayoga ya mangkana,*

*kalokeng jana sinakti,
sinung aran harya kedhot Wirotama.*

Wonten ing salebeting pethikan kasebut tegesipun inggih menika Raden Menak Sunaya kagungan putra jaler ingkang asmanipun Arya Timbul. Arya Timbul menika tiyang ingkang sekti. Arya Timbul ugi kaparingan asma Arya Kedhot Wiratama.

Arya Kedhot Wiratama kagungan putra ingkang asmanipun Arya Pucuk. Wonten ing salebeting naskah *NKRP* kaserat wonten ing pada 11 gatra 3 dumugi 7 ingkang seratanipun

*susuta jalu prawira,
wit rare karem teteki,
arya pucuk wawangi,
diwasa ingambil mantu,
maring ki ageng Sampang.*

Pethikan menika ngemu teges bilih Arya Pucuk menika putranipun Arya Kedhot Wiratama ingkang kapendhet mantu dening Ki Ageng Sampang.

Arya Pucuk kagungan sekawan putra, ingkang kasepuhan inggih menika Demung Palakaran pangarsa ing Ngarisbaya. Andharan menika kawrat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 12 gatra 5 dumugi 7 ingkang seratanipun inggih menika

*susuta patang siki,
ingkang pangarsa jujuluk,
dyan demung palakaran.*

Demung Palakaran kagungan putra wolu, ingkang kaping tiga inggih menika Pangeran Agung Panengran ugi dados pangarsa ing Ngarisbaya nglintir palengahanipun tiyang sepuhipun. Andharan menika kaserat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 12 gatra 8 dumugi 9 ugi ing pada 13 gatra 1 dumugi 3. Pada 12 gatra 8 dumugi 9 seratanipun inggih menika

*ing ngarisbaya sisiwi,
astha kehnya winarna ingkang pandhadha.*

Wondene pada 13 gatra 1 dumugi 3 seratanipun inggih menika

*pangeran Agung panengran,
ing ngarisbaya sumilih, napak tilasing sudarma.*

Pangeran Agung Panengran kagungan sekawan putra, ingkang kaping satunggal inggih menika Panembahan Lemah Dhuwur. Andharan menika kaserat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 13 gatra 4 dumugi 6 ingkang seratanipun inggih menika

*puputra catur winarni,
amung ing pangarsi,
Panembahan lemah dhuwur,
ngarsameng ngarisbaya.*

Wonten ing salebeting pethikan kasebut kaandharaken bilih Pangeran Agung Panengran kagungan putra asmanipun inggih menika Panembahan Lemah Dhuwur ingkang ugi dados pangarsa ing Ngarisbaya. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Hernawan (2016: 246) bilih pangarsa ingkang islam saking Madura wetan inggih menika Pratanu. Ing wekdal salajengipun jumeneng ing Ngarisbaya kanthi asma Panembahan Lemah Dhuwur.

Putra Panembahan Lemah Dhuwur ingkang angka tiga inggih menika jaler. Putra kasebut asmanipun inggih menika Pangeran tengah. Andharan menika kaserat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 13 gatra 8 dumugi 9 saha pada 14 gatra 1. Pada 13 gatra 8 dumugi 9 seratanipun inggih menika

*putra ponycawlas winilis,
kang pandhadha jalu ambeg martotama.*

Wondene pada 14 gatra 1 inggih menika

nama Panembahan tengah

Seratan kasebut tegesipun inggih menika panembahan Lemah Dhuwur kagungan putra ingkang cacahipun gangsal welas. Putra ingkang kaping tiga kagungan manah ingkang sabar saha bebuden ingkang sae. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Aminudin Kasdi wonten ing Hernawan (2016: 246) bilih sasedanipun Panembahan Lemah Duwur, ingkang dados pangarsa ing Ngarisbaya inggih menika putranipun ingkang asmanipun Panembahan Tengah.

2) Trah Cakraningrat ing Madura

Pangeran Tengah kagungan putra kanthi asma Arya Prasena. Andharan menika kaserat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 14 gatra 1 dumugi 9 ingkang seratanipun inggih menika

*nama Panembahan tengah,
ing ngarisbaya sisiwi,
panengran arya Prasena
madeging sampang dipati,
sor nungkul mring Matawis,
sinihan mring Sultan Agung,
linuntut putra angkat,
kinen dadalem Matawis,
sinung nama Panembahan Cakraningrat.*

Pethikan pada 14 menika kagungan teges bilih Pangeran Tengah kagungan putra kanthi asma Arya Prasena. Arya Prasena menika ingkang dados Adipati Sampang. Arya Prasena salajengipun dipunpendhet minangka putranipun Sultan

Agung. Awit saking menika Arya Prasena dados tiyang ingkang dipunpitados dening Sultan Agung kanthi asma Cakraningrat 1. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Hernawan (2016: 246) bilih putranipun Pangeran Tengah ingkang kaping tiga asmanipun inggih menika Prasena. Prasena dipunpendhet minangka putra angkat dening Sultan Agung. Nalika sampun diwasa Prasena dipunjumenengaken minangka pangarsa ing Madura kanthi asma Cakraningrat 1.

Cakraningrat 1 kagungan putra kakung saha estri cacahipun 17. Putranipun ingkang angka pitu asmanipun Raden Undagan. Andharan kasebut kaserat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 15 gatra 9 ingkang seratanipun

puputra jalwestri kehnya saptawlas

kaliyan pada 16 gatra 1 dumugi 2 ingkang seratanipun inggih menika

*putra ingkang angka sapta,
nama dyan Undakan nguni.*

Pethikan pada 15 saha 16 kasebut tegesipun inggih menika Cakraningrat 1 kagungan putra kapitu ingkang asmanipun inggih menika Raden Undagan.

Raden Undagan ugi sinebut Panembahan Kang Seda Kamal. Kacariyos wonten ing naskah serat *NKRP* pada 22 gatra 1 dumugi 8 ingkang seratanipun inggih menika

*wusana duk prapteng kamal,
padesan madura nagri,
gerah mung sawatara,
dadya jalaraning tekdir,
Panembahan ngemasi,
Dadya kang nama kasebut,
Panembahhan kang seda,
kamal katelah samangkin.*

Pethikan kasebut ngemu teges inggih menika ing Madura wewengkon Kamal, Raden Undagan utawi Cakraningrat 2 seda amargi gerah saha asmanipun sinebut minangka Panembahan Kang Seda Kamal.

Raden Undagan utawi Cakraningrat 2 kagungan putra sedasa. Putra ingkang kaping tiga inggih menika asmanipun Cakraningrat 3. Andharan kasebut kaserat wonten ing pethikan naskah serat *NKRP* pada 22 gatra 9 saha ing pethikan pada 23 gatra 1 dumugi 2 ingkang seratanipun inggih menika

*apuputra jalwestri dasa juga,
kang pandhadha winursita,
pastinira nunggak semi.*

Wonten ing salebeting naskah Cakraningrat 3 ugi sinebut Pangeran Cakraningrat Nenggih Kang Seda Bahita Kapal. Andharan kasebut kaserat wonten ing pada 31 gatra 1 dumugi 3 ingkang seratanipun inggih menika

*dadya kasebuting nama,
Pangran Cakraningrat nenggih,
kang seda baita kapal.*

Salajengipun rayinipun Cakraningrat 3 nglintir kalenggahanipun kanthi asma inggih menika Cakraningrat 4. Wonten ing salebeting naskah serat *NKRP* katedahaken ing pada 31 gatra 4 dumugi 8 ingkang seratanipu inggih menika

*dene wau ingkang rayi,
katrima maring kang ngaji,
winangkat ingkang palungguh,
gumanti ingkang raka,
jujuluk anunggak semi.*

Pethikan kasebut ngemu teges inggih menika Cakraningrat 3 kagungan rayi. Sasedanipun Cakraningrat 3, Cakraningrat 4 nglintir kalenggahanipun kang raka. Wonten ing salebeting naskah *NKRP* dipunandharaken bilih Cakraningrat 4 ugi sinebut Pangeran Seda Kap. Andharan kasebut kaserat wonten ing pada 32 gatra 5 saha 6 ingkang seratanipun inggih menika

*kalantur den wastani,
Pangran seda kap puniku.*

Inkang dipunwastani Pangeran Seda Kap inggih menika Pangeran Cakraningrat 4. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Hernawan (2016: 247) bilih Cakraningrat 4 kacepeng dening Walandi ing Banjarmasin, lajeng dipunbucal ing *Kaap de Goede Hoop*. Cakraningrat seda wonten ing papan kasebut lajeng adhedhasar menika Cakraningrat 4 kagungan asma Pangeran Sidengkap utawi Seda Kap.

Pangeran Cakraningrat 4 utawi Pangeran Seda Kap kagungan putra. Putranipun inggih menika Cakraningrat 5 utawi Panembahan Cakraningrat Seda Mukti. Wonten ing salebeting naskah serat *NKRP* kaserat wonten ing pada 32 gatra 6 dumugi 8, seratanipun inggih menika

*Pangran seda kap puniku,
puputra Panembahan,
Cakraningrat seda mukti.*

Panembahan Seda Mukti utawi Panembahan Sidamukti menika salajengipun nglajengaken dados Adipati wonten ing Madura kanthi gelar Pangeran Cakraningrat 5.

Pangeran Cakraningrat 5 kagungan putra kathah, ananging ingkang dipunsebataken wonten ing sajroning naskah serat *NKRP* namung setunggal, inggih menika Dyan Ayu Cakradiningrat. Wonten ing sajroning naskah serat *NKRP* kawrat wonten ing Pada 32 gatra 8 dumugi gatra 9, saha pada 33 gatra 1. Pada 32 gatra 8 dumugi gatra 9 seratanipun inggih menika

*Cakraningrat seda mukti,
putrannya keh kang winarna amung juga.*

Wondene wonten ing pada 33 gatra 1 seratanipun inggih menika *dyannayu cakradiNingngrat*. Wonten ing gatra-gatra menika saged dipunpanggihaken katrangan bilih Pangeran Cakraningrat Sidamukti menika gadhah putra kathah, salah satunggalipun inggih menika Dyan Ayu Cakradiningrat.

Andharan saking trah Cakraningrat ing inggil menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Hernawan (2016: 247) bilih ingkang angka satunggal Pangeran Pratanu (Panembahan Lemah Duwur, 1531 - 1592), ingkang angka kalih Pangeran Tengah, 1592 - 1620), ingkang kaping tiga inggih menika Raden Prasena utawi Pangeran Cakraningrat I, 1621 - 1624, ingkang kaping sekawan Raden Undakan utawi Pangeran Cakraningrat 2, 1648 - 1707, ingkang kaping gangsal Raden Toemenggoeng Soeroadiningrat utawi Pangeran Cakraningrat 3, 1707 - 1718, ingkang kaping enem Pangeran Sidengkap utawi Pangeran Cakraningrat 4, 1718 - 1745, ingkang kaping pitu Pangeran Sidomoekti utawi Pangeran Cakraningrat 5, 1745 – 1770.

Dyan Ayu Cakradinigrat kagungan putra 12. Inggang angka 6 asmanipun Kanjeng Ratu Kencanawungu, ingkang ing tembe kagarwa dening Prabu Pakubuwana IV. Wonten ing salebeting naskah serat *NKRP* kacariyosaken wonten ing pada 33 ingkang seratanipun

*dyan ayu Cakradiningrat,
ing pamekasan nagari,
putra sadaya dwi welas,
angka nem mijil sawestri,
warnanirayu luwih,
ginarwa maring Sang PraBu,
Pakubuwana kaping pat,
sinung jujuluk sang dewi,
Kanjeng Ratu Kancanawungu prayoga.*

Wonten ing pada salajengipun kaandharaken bilih Kanjeng Ratu Kencana kaliyan Sang Prabu Pakubuwana kaping IV kagungan putra ingkang salajengipun jumeneng minangka Pakubuwana kaping 7. Wonten ing salebeting naskah serat

NKRP kawrat wonten ing pada 34 gatra 1 dumugi gatra 2 ingkang seratanipun yeku ingkang apatutan, ping sapta Sri Narapati.

b. Sarasilah Kanjeng Ratu Pambayun saking Trah Banyumas

1) Brawijaya Majapahit dumugi Trah Wirasaba

Dipuncariyosaken saking Banyumas, leluhuripun Kanjeng Ratu Pambayun inggih menika dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya kapisan ingkang kagungan putra kanthi asma Arya Bribin ing kraton Pajajaran. Andharan menika kaserat ing sajroning naskah serat *NKRP* ing pada 36 gatra 3 dumugi 5 ingkang seratanipun inggih menika yeku *PraBu Brawijaya, kapisan ing Majapahit, puputra arya baribin*.. Wonten ing pethikan menika kababar bilih Prabu Brawijaya kagungan putra ingkang asmanipun Arya Baribin utawi Arya Bribin.

Mertadiwangsa (2013) wonten ing Ma'ruf, dkk (2018: 52) ngandharaken bilih “*Babad Banyumas Wirjaatmadjan in the beginning story explains about Raden Baribin figure as a precursor of Banyumas society is one of Sri Prabu Brawijaya V, the last Majapahit king that govern in 1466-1478*”.

Andharan kasebut tegesipun inggih menika wonten ing salebeting Babad Banyumas Wirjaatmadjan dipunwiwiti cariyosipun Arya Baribin minangka sujarahipun masarakat Banyumas tedhak saking Prabu Brawijaya kaping gangsal.

Arya Bribin kagungan putra kanthi asma Adipati Wira Utama ingkang kapisan dados pangarsa ing Wirasaba kados ingkang kaserat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 36 gatra 5 dumugi gatra 9. Wondene seratanipun inggih menika

*puputra arya baribin,
ing pajajaran praja gung,
puputra sinung tengran,
wira Utama Dipati,
kang kapisan murwani ing wirasaba.*

Adipati Wira Utama kagungan putra ingkang ing sajroning serat menika dipunsebataken menawi asmanipun inggih menika Wira Utama 2 ingkang kagungan pribadi sopan saha wasis. Ing sajroning naskah serat *NKRP* menika kawrat wonten ing pada 36 gatra 8 dumugi 9 saha pada 37 gatra 1 dumugi gatra 2. Pada 36 gatra 8 dumugi 9 seratanipun inggih menika

*wira Utama Dipati,
kang kapisan murwani ing wirasaba.*

Wondene pada 37 gatra 1 dumugi gatra 2 seratanipun inggih menika

punika lajeng puputra, Wira utama ping kalih.

Wonten ing pada salajengipun dipunandharaken bilih Adipati Wira Utama kaping 2 kagungan putra ingkang salajengipun nglintir kalenggahanipun kanthi jejuluk Adipati Wira Utama kaping 3 utawi Prajurit Surahutama. Wonten ing naskah serta *NKRP* kaserat wonten ing pada 37 gatra kaping 4 dumugi gatra 8 ingkang seratanipun

*puputra alus kang budi,
sumilih Adipati,
wira utama ping telu,
puputra salin nama,
Surautama prajurit.*

Wonten ing gatra salajengipun kababar bilih Adipati Wira Utama kaping 3 utawi prajurit Surautama kagungan putra ingkang asmanipun Adipati Warga Utama. Gatra ingkang ngewrat perkawis menika inggih menika gatra 8 saha 9 ing pada 37 ingkang seratanipun

*Surautama prajurit,
apuputra Dipati Warga utama,*

Wonten ing pethikan menika dipuncariyosaken bilih Adipati Wira Utama kaping 3 kagungan putra ingkang asmanipun Adipati Warga Utama.

Adipati Warga Utama kagungan sekawan putra. Wonten ing naskah serat *NKRP* kawrat wonten ing pada 38 gatra 5 dumugi gatra 9, saha pada 39 gatra 1 dumugi gatra 3. Ing pada 38 gatra 5 dumugi gatra 9 kaserataken

*putrannya Sang Adipati,
catur estri kang pangayun,
wasta rara Kartimas,
panenggak priya kakalih,
Kyageng Senon kareming reh Kapandhitan.*

Wonten ing gatra menika kacariyosaken bilih Adipati Warga Utama kagungan putra 4. Putra ingkang mbajeng kagungan asma Rara Kartimas, dene putra ingkang angka kalih asmanipun inggih menika Ki Ageng Senon. Ing gatra pungkasan dipunandharaken bilih Ki Ageng Senon menika remen reh kapandhitan utawi mertapa. Ing pada 39 gatra 1 dumugi gatra 3 kaserataken

*nulya ki Warga wijaya,
wuragil mijil pawestri,
warnendah raras kawuryan,.*

Wonten ing gatra menika kacariyosaken bab putranipun Ki Warga Utama ingkang kaping 3 saha 4. Ingkang angka 3 kagungan asma Ki Warga Wijaya, dene ingkang angka 4 asmanipun inggih menika Raras Kawuryan.

Salajengipun Raras Kawuryan dipunpendhet garwa selir dening Sultan Hadiwijaya ing Pajang, wondene Rara Kartimas Dipunpendhet garwa dening Jaka

Kahiman. Andharan menika kaserat wonten ing pada 39 gatra 3 dumugi gatra 9 ingkang seratanipun

*warnendah raras kawuryan,
pinundhut garwa paminggir,
mring jeng Sultan kinnasih,
denne dyah Kartimas wau,
sampun apala krama,
antuk sutane ki mranggi,
ing kajarwa awasta jaka kahiman.*

Saking palilahipun Sultan Hadiwijaya, sasedanipun Adipati Warga Utama 3, mantunipun, inggih menika Jaka Kahiman nglintir kalenggahanipun Adipati Warga Utama minangka Adipati ing Wirasaba. Andaharan menika kaserat wonten ing pada 55 gatra 2 dumugi gatra 6 ingkang seratanipun

*ing mangkya karsaniraji,
ingkang pinacak gumantya,
kalenggahanya Dipati,
mantunya kang wawangi,
jaka kahiman puniku.*

Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Triadi (2009: 2) bilih sasedanipun Adipati Warga Utama 1, kadipaten Wirasaba dipunpimpin dening Jaka Kahiman. Jaka Kahiman lajeng pinaringan asma Adipati Warga Utama 2. Pangkat menika trep kaliyan dhawuhipun Sultan Hadiwijaya minangka Ratu Ing Kraton Pajang.

2) Jaka Kahiman Wirasaba dumugi Trah Yudanegaran Banyumas

Jaka Kahiman kagungan putra 6, salah satunggalipun inggih menika Ngabehi Janah. Wonten ing naskah serat *NKRP* kaandharaken wonten ing pada 58 gatra 2 dumugi gatra 6 ingkang seratanipun

*kacarita Sang Dipati,
mukti sari sakaliyan,
puputra nem jalu estri,
kang panenggak wawangi,
ngabei Janah puniku,*

Wonten ing gatra menika kacariyosaken bilih sang adipati utawi Jaka Kahiman menika kagungan putra 6 kakung saha putri. Wondene putranipun ingkang angka kalih asmanipun inggih menika Ngabehi Janah.

Wonten ing gatra salajengipun kacariyosaken bab putranipun Ngabehi Janah. Wonten ing pada 58 gatra 6 dumugi gatra 9 kaserat

*ngabei Janah puniku,
puputra gangsal welas,*

*ingkang pangarsa kakalih,
ki ngabehi Martasura tyas maharja.*

Pada mennika ngandharaken bilih Ngabehi Janah menika kagungan putra cacahipun 15, wondene ingkang angka kalih asmanipun inggih menika Ki Ngabehi Martasura.

Ki Ngabehi Martasura kagungan putra ingkang asmanipun Ki Tumenggung Martayuda. Wonten ing salebeting naskah serat *NKRP* kaserat ing pada 59 gatra 3 dumugi gatra 6 ingkang seratanipun

*apuputra tiga welas,
kang sepuh madeg Buppati,
neng banyumas wawangi,
ki Martayuda Tumenggung,.*

Wonten ing gatra menika kaandharaken bilih Ki Ngabehi Martasura kagungan putra 13. Salajengipun putranipun ingkang sepuh jumeneng bupati wonten ing Banyumas kanthi asma Ki Tumenggung Martayuda.

Ki Tumenggung Martayuda kagungan putra ingkang asmanipun nunggak semi kaliyan ramanipun. Wonten ing salebeting naskah serat *NKRP* kaserat ing pada 59 gatra 6 dumugi gatra 9 ingkang seratanipun

*ki Martayuda Tumenggung,
putra uga tri welas,
ingkang asepuh gumanti,
myang anunggak semi nama Martayuda.*

Wonten ing gatra menika kaandharaken bilih Ki Tumenggung Martayuda ugi kagungan putra 13. Salajengipun putranipun ingkang sepuh ugi nglajengaken kalenggahan ramanipun minangka bupati wonten ing Banyumas kanthi asma nunggak semi kaliyan ramanipun. Saengga asmanipun putranipun menika inggih menika Ki Tumenggung Martayuda 2.

Wonten ing pada 60 kaandharaken bab putranipun Ki Tumenggung Martayuda 2. Wondene seratanipun naskah serat *NKRP* pada 60 inggih menika

*neng masigit sedanira,
karan kang seda neng Masjid,
susuta uga tri welas,
Pangarsanira sumilih,
mung salin wawangi,
Yudanagara linuhung,
seda aneng Pandhapa,
dadya misuwuring wuri,
dyan Tumenggung kang seda aneng Pandhapa.*

Menawi dipuntingali saking pada 60 menika, kaandharaken bilih Tumenggung kang seda ing masjid utawi Ki Tumenggung Martayuda 2 kagungan putra cacahipun

13. Salajengipun putra ingkang pambajeng salin asma dados Yudanegara. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Priyadi (2018: 245) bilih ing salebeting *teks* Babad Banyumas ingkang sanes, Mertanegara kagungan dasanama inggih menika Tumenggung Mertayuda 2, Tumenggung Kokum, Tumenggung Todan, Tumenggung Seda Mesjid, saha Yudanegara 1.

Ing tembe Yudanegara seda wonten ing pandhapa, saengga winastan Dyan Tumenggung kang Seda aneng Pendhapa. Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Priyadi (2004: 305-306) bilih Yudanegara 1 kagungan putra inggih menika Yudanegara 2. Yudanegara 2 seda ing Pendhapa Panji satemah kagungan asma pakurmatan Tumenggung Seda Pendhapa.

Tumenggung Yudanegara kagungan putra ingkang asmanipun Pekik. Salajengipun Pekik nglintir kalenggahan ramanipun kanthi asma Tumenggung Yudanegara 3. Wonten ing naskah serat *NKRP* kawrat wonten ing pada 61 gatra 1 dumugi gatra 4 ingkang seratanipun

*punika astha putrannya,
kang asepuh warna pekik,
gumanti lenggahing rama,
myang nama anunggak semi.*

Nalikanipun Pangeran Mangkubumi madeg minangka ratu ing Ngayogya, Tumenggung Yudanegara 3 dipunpendhet minangka patih kanthi asma patih Danureja. Andharan menika kawrat wonten ing naskah serat *NKRP* pada 60 gatra 6 dumugi 9 saha pada 61 gatra 1 dumugi gatra 2 ingkang seratanipun

*marma sajumenengipun,
jeng Sultan ing ngayugya,
ingkang kapisan ing nguni,
pan pinundhut dadya Patih misesa.
kapatedhan nama radya,
Ndanureja Adipati.*

Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Priyadi (2004: 307) bilih sabibaripun perang Mangkubumen, Yudanegara 3 dipunjumenengaken minangka Patih Kasultanan Yogyakarta dening Sultan Hamengkubuwono 1 kanthi asma Danureja.

Salajengipun Adipati Danureja kagungan putra ingkang nglajengaken dados Tumenggung wonten ing Banyumas. Asmanipun inggih menika Tumenggung Yudanegara 4. Wonten ing naskah serat *NKRP* kaserat wonten ing pada 62 gatra 2 dumugi gatra 6. Wondene seratanipun pada 62 gatra 2 dumugi gatra 6 inggih menika

Ndanureja Adipati,

*putranya keh tan winarna,
mung kang pandhadha gumanti,
neng banyumas nagari,
Yudanagara Tumenggung.*

Andharan menika trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Priyadi (2004: 307-308) bilih Yudanegara 3 kagungan putra inggih menika Mas Gandakusuma utawi Yudanegara 4.

Wonten ing gatra salajengipun kaandharaken bilih Tumenggung Yudanegara menika Sudarmanipun Dyan Ayu Mangkubumi. Wondene Dyan Ayu Mangkubumi menika ibunipun Kanjeng Ratu Kencana. Wonten ing naskah serat *NKRP* kaserat wonten ing pada 62 gatra 6 dumugi gatra 9 ingkang seratanipun

*Yudanagara Tumenggung,
yeku sudarmanira,
dyan ayu amangkubumi,
dadya ingkang eyang jeng Ratu Kencana.*

Wonten ing pethikan menika kaserat bilih Tumenggung Yudanegara menika eyangipun Kanjeng Ratu Kencana.

2. Kapribaden Para Pangarsa ing Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun

Wonten ing panaliten menika kapanggihaken kapribaden para pangarsa wonten ing salebeting naskah serat *NKRP*. *Data* ingkang sampun dipunpanggihaken salajenipun dipunperang miturut jinisipun. Asil pirembaganipun panaliten menika badhe kababar ing ngandhap menika.

a. Wicaksana

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 4 pethikan kapribaden wicaksana inggih menika pada 9 gatra 2-3, pada 25 gatra 9, pada 40 gatra 3, pada 56 gatra 6-8.

a) Pada 25 Gatra 9

Saking pethikan serat *NKRP* pada 25 kapanggihaken kapribaden inggih menika wicaksana. Kawicaksanan menika katitik wonten ing pada 25 kados ing ngandhap menika.

*//gugul kapelaking yuda
wadyanira hanglolosi
mung kari garwa lan putra
Pangeran anglesing galih
dadakaning pamikir
mung nedya anungkul
mring patih cakrajaya
kang tugur pring Surawesthi*

wus utusan tinampan panungkulira//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 25 nuduhaken bilih Patih Cakrajaya kagungan kapribaden wicaksana. Katitik saking gatra 9 ingkang seratanipun *wus utusan tinampan panungkulira*. Menawi gatra *wus utusan tinampan panungkulira* menika dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpangguhaken bilih tembung *wus* tegesipun inggih menika wis. Salajengipun tembung *utusan* tegesipun inggih menika tiyang ingkang dipunutus. Wondene *tinampan* inggih saking tembung lingga tampa. Salajengipun tembung *panungkulira* saking tembung lingga tungkul ingkang tegesipun inggah menika kalah.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *wus utusan tinampan panungkulira* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* tegesipun inggih menika Cakraningrat 3 sampun ngintun utusan dhateng Patih Cakrajaya ing Surabaya saha sampun dipuntampi anggenipun ngakeni kawon, saengga saking gatra *wus utusan tinampan panungkulira* saged kapendhet dudutan bilih Patih Cakrajaya kagungan kapribaden wicaksana awit saged nampi tungkulipun Cakraningrat 3.

b) Pada 40 Gatra 3

Saking pethikan serat *NKRP* pada 40 kapanggihaken kapribaden inggih menika wicaksana. Kawicaksanan menika kawrat wonten ing pada 40 kados ing ngandhap menika.

//kacarita duk jeng Sultan
amundhut rara wuragil
ingaturken priyongga
Warga utama Dipati
maring Pajang nagari
dahat sukeng tyas sang Prabu
dupi antara dina
nyuwun pamit den lilani
wus samapta bidhal sawadya balanya//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 40 nuduhaken bilih Adipati Warga Utama kagungan kapribaden wicaksana. Katitik saking gatra 3 ingkang seratanipun *ingaturken priyongga*. Menawi gatra menika *ingaturken priyongga* dipuntingali

kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpanggihaken bilih tembung *ingaturaken* saking tembung lingga atur ingkang tegesipun inggih menika dipuncaosaken kalawan kurmat. Salajengipun tembung *priyongga* tegesipun inggih menika piyambak.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *ingaturken priyongga* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* inggih menika ngandharaken bilih Adipati Warga Utama kagungan kapribaden wicaksana awit sampun ngaturaken piyambak putrinipun dhumateng nagari Pajang.

Kacariyos ing pada 40 menika bilih putri ragilipun Adipati Warga Utama dipunpendhet garwa selir dening Sultan Hadiwijaya. Wondene kanthi rasa kurmat, Adipati Warga Utama ngaturaken piyambak putri kasebut saha dipuntampi kaliyan Sultan Hadiwijaya kanthi remening manah.

b. Wasis ing Samubarang Padamelan

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 4 pethikan kapribaden wasis ing samubarang padamelan. 4 pethikan ingkang dipunpanggihaken menika inggih menika pada 10 gatra 6, pada 11 gatra 2, pada 37 gatra 3, pada 37 gatra 4.

a) Pada 11 gatra 2

Saking pethikan serat *NKRP* pada 11 kapanggihaken kapribaden inggih menika wasis ing samubarang padamelan. Wasis menika katitik wonten ing pada 11 kados ing ngandhap menika.

//kasumbaga ing ngalaya
keh puruhita kasaktin
susuta jalu prawira
wit rare karem teteki
arya pucuk wawangi
diwasa ingambil mantu
maring ki ageng Sampang
putrestri amung sawiji
marma mantu misesani saniskara//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 11 nuduhaken bilih Gusti Kanjeng Sekaring Puri kagungan kapribaden wasis. Katitik saking gatra 2 ingkang seratanipun *keh puruhita kasaktin*. Menawi gatra menika dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpanggihaken bilih tembung *keh*

tegesipun inggih menika akeh utawi kathah. Salajengipun tembung *puruhita* tegesipun inggih menika meguru. Salajengipun tembung *kasaktin* tegesipun inggih menika ngelmu kasakten.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *keh puruhita kasaktin* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* tegesipun inggih menika kathah anggenipun ngudi ngelmu kasakten. Saking andharan kasebut saget kapendhet dudutan bilih Arya Kedhot Wirotama kagungan kapribaden wasis amargi remen ngudi ngelmu. Kacariyos wonten ing pada 11 bilih Arya Kedhot Wiratama menika tiyang ingkang misuwur. Arya Kedhot Wirotama menika misuwur amargi kathah sinau ngelmu kasekten.

b) Pada 37 gatra 3

Saking pethikan serat *NKRP* pada 37 kapanggihaken kapribaden inggih menika wasis ing samubarang padamelan. Wasis menika katitik wonten ing pada 37 kados ing ngandhap menika.

//punika lajeng puputra
Wira utama ping kalih
sarjana tur parikrama
puputra alus kang budi
sumilih Adipati
wira utama ping telu
puputra salin nama
Surautama prajurit
apuputra Dipati Warga utama//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 37 nuduhaken bilih Wira Utama 2 kagungan kapribaden wasis. Katitik saking gatra 3 ingkang seratanipun *sarjana tur parikrama*. Menawi gatra *sarjana tur parikrama* menika dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpanggihaken bilih tembung *sarjana* tegesipun inggih menika *tiyang ingkang wasis*. Salajengipun tembung *tur* tegesipun inggih menika *lan uga*. Wondene tembung *parikrama* tegesipun inggih menika *ngenggoni subasita*.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *sarjana tur parikrama* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* tegesipun inggih menika tiyang wasis ingkang ugi tansah magertosi bab subasita. Tiyang menika

inggih menika Wira Utama 2. Wira Utama 2 inggih menika leluhuripun Kanjeng Ratu Pambayun ingkang tedhakipun saking nagari Banyumas.

c. Tanggel Jawab

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 4 pethikan kapribaden tanggel Jawab inggih menika pada 19 gatra 8, pada 27 gatra 4-5, pada 40 gatra 3, pada 44 gatra 9.

a) Pada 27 Gatra 4-5

Saking pethikan serat *NKRP* pada 27 kapanggihaken kapribaden inggih menika tanggel jawab. Tanggel jawab menika katitik wonten ing pada 27 kados ing ngandhap menika.

//duk sinambut astanira
Sang retna anyjrit kapati
Mulat wengis krodhanira
Pangeran anarik keris
saha samangsah aglis
kapitan sinarjaya wus
aniba kapisanan
Pangran liwung mamasani
Pangamuke lir andaka tawan brana//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 27 nuduhaken bilih Cakraningrat 3 kagungan kapribaden tanggel jawab. Katitik saking gatra 4 ingkang seratanipun *Pangeran anarik keris* saha gatra 5 ingkang seratanipun *saha samangsah aglis*. Menawi gatra *Pangeran anarik keris* menika dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpanggihaken bilih tembung *Pangeran* tegesipun inggih menika sesebutan dharah luhur utawi sentana. Salajengipun tembung *anarik* tegesipun inggih menika saking tembung lingga *narik* ingkang tegesipun inggih menika *nggered*, *nyeneng*, utawi *ngunus*. Salajengipun tembung *keris* tegesipun inggih menika gegaman landhep mawa wrangka saha ukiran.

Wondene menawi gatra 5 ingkang seratanipun *saha samangsah aglis* dipuntingali kanthi cara *heuristik*, saking Baoesastra saged dipun panggihaken bilih tembung *saha* tegesipun inggih menika *lan*. Salajengipun tembung *samangsah* kadadosan saking tembung *mangsah* pikantuk ater-ater *sa*, dene tembung lingganipun inggih menika mangsah ngemu teges *majeng perang*. Salajengipun tembung *aglis* ingkang tegesipun inggih menika *enggal*.

Menawi asil saking analisis *heuristik* saking gatra *Pangeran anarik keris* dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*, makna ingkang kapanggihaken saking andharan kasebut menika Pangeran Cakraningrat 3 rumaos kagungan tanggel jawab njagi kulawarganipun saking Walandi. Wusana dipunlampahi kanthi srana narik kerisipun minangka pratandha bilih piyambakipun boten ajrih dhateng Walandi. Kacariyos wonten ing pada 27 ing gatra 1 *duk sinambut astanira* bilih garwanipun Pangeran Cakraningrat 3 dipunjawab asta kaliyan Walandi kanthi adatipun Walandi. Gatra 2 *sang retina anyjrit kapati* ngandharaken bilih garwanipun sang Pangeran kaget dipunjawab asta kanthi cara Walandi lajeng nywanten sora. Mireng swantenipun kang garwa, Pangeran Cakraningrat 3 boten nampi ing penggalih. Andharan menika kados ing pada 27 gatra 3 *mulat wengis krodhanira*. Awit saking menika, kanthi raos tanggel jawab pramila Pangeran Cakraningrat 3 lajeng narik kerisipun lajeng majeng perang, kados ing gatra 4 *Pangeran anarik keris saha 5 saha samangsah aglis*.

b) Pada 40 gatra 3

Saking pethikan serat *NKRP* pada 40 kapanggihaken kapribaden inggih menika tanggel jawab. Tanggel jawab menika katitik wonten ing pada 40 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//kacarita duk jeng Sultan
amundhut rara wuragil
ingaturken priyongga
Warga utama Dipati
maring Pajang nagari
dahat sukeng tyas sang PraBu
dupi antara dina
nyuwun pamit den lilani
wus samapta bidhal sawadya balanya//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 40 nuduhaken bilih Adipati Warga Utama kagungan kapribaden tanggel jawab. Katitik saking gatra 3 ingkang seratanipun *ingaturken priyongga*. Gatra menika *ingaturken priyongga* menika menawi dipntingali kanthi cara *heuristik* saged dipunpanggihaken wonten ing Baoesastra bilih tembung *ingaturaken* tegesipun inggih menika *dipuncaosaken*. Dene tembung lingganipun inggih menika *atur*. Salajengipun tembung *priyongga* tegesipun inggih menika *piyambakan* utawi *ijen*.

Saking andharan kasebut pramila gatra *ingaturken priyongga* dipuntafsir makna kanthi cara *hermeneutik* tegesipun inggih menika Adipati Warga Utama

kagungan kapribaden tanggel jawab amargi sampun ndugikaken putrinipun wonten ing Pajang. Perkawis menika nuduhaken bilih ngaturaken putrinipun dhateng ratu ing Pajang minangka selir menika kalebet kuwajibanipun tiyang sepuh dhateng putra. Pramila Adipati Warga Utama ndugikaken putrinipun piyambak dhateng Pajang, boten kanthi srana utusan abdinipun. Kejawi saking tanggel jawab, Adipati Warga utama ugi kagungan kapribaden wicaksana kados ingkang sampun kababar wonten ing inggil.

d. Lembah Manah utawi Sabar

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 12 pethikan kapribaden lembah manah utawi sabar inggih menika pada 4 gatra 8, pada 10 gatra 3, pada 11 gatra 2, pada 11 gatra 4, pada 13 gatra 9, pada 17 gatra 2, pada 24 gatra 9, pada 38 gatra 9, pada 52 gatra 9, pada 58 gatra 9, pada 59 gatra 1, pada 61 gatra 5.

a) Pada 4 Gatra 8

Saking pethikan serat *NKRP* pada 4 kapanggihaken kapribaden inggih menika lembah manah. Kapribaden lembah manah menika kawrat wonten ing pada 4 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//miyos wanudya utama
sor rarasing surapsari
sinung jujuluk sang retna
Gusti jeng Sekaring Puri
ambek ngumala manik
kalokeng jagad linuhung
wahdat lan narsa krama
sor tapaning pra maharsi
nadyan putri dadya raksakaning praja//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 4 nuduhaken bilih Gusti Kanjeng Sekaring Puri kagungan kapribaden lembah manah. Katitik saking gatra 8 ingkang seratanipun *sor tapaning pra maharsi*. Menawi gatra *sor tapaning pra maharsi* dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpanggihaken bilih tembung *sor* tegesipun asor utawi ngalah. Salajengipun tembung *tapaning* tegesipun inggih menika tapanipun. Salajengipun tembung *pra* tegesipun inggih menika para. Salajengipun tembung *maharsi* tegesipun inggih menika pandhita luhur.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *sor tapaning pra maharsi* saged dipunatafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* inggih menika ngandharaken Gusti Kanjeng Sekaring Puri kagungan kapribaden lembah manah amargi betah anggenipun tapa. Saengga wonten ing serat *NKRP* dipunaturaken *sor tapaning pra maharsi* minangka tetandhingan saha nyandrakaken bilih estu ageng sanget tapanipun Gusti Kanjeng Sekaring Puri menika. Kadya ngawonaken tapanipun para pandhita.

b) Pada 61 gatra 5

Saking pethikan serat *NKRP* pada 61 kapanggihaken kapribaden inggih menika lembah manah. Lembah manah menika kawrat wonten ing pada 61 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//punika astha putranya
kang asepuh warna pekik
gumanti lenggahing rama
myang nama anunggak semi
trusing budya Martasih
marmasa jumenengipun
jeng Sultan ing ngayugya
ingkang kapisan ing nguni
pan pinundhut dadya Patih misesa//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 61 nuduhaken bilih Pekik/ Yudanegara 2/ Danureja 1 kagungan kapribaden sabar. Katitik saking gatra 5 ingkang seratanipun *trusing budya Martasih*. Menawi gatra menika *trusing budya Martasih* dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged dipunpanggihaken bilih tembung *trusing* menika kadadosan saking tembung lingga *terus* pikantuk panambang *-ing* ingkang tegesipun inggih menika terus utawi salajengipun. Wondene tembung *budya* tegesipun inggih menika budi. Salajengipun tembung *marta* kagungan teges inggih menika lembah manah, sabar, utawi sareh. Salajengipun tembung *sih* tegesipun inggih menika tresna utawi asih.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *trusing budya Martasih* saged dipunatafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* inggih menika budinipun satunggaling tiyang ingkang lembah manah saha kagungan *sih* utawi tresna. Tiyang ingkang dipunandharaken wonten ing gatra 5 ing pada 61 serat

NKRP inggih menika Pekik/ Yudanegara 2 ingkang samangke jumeneng minangka Patih Danureja 1 kagungan kapribaden lembah manah utawi sabar.

Kacariyos wonten perangan pada 61 bilih Pekik minangka putra pambajeng nglintir kalenggahanipun kang Rama kanthi asma ingkang sami inggih menika Yudanegara. Andharan kasebut kados ingkang kaserat wonten ing pada 61 gatra 2 dumugi gatra 4 ingkang seratanipun *kang asepuh warna pekik, gumanti lenggahing rama, myang nama anunggak semi*. Wondene ramanipun Pekik inggih menika Dyan Tumenggung Kang Seda aneng Pendhapa. Andharan kasebut kados ingkang kaserat wonten ing pada 60 gatra 4 inggih menika *pangarsanira sumilih, gatra 5 mung salin wawangi, Yudanagara linuhung, seda aneng pandhapa, dadya misuwuring wuri, dyan Tumenggung kang seda aneng pandhapa*.

e. Asih

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 9 pethikan kapribaden asih. 9 pethikan menika dipunpanggihaken wonten ing pada 9 gatra 3, pada 14 gatra 6-7, pada 15 gatra 1-7, pada 21 gatra 5-7, pada 44 gatra 9, pada 50 gatra 8-9, pada 56 gatra 2, pada 57 gatra 5-6, pada 61 gatra 5.

a) Pada 9 gatra 3

Saking pethikan serat *NKRP* pada 9 kapanggihaken kapribaden inggih menika asih. Kapribaden asih menika katitik wonten ing pada 9 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//sinung nama arya damar
ngibawa sasat Narpati
suyut praja kering Kanan
kasoran prabawa sakti
kangreh kang nungkul aris
pinreping dana martayu
garwa paringing rama
putri sing sina nagari
apuputra raden menak sunaya//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 9 nuduhaken bilih Arya Damar kagungan kapribaden Asih. Katitik saking gatra 3 ingkang seratanipun *suyut praja kering Kanan*. Menawi gatra menika *suyut praja kering Kanan* dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra dipunpanggihaken bilih tembung *suyut* tegesipun inggih menika asih. Asih inggih menika nggambaraken manah becik

satunggaling tiyang. Tembung *praja* tegesipun kraton utawi negara. Kraton inggih menika wewengkon ingkang dipunreh ing ratu. Tembung *kering* tegesipun kiwa. Kiwa inggih menika kosok wangsulipun saking tembung tengen. Tembung *Kanan* tegesipun tengen. Tengen inggih menika kosok wangsulipun saking tembung kiwa.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *suyut praja kering Kanan* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* inggih menika Arya Damar minangka tiyang ingkang asih ing sakiwa tengenipun kraton. Kacariyos wonten ing pada 9 bilih Arya Damar utawa Jaka Dilah inggih menika putranipun Prabu Brawijaya pungkasan ing Majapahit kados ingkang dipunserat wonten ing pada 8 gatra 6 dumugi gatra 9 inggih menika *wiwit brawijaya Prabu, Pamekas majalengka, Atmaja ingkang pangarsi, jaka dilah tinanem aneng Palembang*. Jaka Dilah ugi dipunsebut Arya Damar ing pada 9 gatra 1, seratanipun inggih menika *sinung nama arya damar*. Salajengipun, Arya Damar menika tiyang ingkang kagungan wibawa kados ratu. Kejawi saking menika Arya Damar kagungan kapribaden asih ing sakiwa tengenipun kraton.

b) Pada 61 gatra 5

Saking pethikan serat *NKRP* pada 61 kapanggihaken kapribaden inggih menika asih. Kapribaden asih menika katitik wonten ing pada 61 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//punika astha putranya
kang asepuh warna pekik
gumanti lenggahing rama
myang nama anunggak semi
trusing budya Martasih
marma sajumenengipun
jeng Sultan ing ngayugya
ingkang kapisan ing nguni
pan pinundhut dadya Patih misesa//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 61 nuduhaken bilih Pekik/ Yudanegara 2/ Danureja 1 kagungan kapribaden asih. Katitik saking gatra 5 *trusing budya Martasih*. Menawi gatra menika *trusing budya Martasih* dipuntingali kanthi cara *heuristik* ing salebeting Baoesastra saged kapanggihaken bilih tembung *trusing* inggih menika saking tembung terus ingkang tegesipun inggih menika lajeng.

Salajengipun tembung *budya* tegesipun inggih menika budi. Salajengipun tembung *martasih* tegesipun inggih menika sabar saha asih.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *trusing budya Martasih* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* tegesipun inggih menika Pekik/ Yudanegara 2/ Danureja 1 inggih tiyang ingkang kagungan kapribaden sabar saha asih.

f. Adil

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 1 pethikan kapribaden adil inggih menika pada 56 gatra 8.

a) Pada 56 Gatra 8

Saking pethikan serat *NKRP* pada 56 kapanggihaken kapribaden inggih menika adil. Kapribaden adil menika kawrat wonten ing pada 56 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//yata kang madeg Dipatya
langkung wlas sira kang wresni
kembet dosaning sudarma
antuk dudukaning aji
mangkana Sang Dipati
amrih utameng tumuwuh
siti ing wirasaba
pinara sakawan adil
ipe kalih lan paripeyan satunggal//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 56 nuduhaken bilih Jaka Kahiman kagungan kapribaden adil. Katitik saking gatra 8 ingkang seratanipun *pinara sakawan adil*. Menawi gatra 8 menika ingkang ungelipun *pinara sakawan adil* dipuntingali kanthi cara *heuristik*, ing salebeting Baoesastra saged kapanggihaken bilih tembung *pinara* saking tembung para+-in- tegesipun inggih menika dipunbage utawi dipunperang. Salajengipun tembung *sakawan* tegesipun inggih menika ugering wilangan. Salajengipun tembung *adil* tegesipun inggih menika jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra *pinara sakawan adil* saged dipuntafsir kanthi cara *hermeneutik*. Dene makna ingkang kapanggihaken saking asil analisis kanthi cara *hermeneutik* inggih menika bilih Jaka Kahiman kagungan kapribaden adil. Awit ukara *pinara sakawan adil* ing gatra

8 menika tegesipun bilih Jaka Kahiman tiyang ingkang adil awit tumindakipun ingkang saged mara sakawan kanthi adil marang sedherekipun. Kacariyos wonten ing pada 55 gatra 3 dumugi 9 ingkang seratanipun *ingkang pinacak gumantya, kalenggahanya Dipati, mantunya kang wawangi, jaka kahiman puniku, nunggak semi namannya, sutanya priya kakalih, tan suwala sumongga karsa Narendra*. Seratan kasebut ngandharaken bilih Jaka kahiman minangka mantunipun Adipati Warga Utama 1 nglintir palenggahan ramanipun menika kanthi nama ingkang sami. Jaka Kahiman ugi dipunsebut Adipati Warga Utama 2.

Nalika Adipati Warga Utama seda, putranipun kekalih boten wantun sowan dhateng Pajang. Awit saking rasa kurmat kangge ndherek kersanipun ratu pramila Jaka Kahiman minangka kasepuhan ingkang sowan dhateng Pajang. Sasampunipun sowan ing kasultanan Pajang, Jaka Kahiman pikantuk palenggahan kanthi nama Adipati Warga Utama 2 ing Wirasaba. Kondur saking nagari Pajang, Adipati Warga Utama 2 kagungan kersa nuwuhaken kasaenan ing Wirasaba. Kanthi tepa salira pramila Wirasaba dipunperang dados 4 kanthi adil dhateng sedherek ipenipun. Andharan kasebut kados ing seratan pada 56 gatra 6 dumugi gatra 9 ingkang seratanipun inggih menika *amrih utameng tumuwuh, siti ing wirasaba, pinara sakawan adil, ipe kalih lan paripeyan satunggal*.

Wonten ing Ensiklopedia Babad Bumi Jawa, Adji (2014: 143) ugi ngandharaken bilih Sultan Pajang ngersakaken sowanipun putra Adipati Wirasaba. Ananging putra kekalih boten wantun sowan ing nagari Pajang. Wondene ingkang nggantos sowan ing nagari Pajang inggih menika Raden Jaka Kahiman minangka putra mantu Adipati Wirasaba. Sasampunipun sowan, dhateng Sultan Pajang, Jaka Kahiman pikantuk palenggahan minangka Adipati Wirasaba ingkang kaping pitu kanthi asma Adipati Warga Utama 2.

g. Tepa Salira

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 1 pethikan kapribaden tepa salira inggih menika pada 56 gatra 6-8.

a) Pada 56 gatra 6-8

Saking pethikan serat *NKRP* pada 56 kapanggihaken kapribaden inggih menika tepa salira. Kapribaden tepa salira inggih menika kawrat wonten ing pada 56 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//yata kang madeg Dipatya

langkung wlas sira kang wresni
kembet dosaning sudarma
antuk dudukaning aji
mangkana Sang Dipati
amrih utameng tumuwuh
siti ing wirasaba
pinara sakawan adil
ipe kalih lan paripeyan satunggal//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 56 nuduhaken bilih Jaka Kahiman kagungan kapribaden tepa salira. Katitik saking gatra 6 *amrih utameng tumuwuh*, gatra 7 *siti ing wirasaba* saha gatra 8 *pinara sakawan adil*. Kanthi cara *heuristik*, gatra 6 menika ingkang ungelipun *amrih utameng tumuwuh*, gatra 7 *siti ing wirasaba* saha gatra 8 *pinara sakawan adil* menawi dipuntingali saking Baoesastra gadhah teges kados mekaten: tembung *amrih* tegesipun inggih menika murih. Salajengipun tembung *utameng* saking tembung utama+ing tegesipun inggih menika becik. Salajengipun tembung *tumuwuh* saking tembung tuwuh+um tegesipun inggih menika timbul.

Salajengipun gatra 7 *siti ing wirasaba* kanthi cara *heuristik* dipuntingali saking kamus inggih menika, tembung *siti* tegesipun inggih menika lemah. Salajengipun tembung *ing* inggih menika minangka ancer-ancer nelakake dunung. Salajengipun tembung *wirasaba* inggih menika naminipun wewengkon. Salajengipun gatra 8 *pinara sakawan adil* kanthi cara *heuristik* dipuntingali saking kamus inggih menika, tembung *pinara* saking tembung para+-in- tegesipun inggih menika dipunbage utawi dipunperang. Salajengipun tembung *sakawan* tegesipun inggih menika ugering wilangan. Salajengipun tembung *adil* tegesipun inggih menika jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra 6 *amrih utameng tumuwuh*, gatra 7 *siti ing wirasaba* saha gatra 8 *pinara sakawan adil*, saged kababar kanthi cara *hermeneutik*, saengga nuwuhaken dudutan bilih Jaka Kahiman menika boten namung kagungan kapribaden adil ananging ugi tepa salira, katitik saking tigang gatra menika ngandharaken bilih sinaosa sampun pinaringan kalenggahan saking Sultan Hadiwijaya saengga salin nama dados Adipati Warga Utama 2 ananging piyambakipun saged tepa salira kangge mbage wewengkon kasebut dados sekawan kanthi adil kaliyan ipenipun.

Adji (2014: 143) ugi ngandharaken bilih sakonduripun ing nagari Pajang, Adipati Warga Utama 2 merang Kadipaten Wirasaba dados sekawan wewengkon. Sekawan wewengkon kasebut inggih menika Banjar Pertambakan, Merden, Wirasaba, saha Kejawer. Sasampunipun merang dados sekawan wewengkon, Adipati Warga Utama 2 utawi Jaka Kahiman ugi kagungan asma Adipati Marapat.

h. Amanah

Wonten ing panaliten menika, ing salebeting serat *NKRP* kapanggihaken 6 pethikan kapribaden tepa salira inggih menika pada 20 gatra 8-9, pada 21 gatra 5-7, pada 31 gatra 5-7, pada 38 gatra 4, pada 52 gatra 5, pada 54 gatra 9.

a) Pada 52 gatra 5

Saking pethikan serat *NKRP* pada 52 kapanggihaken kapribaden inggih menika amanah. Amanah menika kawrat wonten ing pada 52 gatra *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//kasaru ing praptanira
gadhek dutaning Narpati
Sang Dipati kampileng tyas
sigra denya angacarani
dutendra anututi
gya dhawuhken sabda Prabu
mundhut kapejah gesang
Warga utama Dipati
anglesing tyas ature amung sandika//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 52 nuduhaken bilih Sultan Hadiwijaya kagungan kapribaden amanah. Katitik saking gatra 5 *dutendra hanututi*. Kanthi cara *heuristik*, gatra 5 menika ingkang ungelipun *dutendra hanututi* menawi dipuntingali saking kamus gadhah teges kados mekaten: tembung *dutendra* inggih menika saking tembung *duta+narendra* tegesipun inggih menika utusanipun ratu. Salajengipun tembung *hanututi* tegesipun inggih menika nguyak nusul.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra 5 *dutendra hanututi*, saged kababar kanthi cara *hermeneutik*, saengga nuwuhaken dudutan bilih Sultan Hadiwijaya kagungan kapribaden amanah awit saking rumaos gela anggenipun dhawuh ing utusan ingkang kaping satunggal, pramila salajengipun utusan ingkang kaping kalih dipunutus saperlu caos pawartos kangge utusan ingkang kaping satunggal bilih sampun nyedani Adipati Warga Utama 1. Kanthi

cariyos menika pramila Sultan Hadiwijaya kagungan kapribaden amanah awit sampun paring kaleresan anggenipun dhawuh.

Wonten ing Ensiklopedia Babad Bumi Jawa, Adji (2014: 143) ngandharaken bilih nalika semanten wonten prastawa ingkang dados sebab sedanipun Adipati Wirasaba VI. Kadadosan menika amargi Kanjeng Sultan Pajang (Sultan Hadiwijaya) lepat anggenipun nyuraos kadadosan ingkang dipuntemahi kaliyan Adipati Wirasaba VI. Awit saking lepatipun anggenipun nyuraos menika, ing satunggaling dinten nalika kondur saking pisowanan ing Kraton Pajang, Adipati Wirasaba VI dipunpejah. Kangge nebus lepatipun, Sultan Pajang ngersakaken sowanipun putra Adipati Wirasaba. Ananging, putranipun Adipati Wirasaba kasebut boten wantun sowan. Pramila Jaka Kahiman minangka mantunipun Adipati Wirasaba ingkang nglintir sowan ing Kraton Pajang minangka tandha kurmat. Sasampunipun dumugi ing Kraton Pajang, Jaka Kahiman lajeng pikantuk palenggahan minangka Adipati Wirasaba 7 kanthi asma Adipati Warga Utama 2.

b) Pada 54 gatra 9

Saking pethikan serat *NKRP* pada 54 kapanggihaken kapribaden inggih menika amanah. Amanah menika katitik wonten ing pada 54 serat *NKRP* kados ing ngandhap menika.

//bebed rejeng tan linilan
myang neng waton amben linggih
miwah samubarang karya
nyingkirana sabtu pahing
tumrahing wuri wuri
denya cawuhken bebendu
rejeng nyanyampingira
nuju dina sabtu pahing
yata wau gandhek wus matur jeng Sultan//

Saking pethikan serat *NKRP* pada 54 nuduhaken bilih gandhek utawi utusanipun Sultan Hadiwijaya kagungan kapribaden amanah. Katitik saking gatra 9 *yata wau gandhek wus matur jeng Sultan*. Kanthi cara *heuristik*, gatra 9 menika ingkang ungelipun *yata wau gandhek wus matur jeng Sultan* menawi dipuntingali saking kamus gadhah teges kados mekaten: tembung *yata* tegesipun inggih menika banjur utawi nelakaken salajengipun. Tembung *wau* tegesipun inggih menika nelakaken wekdal ingkang kepengker dereng dangu. Salajengipun tembung *gandhek* tegesipun inggih menika utusan utawi abdi ingkang pinatah nglantaraken

dhawuh. Salajengipun tembung *wus* tegesipun inggih menika sampun kepengker anggenipun tumindak. Salajengipun tembung *matur* tegesipun inggih menika pangandikan kalawan kurmat. Salajengipun tembung *jeng Sultan* tegesipun inggih menika Kanjeng Sultan Hadiwijaya.

Saking andharan asil saking cara *heuristik* kasebut pramila gatra 9 *yata wahu gaNdhek wus matur jeng Sultan*, saged kababar kanthi cara *hermeneutik*, saengga nuwuhaken dudutan bilih gandhek utawi abdi ingkang dados utusanipun Sultan Hadiwijaya kagungan kapribaden amanah, awit sampun matur palapuran kanthi saleresipun.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Ing pungkasaning *tesis* menika, panaliti ngandharaken dudutan adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun. Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunrembag wonten ing bab sekawan kapanggihaken wangsulane saking wosing perkawis. Wosing perkawis ing panaliten kasebut inggih menika ngandharaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun ing naskah serat *NKRP*, saha ngandharaken kapribadenipun para pangarsa ingkang kawrat wonten ing naskah serat *NKRP*. Saking wosing perkawis ing panaliten kasebut pramila saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandap menika.

1. Sarasilah Kangjeng Ratu Pambayun

Wosing perkawis ing panaliten menika ingkang kaping satunggal inggih menika kapanggihaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun. Salabeting naskah *NKRP* kacariyosaken sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saking Banyumas saha Madura. Kanjeng Ratu Pambayun inggih menika putri Pakubuwana 7 saking GKR Pakubuwana saking sarasilah Rama saha Ibu kekalihipun dipunwiwiti saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan saking Majapahit.

Saking Prabu Brawijaya kapisan ing Majapahit menika salajengipun kagungan tedhak turun ingkang asmanipun Arya Bribin ingkang salajengipun kagungan tedhak turun wonten ing Wirasaba saha Bayumas. Saking tedhak turunipun kluwarga Banyumas menika salajengipun kagungan tedhak turun ingkang asmanipun Ratu Kencana utawi Raden Ayu Adipati Anom utawi Kanjeng Raden Ayu Handoyo ingkang salajengipun kagarwa dening Prabu Pakubuwana kaping 4, nenggih eyangipun Kanjeng Ratu Pambayun.

Menawi saking trah Madura, kawiwitan saking Prabu Brawijaya ingkang pungkasan ing Makapahit menika kagungan putra ingkang asmanipun Arya Damar utawi Jaka Dilah. Arya Damar menika kagungan tedhak turun ingkang kapacak minangka adipati ing Madura rikala mangsa jumenengipun Sultan Agung Hanyokrokusuma ing Mataram kanthi asma Cakraningrat. Pangeran Cakraningrat ingkang kaping 7 menika kagungan putri ingkang asmanipun Ratu Kencanawungu utawi Raden Ayu Sukaptinah. Ratu Kencanawungu menika kagarwa dening Prabu Pakubuwana ingkang kaping 4, nenggih eyangipun Kanjeng Ratu Pambayun.

2. Kapribadenipun Para Pangarsa Jawi ing Naskah Serat *NKRP*

Wosing perkawis ing panaliten menika ingkang kaping kalih inggih menika kapanggihaken kapribaden para pangarsa ing naskah serat *NKRP*. Kapribaden pangarsa Jawi menika kaandharaken adhedhasar serat *Wulang Reh*. Kapribaden adhedhasar serat *Wulang Reh* kasebut inggih menika wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah. Ing salebeting naskah *NKRP* kapanggihaken kapribaden wicaksana, sabar, wasis ing samubarang padamelan, tanggel jawab, asih, adil, tepa salira, saha amanah.

B. Pramayogi

Indonesia kagungan maneka warni warisan kabudayan. Salah satunggalipun warisan kabudayan kasebut inggih menika naskah-naskah ingkang kaserat mawi aksara Jawa lan pegon. Naskah-naskah minangka warisan kabudayan kasebut kedah sanget dipunjagi kanthi sae kanthi tata cara ngupakara naskah ingkang sae. Ancasipun inggih menika supados naskah-naskah menika langkung awet saha boten risak satemah menapa ingkang kinandhut wonten ing naskah menika saged dipunjagi saha dipunsinaoni. Salah satunggalipun inggih menika crita sujarah ingkang asring kawrat wonten ing sajroning naskah menika.

Crita sujarah ing jaman kapengker saged katepangaken dhumateng para mudha, mliginipun ingkang badhe nyinaoni utawi nglampahi panaliten bab sujarah. Asil saking panaliten sujarah ingkang ngginakaken naskah kina minangka *objek* ingkang dipuntliti menika saged dipunginakaken minangka sumber utawi *refrensi* kangge mangertosi bab kedadosan ingkang kalampah ing jaman kapengker.

Para mudha wonten ing jaman samenika kasunyatanipun boten kathah ingkang mangertos bilih saperangan naskah-naskah menika ngandhut unsur sujarah, amargi kathah ingkang boten saged maos aksaranipun saha boten saged mangertosi basa ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting naskah. Salah satunggaling naskah ingkang ngrembag bab sujarah inggih menika serat *NKRP*. Kanthi panaliten menika, para mudha saged nambah kawruh, ngelmi, saha dados sumber sujarah gayut kaliyan sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa Jawi ing salebeting serat *NKRP*. Panaliten menika ugi saged paring pambiyantu kangge para pamaos kangge langkung mangertosi sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa Jawi ing salebeting serat *NKRP*.

Naskah serat *NKRP* taksihi prelu dipuntliti, amargi panaliten ingkang sampun kalampah menika namung winates ing panaliten sastra. Salajengipun kaangkah para panaliti ingkang sanesipun saged nliti malih kanthi ngelmi ingkang sanes, kadosta ngelmi budaya lan ngelmi basa.

Sanesipun serat *NKRP* taksihi kathah naskah kina ingkang kedah dipuntliti kanthi ngginakaken cara saha ngelmi sanesipun. Lampah kasebut kaangkah saged nambah kawruh, ngelmi, saha dados sumber sujarah ingkang saged dipuntepangaken dhumateng para mudha. Kejawi saking menika ugi saged nglestantunaken nilai saha piwucal ingkang kawrat ing salebeting naskah, satemah saged dipunginakaken minangka patuladhan ing pagesangan jaman samenika.

C. Implikasi

Adhedhasar panaliten ingkang sampun katindakaken, tamtu wonten *implikasinipun*. *Implikasi* kasebut kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika manggihaken sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa Jawi ing salebeting serat *NKRP*. Asil ingkang dipunpanggihaken menika salajengipun saged dipunwujudaken dados buku utawi jurnal. Buku saha jurnal kasebut kaangkah saged caos piguna dhateng pamaos kangge nambahi kawruh ngengingi sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun. Kejawi saking menika ugi saged caos pambiyantu kangge para pamaos ingkang badhe nliti Serat *NKRP* kanthi ngginakaken cara saha ngelmi sanesipun. Kanthi asiling panaliten menika ugi kaangkah supados saged ngrembakaaken panaliten bab sujarah.
2. Asiling panaliten saha pirembagan bab sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa Jawi ing salebeting serat *NKRP* saged nambahi kawruh, ngelmi utawi seserepan kangge masarakat supados langkung mangertosi sujarah sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun. Kejawi saking menika, asiling panaliten bab kapribaden pangarsa Jawi ing salebeting serat *NKRP* kasebut saged dados patuladhan ingkang saged dipuntindakaken wonten ing pagesangan jaman samenika.
3. Asiling panaliten saha pirembagan bab sarasilahipun Kanjeng Ratu Pambayun saha kapribaden pangarsa Jawi ing salebeting serat *NKRP* saged nambahi kawruh bab pendhidhikan karakter ingkang saged dipunginakaken ing pamucalan.

Kapribaden pangarsa Jawi ingkang sae menika saged dados patuladhan ing pagesangan padintenan.

KAPUSTAKAN

- Achmad, Sri Wintala. 2013. *Babad Tanah Jawa*. Yogyakarta: Araska
- Adji, Krisna Bayu. 2014. *Ensiklopedi Babad Bumi Jawa*. Yogyakarta: Araska
- Badrika, I Wayan. 2006. *Sejarah*. Jakarta: Erlangga.
- Baried, Siti Baroroh, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Darusuprpta. 1982. *Serat Wulang Reh*. Surabaya: Citra Jaya
- Emzir, dan Saifur Rohman. 2016. *Teori dan Pengajaran Sastra*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Endraswara. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: FBS UNY
- Fitriani, Reli, dkk. 2018. *Jurnal : Kontribusi Penelitian Filologi Untuk Pengembangan Studi Sejarah*. Bandung: Universitas Pajajaran.
- Gottschalk, Louis. 1986. *Mengerti Sejarah*. Jakarta: UI Press.
- Hernawan, Wawan. 2016. *Menelusuri Para Raja Madura dari Masa Pra-Islam Hingga Masa Kolonial*. Wawasan Jurnal Ilmiah Agama dan Sosial Budaya. Vol.1 no.2 2016. 239-252.
<http://dx.doi.org/10.15575/jw.v1i2.589> .
- Ilafi, Afiliasi. 2015. *Skripsi : Serat Nitik Bayunan dalam Kajian Filologis*. Yogyakarta: Universitas Gadjah Mada.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Kuntowijoyo. 1999. *Pengantar Ilmu Sejarah*. Yogyakarta: Yayasan Bentang Budaya.
- Kuzminov, dkk. 2019. *The Path of History: Historical Narrative and Historiosophy of North Caucasus People's Cognition*. Atlantis Press. Advances in Economics, Business and Management Research, volume 113. 555-559
<http://doi.org/10.2991/fred-19.2020.113>
- Ma'ruf, Ali, dkk. 2018. *Babad Banyumas Wirjaatmadjan: Magical-Religious Values in Banyumas Society*. International Journal of Multicultural and Multireligious Understanding Vol.5 No.2. 51-57
<http://dx.doi.org/10.18415/ijmmu.v5i2.113>
- Madjid, Saleh Muhammad dan Abd Rahman Hamid. 2011. *Pengantar Ilmu Sejarah*. Yogyakarta: Ombak.
- Minderop, Albertine. 2010. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia

- Mirhan, AN. 2014. Jurnal : Pentingnya Rekontruksi Sejarah. Jurnal Adabiyah Vol. XIV nomor 1/2014. 96-103.
http://www.academia.edu/download/52478750/jurnal_rekonstruksi_sejarah.pdf
- Moleong, Lexy. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Mulyani, Hesti. 2009. *Gegaran Mata Kuliah Membaca Manuskrip Lanjut, Membaca Manuskrip Jawa*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNY.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2018. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurhayati, Endang, dkk. 2018. *Dunia Manuskrip Jawa*. Yogyakarta: Cantrik Pustaka
- _____. 2019. *Leadreship Education of Javanese King's Character in Serat Wulang Reh*. Jour of Adv Research in Dynamical & Control Systems, Vol. 11, 12-Special Issue, 2019. 295-300.
<http://10.5373/JARDCS/V11SP12/20193224>
- _____. 2020. *The Effectiveness of Game-Based Learning Model in the Javanese Language Class*. Humanities & Social Sciences Reviewse. ISSN: 2395-6518, Vol 8, No 2, 2020, pp 652-660.
<http://doi.org/10.18510/hssr.2020.8273>
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B. Wolters Uitgevers MaatschaPpij n. v. Groningen
- Priyadi, Sugeng. 2004. *Sejarah Trah Yudanegaran Banyumas*. Universitas Muhammadiyah Purwokerto. Humaniora Vol 16 No.3. 303-312.
<http://i-lib.ugm.ac.id/jurnal/detail.php?dataId=1501>
- _____. 2018. *Babad Banyumas Versi Wirjaatmadjan dan Teks-Teks Transformasinya*. Jurnal Sains Sosial dan Humaniora. JSSH P-ISSN:2579-9088 Vol. 2 Nomor 2, September 2018. 237-250.
<http://10.30595/jssh.v2i2.3031>
- Pujimahanani, Cahyaningsih dan Putut Handoko. *Analisis Unsur Sastra Babad Sejarah Madura, Babad Giri Kedhaton, dan Serat Pararaton*. Fakultas Sastra Universitas DR. Soetomo. Jurnal Sastra dan Budaya vol.1 no.2.
<http://repository.unitomo.ac.id/id/eprint/1889>
- Purwanto, Ngalim. 1991. *Psikologi Pendidikan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Ratna, Nyoman Kutha. 2015. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Rokhmansyah, Alfian. 2017. *Têori Filologi*. Yogyakarta: CV. Istana Agêncy
- Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun* kode koleksi PB C.71, Yogyakarta: Museum Sonobudoyo
- Shoheh, Muhamad. 2015. *Jurnal: Membingkai Kajian Historis dan Filologis Dalam Penelitian Ilmiah*. Banten: IAIN Sultan Maulana Hasanuddin Banten. 147-156
<http://www.jurnal.uinbanten.ac.id/index.php/tazkiya/article/view/213>
- Sudardi, Bani. 2007. *Jurnal: Sumbangan Filologi Dalam Penyusunan Strategi Kebudayaan Indonesia*. Surakarta: Universitas Sebelas Maret Surakarta
- Sugihartono, dkk, 2013. *Psikologi Pendidikan*. Yogyakarta : UNYPres
- Sukanto, dkk. 1995. *Pedoman Penelitian Edisi 1995*. Yogyakarta: Lembaga Penelitian Ikip Yogyakarta.
- Sulistiono, Edy. 2015. *Tesis Diskursus Tokoh Arjuna Dalam Legitimasi Raja-Raja Jawa Dinasti Mataram*. Universitas Sebelas Maret Surakarta.
- Syukur, Abdul, dkk. 2013. *Modul Mata Pelajaran Sejarah Peminatan Sekolah Menengah Atas (SMA) Kelas X*. Direktorat Sejarah dan Nilai Budaya, Direktorat Jendral Kebudayaan, Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan.
- Tim Balai Bahasa. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Edisi Kedua*. Yogyakarta: Kanisius
- Triadi, Ganjar. 2009. *Simbol dan Makna Pepali Adipati Wirasaba dan Relevansinya Pada Masyarakat di Eks-Karesidenan Banyumas*. Skripsi Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Semarang.
- Wasino, dan Endah Sri Hartatik. 2018. *Metode Penelitian Sejarah. Dari Riset Hingga Penulisan*. Yogyakarta: Magnum Pustaka Utama
- Zaidah, dkk. 2019. Hermeneutic Approach in Drama Learning: Study of the Case Kereta Kencana (Les Chaises). Atlantis Press. Advances in Social Science, Education and Humanities Research, volume 443 International Conference on Science and Education and Technology (ISET 2019). 748-751.
<http://doi.org/10.2991/assehr.k.200620.153>

LAMPIRAN 1: PRATELAN TABEL

Tabel 1

Tuladhanipun data ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP

Nomor data	p.61/SNKR/g.5
Pada/gatra	61/5
Data	trussing budya martasih
Teges	<i>Memiliki jiwa yang sabar dan pengasih</i>
Tokoh	Pekik/ Yudanegara 3/ Danureja 1
Kapribaden	sabar, asih

Tabel 2

Aspek Kapribaden spek Kapribaden miturut Purwanto (1991)

No	Aspek Kapribaden	Titikan
1.	<i>Intelejensi</i>	Waspada, kaprigelan, saged mendhet dudutan kanthi trep
2.	Anggenipun Ngandharaken saha Nampi Pamrayogi	Anggenipun ngandharaken saha nampi pamrayogi ing antawisipun jujur, dora, blaka, boten saged nyimpen wadi
3.	Kasarasan	Kahananipun <i>fisik</i>
4.	Blegering Badan	Agengipun badan, awrating badan, saha inggilipun badan
5.	Tumindak dhateng Tiyang Sanes	Mawarni-warni tumindak satunggaling tiyang dhumateng tiyang sanes
6.	Ngelmi	<i>Kualitas</i> saha <i>kuantitas</i> ngelmi kagunganipun satunggaling tiyang, saha jinis pangertosan menapa ingkang langkung dipunmangertosi
7.	Kaprigelan	Kaprigelan satunggaling tiyang nalika ngrampungaken padamelan
8.	Nilai-nilai (<i>value</i>)	Adat istiadat, etika, kapitadosan saha agamanipun
9.	Ngendaleni surasaning manah	Kahanan raos ingkang beda wonten ing saben tiyang saged ndayani kados pundi kapribadenipun
10.	<i>Peranan (Roles)</i>	Kalebet pangkatipun, jinis padamelanipun, saha pangkat salebeting padamelan menika
11.	<i>The Self</i>	raos saha pangraosipun tiyang ngengingi bab sinten, menapa, saha wonten pundi kawontenan piyambakipun

Tabel 3*Aspek Kapribaden Pangarsa Jawi wonten ing Salebeting Serat Wulang Reh*

No	Aspek Kapribaden	Titikan
1.	Wicaksana	Awas, waskitha, bisa nganggo bebudene kalawan baner
2.	Sabar/Lembah Manah	Sareh anggone nandhang, saha boten sumadya nepsunipun
3.	Wasis ing samubarang padamelan	Kedah wasis utawi saged nindakaken sedaya padamelan
4.	Tanggél Jawab	Nanggung yen ana alane, nanggung yen ana pekewuhe
5.	Asih	Tresna, inggih tresna marang sinten kemawon uga menapa kemawon
6.	Adil	Jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan, boten pilih sih, dipunpriksa (dipuntimbang) pundi ingkang lepat saha pundi ingkang leres
7.	Tepa Salira	Dipunduga-duga ing saumpami dipuntumrapaken awakipun piyambak (<i>toleransi</i>)
8.	Amanah	Tiyang ingkang saged dipunpitados

Tabel 4*Deskripsi naskah serat Nitik Bayunan*

Irah-Irahan	Serat Nitik Bayunan
Papan Sumimpen	Perpustakaan Museun Radya Pustaka Surakarta
Aksara	Aksara Jawa
Basa	Jawi Enggal
Wujudipun	Tembang Macapat
Kode Koleksi	RP 58 7 (923 ser 3) Reel 16-26/10
Wekdal anggenipun Nyerat	1841
Cacahipun kaca	20 kaca (18 kaca isi, 1 kaca irah-irahan, 1 kaca katrangan naskah)
Kahanan Fisik	Kahananipun sae, wutuh, saged dipunwaos

Tabel 5*Deskripsi naskah serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun*

Irah-Irahan	Serat Nitik Kangjeng Ratu Pambayun
Papan Sumimpun	Perpustakaan Sonobudoyo Yogyakarta
Aksara	Aksara Jawa
Basa	Jawi Enggal
Wujudipun	Tembang Macapat
Kode Koleksi	PB.C. 71
Wekdal anggenipun Nyerat	1935
Cacahipun kaca	28 kaca (27 kaca isi, 1 kaca irah-irahan)
Kahanan Fisik	Kahananipun sae, wutuh, saged dipunwaos

Tabel 6*Tuladha Kartu Data ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP*

Nomor pethikan	p.9/SNKR/g.1-3
Pada/gatra	9/1-3
Data	sinung nama arya damar ngibawa sasat Narpati suyut praja kering Kanan
Teges	mempunyai nama Arya Damar berwibawa seperti Narpati (ratu) asih kepada Negara kiri dan kanan
Tokoh	Arya Damar
Kapribaden	Wicaksana, asih

Tabel 7*Tuladha Analisis Data ingkang nggambaraken kapribaden pangarsa Jawi ing serat NKRP*

No. Data	Pada /gatra	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pangarsa							
					Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
p.9/ SNKR P/	9/1-3	sinung nama harya damar	mempun ai nama Arya Damar	Arya Damar	✓				✓			

No. <i>Data</i>	Pada /gatra	<i>Data</i>	Teges	Tokoh	Kapribaden Pangarsa							
					Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggél Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
g.1-3		ngibawa sasat Narpati suyut praja kering Kanan	berwibawa seperti Narpati (ratu) asih kepada Negara kiri dan kanan									

Tabel 8


Asiling Panaliten Kapribaden Pangarsa ing Salebeting Serat NKR

No	Data	Kapribaden	Indikator
1	wus utusan tinampan panungkulira	Wicaksana	Bisa nganggo bebudene kalawan baner
2	sarjana tur parikrama	Wasis	Saged nindakaken sedaya padamelan
3	sor tapaning pra maharsi	Sabar	Boten sumadya nepsunipun
4	suyut praja kering Kanan	Asih	Tresna marang sakiwa tengenipun
5	pinara sakawan adil	Adil	Jejeg anggenipun dhawahaken pepancasan, boten pilih sih
6	pangeran anarik keris saha samangsah aglis	Tanggél Jawab	Nanggung yen ana alane, nanggung yen ana pekewuhe
7	amrih utameng tumuwuh siti ing wirasaba pinara sakawan adil	Tepasalira	<i>Toleransi</i> / tepasalira kaliyan sedherekipun
8	dutendra anututi	Amanah	Saged dipunpitados atur/ dhawuhipun


LAMPIRAN 2: PRATELAN GAMBAR

Gambar 1

Bagan Nalaring Pikir



BANYUMAS



LAMPIRAN 3: Tabel Asil Analisis Data

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggel Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
1.	P.4/ SNKRP/ g.8	//miyos wanudya utama sor rarassing surapsari sinung jujuluk sang retna Gusti jeng Sekaring Puri ambek ngumala manik kalokeng jagad linuhung wahdat lan narsa krama sor tapaning pra maharsi nadyan putri dadya raksakaning praja//	sor tapaning pra maharsi	<i>mengalahkan bertapanya para resi</i>	Gusti Kanjeng Sekaring Puri		✓						
2.	P.9/ SNKRP/ 3	//sinung nama arya damar ngibawa sasat Narpati suyut praja kering Kanan kasoran prabawa sakti kangreh kang nungkul aris pinreping dana martayu garwa paringing rama putri sing sina nagari apuputra raden menak sunaya//	suyut praja kering Kanan	<i>asih kepada Negara kiri dan kanan</i>	Arya Damar	✓				✓			

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
3.	P.10/ SNKRP/ g. 3	//tinanem neng pamelingan tanah madura nagari gung subrata mati raga susuta jalu senakti arya timbul kakasih tan nana braja tumanduk ayoga ya mangkana kalokeng jana sinakti sinung aran arya kedhot Wirotama//	gung subrata mati raga	<i>kuat menjalani tapa mati raga</i>	Menak Sunaya		✓						
4.	P.10/ SNKRP/ g.6	//tinanem neng pamelingngan tanah madura nagari gung subrata mati raga susuta jalu senakti arya timbul kakasih tan nana braja tumanduk ayoga ya mangkana kalokeng jana sinakti sinung aran arya kedhot Wirotama//	tan nana braja tumanduk	<i>tidak ada senjata yang mempan</i>	Arya Timbul			✓					

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tangg Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
5.	P.11/ SNKRP/ g.2	//kasumbaga ing ngalaya keh puruhita kasaktin susuta jalu prawira wit rare karem teteki arya pucuk wawangi diwasa ingambil mantu maring ki yageng Sampang putrestri amung sawiji marma mantu misesani saniskara//	keh puruhita kasaktin	<i>banyak berguru ilmu kesaktian</i>	Arya Kedhot		✓	✓					
6.	P.11/ SNKRP/ g.4	//kasumbaga ing ngalaya keh puruhita kasaktin susuta jalu prawira wit rare karem teteki arya pucuk wawangi diwasa ingambil mantu maring ki yageng Sampang putrestri amung sawiji marma mantu misesani saniskara//	wit rare karem teteki	<i>sejak kecil senang bertapa</i>	Arya Pucuk		✓						

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
7.	P.13/ SNKRP/ g.9	//pangeran Agung panengran ing ngarisbaya sumilih napak tilassing sudarma puputra catur winarni amung ing pangarsi Panembahan lemah dhuwur ngarsameng ngarisbaya putra ponycawlas winilis kang pandhadha jalu ambeg martotama//	kang pandhadha jalu ambeg martotama	<i>yang ketiga laki-laki memiliki jiwa sabar dan utama</i>	Panembahan Tengah		✓						
8.	P.14/ SNKRP/ g.6-7	//nama PaNembahkan tengah ing ngarisbaya sisiwi panengngran arya PraSeNa madeging sampang dipati sor nungkul mring maTawis sinihan mring Sultan Agung linuntut putra angkat kinen dadalem maTawis sinung nama Panembahan Cakraningrat//	sinihan mring Sultan Agung linuntut putra angkat	<i>dikasihani oleh Sultan Agung diangkat sebagai putra angkat</i>	Sultan Agung					✓			

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
9.	P.15/ SNKRP/ g.1-7	//ing ngela hela lir putra parandene Sang dipati tangeh yen ageng tyas sira malah gung met tyas sasami samyakinulit daging dadya sadaya sih lulut Sultan saya sih hira seda sinare magiri apuputra jalwestri kehnya saptawlas//	ing ngela hela lir putra parandene Sang dipati tangeh yen ageng tyas sira malah gung met tyas sasami samyakinulit daging dadya sadaya sih lulut Sultan saya sih hira	<i>dirawat seperti anaknya sendiri walaupun sang Adipati tidak akan mungkin berbesar hati malah bisa mengambil hati orang disekitarnya semuanya mendarah daging sehingga semuanya menjadi asih dan sayang Sultan bertambah kewelas asihanya</i>	Sultan Agung					✓			

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggel Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
10.	P.17/ SNKRP/ g.2	//dahat denya kawlas sarsa anggung miminta ring widhi wignya amales nangsaya myang wangsulla arenggani praja madura malih lestariya runtumurun prapta mongsa katrima jumenengngira Narpati jeng Susuhunan mangkurat ing kartaSura//	anggung miminta ring widdhi	<i>memohon dengan sangat kepada tuhan</i>	Cakraningrat 2		✓						
11.	P.19/ SNKRP/ g.8	//sasurudira Narendra ginantyaning Narpasiwi parab Sunan mangkurat mas Pangran Cakraningrat nguni garwa dyah Pakuwati rinabasa ring Sang Prabu Pangeran sru bramantya madeg sudira ma wredi menggah ing tyas rumasaing ngalitira//	madeg sudira ma wredi	<i>Berdiri dengan berani dan tegas</i>	Cakraningrat 2				✓				

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
12.	P.20/ SNKRP/ g.8-9	//binudi budi tan dadya temah puteg mana putti puwara antuk wewengngan rembag lan sang adipati jang Rana SuraweSthi saheka praya ngingipuk mring PuGer jeng Pangeran ingaturren murweng jurit jeng Pangeran nurutti saksana medal//	ingaturren murweng jurit jeng Pangeran nurutti saksana medal	<i>meminta memulai perang kanjeng Pangeran (Puger) menuruti dan segera keluar</i>	Pangeran Puger/ PB 1								✓
13.	P.21/ SNKRP/ g.5-7	//gya jumeneng neng Samarang paparabbira Narpati jeng Sunan Pakubuwana kang kapisan amurwani kapapangnging karsaji Pangran Cakraningrat sinung jujuluk Panembahan ri wus sampurnaning jurit Panembahan pamit kondur mring madura//	kapapangnging karsaji Pangran Cakraningrat sinung jujuluk Panembahan	<i>diberi perintah oleh kemauan sang raja pangeran cakraningrat mendapat julukan sebagai Panembahan</i>	Pangeran Puger/ PB 1					✓			✓

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
14.	P.24/ SNKRP/ g.9	//dadya nulya linuruggan wadya jawa lan kumpeni dyan arya Suradiningngrat mongka pangiriding baris yeku kang maheka ring raka dadya sangsara gung Pangeran renycakeng tyas Wagugen tambuh binudi arsa ngungsi mring bali minta saraya//	arsa ngungsi mring bali minta saraya	<i>berkeinginan untuk mengungsi ke Bali untuk meminta pertolongan</i>	Cakraningrat 3/ Siding Kapal		✓						
15.	P.25/ SNKRP/ g.9	//gugul kapelakking yuda wadyanira anglolossi mung kari garwa lan putra Pangeran anglessing galih dadakaning pamikir mung nedya anungkul mring patih cakrajaya kang tugur pring Surawesthi wus utusan tinampan panungkulira//	wus utusan tinampan panungkulira	<i>sudah mengutus dan diterima kekalahanya</i>	Patih Cakrajaya	✓							

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tangg Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
16.	P.27/ SNKRP/ g.4-5	//duk sinambut astanira Sang retna anyjrit kapati Mulat wengis krodhanira Pangeran anarik keris saha samangsah haglis kapittan sinarjaya wus aniba kapisanan Pangran liwung mamasani Pangamukke lir andaka tawan brana//	Pangeran anarik keris saha samangsah aglis	<i>pangeran menarik kerisnya dan segera maju perang</i>	Cakraningrat 3/ Siding Kapal				✓				
17.	P.31/ SNKRP/ g.5-7	//dadya kasebutting nama Pangran Cakraningrat nenggih kang seda baita kapal dene wau ingkang rayi katrima maring kang ngaji winangkat ingkang palungguh gumanti ingkang raka jujuluk anunggak semi purneng karya jenengnya Prabu mangkurat//	katrima maring kang ngaji winangkat ingkang palungguh gumanti ingkang raka	<i>diberikan oleh sang penguasa diangkat sebagai pejabat menggantikan kakaknya</i>	Amangkurat 2								✓

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggel Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
18	P.37/ SNKRP/ g.3	//punika lajeng puputra Wira utama ping kalih sarjana tur parikrama puputra alus kang budi sumilih adipati wira utama ping telu puputra salin nama Surahutama prajurit apuputra dipati Warga utama//	sarjana tur parikrama	<i>pintar dan tau sopan santun</i>	Wira Utama 2			✓					
19.	P.37/ SNKRP/ g.4	//punika lajeng puputra Wira utama ping kalih sarjana tur parikrama puputra alus kang budi sumilih adipati wira utama ping telu puputra salin nama Surahutama prajurit apuputra dipati Warga utama//	puputra alus kang budi	<i>anaknya yang berbudi</i>	Wira Utama 3			✓					

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
20.	P.38/ SNKRP/ g.4	//milih tetep wirasaba jumenengnya Sang dipati nenggih nalika samana kraton ing Pajang marengngi putranya Sang dipati catur hestri kang pangayun wasta rara karTimas panenggak priya kakalih kyaGeng Senon karemming reh kaPandhiTan//	kraton ing Pajang marengngi	<i>Kraton Pajang mengijinkan</i>	Sultan Hadiwijaya								✓
21	P.38/ SNKRP/ g.9	//milih tetep wira saba jumenengnya Sang dipati nenggih nalika samana kraton ing Pajang marengi putranya Sang dipati catur estri kang pangayun wasta rara Kartimas panenggak priya kakalih Kyageng Senon kareming reh Kapandhitan//	Kyageng Senon kareming reh kapandhitan	<i>Ki Ageng Senon yang senang bertapa</i>	Ki Ageng Senon		✓						

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggel Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
22.	P.40/ SNKRP/ g. 3	//kacarita duk jeng Sultan amundhut rara wuragil ingaturnen priyongga Warga utama dipati maring Pajang nagari dahat sukeng tyas sang Prabu dupi antara dina nyuwun pamit den lilani wus samapta bidhal sawadya balanya//	ingaturnen priyongga	<i>menghaturkan sendiri</i>	Adipati Warga Utama	✓			✓				
23.	P.44/ SNKRP/ g.9	//ulun lajeng patembayan lan besan sang adipati samongsa sampun diwasa sami nedheng birahi kinarengga malih kadi kala dhahupipun mantukke mring wismamba winangngun bawahan adi mrih tan kemba panggihing jajaka kenya//	mrih tan kemba panggihing jajaka kenya	<i>supaya tidak jelek (wagu) bertemunya para pengantin</i>	Ki Ageng Toya Reka				✓	✓			

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggel Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
24.	P.50/ SNKRP/ g.8-9	//pundine nira kacandhak laju kinen anelassi gandhek tur sandika mesat ing wuri Sri Narapati maringken rara wragil mring Kya Geng toya reka wus kipa kipa pineksa sarta linilanan mulih lan ginanyjar mas picis wastradi mulya//	sarta linilanan mulih lan ginanyjar mas picis wastradi mulya	<i>dan diijinkan pulang dan diadiahi perhiasan dan pakaian yang baik</i>	Sultan Adiwijaya					✓			
25.	P.52/ SNKRP/ g.5	//kasaru ing praptanira gandhek dutaning Narpati Sang dipati kampiteng tyas sigra denya angacarani dutendra anututti gya dhawuhken sabda Prabu mundhut kang pejah gesang Warga utama dipati anglesing tyas aturre amung sandika//	dutendra anututti	<i>utusan Sang Raja (yg kedua) mengikuti</i>	Sultan Hadiwijaya								✓

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
26.	P.52/ SNKRP/ g.9	//kasaru ing praptanira gandhek dutaning Narpati Sang dipati kampileng tyas sigra denya angacarani dutendra anututti gya dhawuhken sabda Prabu mundhut kang pejah gesang Warga utama dipati anglessing tyas aturre amung sandika//	anglessing tyas aturre amung sandika	<i>dengan rela hati hanya berkata sendika</i>	Adipati Warga Utama		✓						
27.	P.54/ SNKRP/ g.9	//bebed rejeng tan linilan myang neng waton amben linggih miwah samubarang karya nyingkirrana sabtu pahing tumrahing wuri wuri denya cawuhken bebendu rejeng nyanyampingira nuju dina sabtu pahing yata wau gandhek wus matur jeng Sultan//	yata wau gandhek wus matur jeng Sultan	<i>begitulah Sang Abdi menyampaikan kepada Sang Raja</i>	Gandhek								✓

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggel Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
28.	P.56/ SNKRP/ g.2	//yata kang madeg Dipatya langkung wlas sira kang wresni kembet dosaning sudarma antuk dudukaning aji mangkana Sang dipati amrih utameng tumuwuh siti ing wirasaba pinara sakawan adil hipe kalih lan paripeyan satunggal//	langkung wlas sira kang wresni	<i>sang ipar lebih memiliki welas asih</i>						✓			
29	P.56/ SNKRP/ g.6-8	//yata kang madeg Dipatya langkung wlas sira kang wresni kembet dosaning sudarma antuk dudukaning aji mangkana Sang dipati amrih utameng tumuwuh siti ing wirasaba pinara sakawan adil ipe kalih lan paripeyan satunggal//	amrih utameng tumuwuh siti ing wirasaba pinara sakawan adil	<i>menginginkan berseminya kebaikan di tanah Wirasaba dibagi 4 secara adil</i>	Jaka Kahiman	✓						✓	

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
30.	P.56/ SNKRP/ g.8	//yata kang madeg Dipatya langkung wlas sira kang wresni kembet dosaning sudarma antuk dudukaning aji mangkana Sang dipati amrih utameng tumuwuh siti ing wirasaba pinara sakawan adil hipe kalih lan paripeyan satunggal//	pinara sakawan adil	<i>dibagi 4 secara adil</i>	Jaka Kahiman						✓		
31.	P.57/ SNKRP/ g.5-6	//sakawan sariraninra nyuwun idining Narpati kalilan samya pinacak linggih lan leden payungi sukeng tyas sang dipati samana laju kasebut adipati marapat karsanira ing samangkin ngalih kitha mring ler kilening kajawar//	sukeng tyas sang dipati samana laju kasebut	<i>bahagia hati sang Adipati sepanjang perjalananya tersebut</i>	Sultan Hadiwijaya					✓			

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
32.	P.58/ SNKRP/ g. 9	//winastanan ing banyumas kacarita Sang dipati mukti sari sakaliyan puputra nem jalu hestri kang panenggak wawangi ngabehe Janah puniku puputra gangsal welas ing kang pangarsa kakalih ki ngabehe Martasura tyas maharja//	ki ngabehe Martasura tyas maharaja	<i>Ki Ngabehe Martasura hati yang selamat</i>	Ki Ngabehe Martasura		✓						
33	P.59/ SNKRP/ g.1	//wit rare sudira brata mangun tapa neng gegenting apuputra tiga welas kang sepuh madeg Bupati neng banyumas wawangi ki Martayuda tumengGung putra uga tri welas ing kang asepuh gumanti myang anunggak semi nama Martayuda//	wit rare sudira brata	<i>sejak kecil sangat berani bertapa</i>	Ki Ngabehe Martasurura		✓						

No.	No.data	Pada	Data	Teges	Tokoh	Kapribaden Pemimpin							
						Wicaksana	Sabar	Wasis	Tanggal Jawab	Asih	Adil	Tepa Salira	Amanah
34.	P.61/ SNKRP/ g.5	//punika astha putranya kang asepuh warna pekik gumanti lenggahing rama myang nama anunggak semi trussing budya martasih marma sajumenengngipun jeng Sultan ing ngayugya ing kang kapisan ing nguni pan pinundhut dadya Patih misesa//	trussing budya martasih	<i>memiliki jiwa yang sabar dan pengasih</i>	Pekik		✓			✓			

LAMPIRAN 4 : Naskah Serat Nitik Ratu Pambayun

<http://bit.ly/TLampiran4>

